O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI
XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK
PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

*A.Sarıbaev, G.Seydametova*

# *A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninen*
## *(5140600 tariyx qa`nigeligi 1-kurs talabaları ushın)*

***o q ı w q o l l a n b a***

***I - bo`lim***



**NO`KIS - 2008**

*Du`ziwshiler: A.Sarıbaev, G.Seydametova*

**Ma`mleketimiz o`z g`a`rezsizligine eriskennen son` o`tmish tariyxımızg`a bolg`an qızıg`ıwshılıq ja`ne de ku`sheydi. A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninde xalıqlarımızdın` jer ju`zlik ma`deniyatı ha`m o`zine ta`n qaytalanbas bay tariyxı haqqında so`z etiledi. Bul pa`n 1-kurslarda I semestrde 108-saat ko`leminde bolıp, sonın` 28-saatı lektsiya, 30-saat seminar, o`z betinshe jumıs ushın 50-saat jobalastırılg`an. A`yyemgi du`nya tariyxı pa`nin o`zlestiriw arqalı talabalar ata-babalarımızdın` bay tariyxıy miyrasların u`yrenedi.**

***JUWAPLI REDAKTOR***

***K.M.Koshanov* – A`**jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı filologiya ilimlerinin` kandidatı, professor

***PIKIR BILDIRIWShILER:***

1. ***M.Mambetullaev* – A`**jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı tariyx kafedrası baslıg`ı, tariyx ilimlerinin` doktorı.

2. ***T.Qudiyarova* – A`**jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı tariyx kafedrası ag`a oqıtıwshısı, tariyx ilimlerinin` kandidatı.

# *K I R I S I W*

***A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ni boyınsha:*** **A`yyemgi du`n`ya tariyxı adamzat tariyxının` ajıralmas bo`legi, sonlıqtanda onın` tiykarg`ı da`wirleri ha`m rawajlanıwının` tariyxıy basqıshlarının` tıg`ız baylanıslılıg`ı ha`m nızamlılıg`ı haqqında tu`sinikke iye bolıw u`lken a`hmiyetke iye. Sonın` menen birge ha`r bir talaba:**

- **pa`nnin` predmeti, ilimiy-metodologiyalıq tiykarları, derekleri ha`m a`hmiyetin, a`yyemgi du`n`ya tariyxı ja`ha`n tariyxının` ajıralmas bo`legi ekenligin;**
- **A`yyemgi du`n`ya tariyxı adamzat tsivilizatsiyasının` qa`dimgi oshaqlarının` biri, Orta Aziyada alg`ashqı ja`miyetlik du`zim ha`m onın` da`wirlerge bo`liniwin;**
- **antropogenez protsesinin` payda bolıwı ha`m onın` a`yyemgi du`n`ya tariyxındag`ı jag`dayın;**
- **Paleolit, Mezolit, Neolit, Eneolit, Ashel, Muste, Neondertal protsesslerin`**
- **tsivilizatsiya tu`sinigin;**
- **A`yyemgi Qıtay, Mesopatamiya, Hindstan, Mısr, Vavilon, Assiriya, Iran, Xett, Urartu, Elam, Siriya, Finikiya, Izrail, Midiya, Kishi Aziya, Sasaniyler ma`mleketi ha`m olardın` ja`miyetlik, siyasiy, ekonomikalıq ha`m ma`deniy turmısın;**
- **Axemeniyler da`wiri a`yyemgi du`n`ya xalıqları tariyxın;**
- **Kushan imperiyası ha`m onın` xalqımız tariyxındag`ı ornın;**
- **Ullı jipek jolı ha`m du`n`ya xalıqlarının` ma`deniy sawda baylanısların;**
- **Shumer ma`deniyatı ha`m onın` du`n`ya tariyxındag`ı a`hmiyeti.**

**Ulıwmalastırıp aytqanda, talaba a`yyemgi du`n`ya tariyxında ju`z bergen waqıyalardı biliw, u`yreniw jolları menen juwmaqlar shıg`arıp, jeke pikirlew arqalı tariyx pa`nin o`zlestiriw ko`nlikpesine iye bolıwı lazım.**

**Ma`mleketimiz tariyxında du`n`ya tsivilizatsiyasının` tariyxı biybaha orında turadı.**

**G`a`rezsizligimiz sharapatı menen Watanımız tariyxın u`yreniw, onı oqıtıwg`a bolg`an talap tu`pkilikli o`zgerdi. A`yyemgi du`n`ya tariyxın u`yreniw ha`m oqıtıwdın` jan`a kontseptsiyası jaratıldı, oqıw da`stu`rleri, oqıwlıqlar, qollanbalar tayarlandı.**

**Talaba sessiya aralıq tapsırmalardan lektsiya, seminar saatlarında o`tilgen temalar, baplar boyınsha qosımsha mag`lıwmatlar alıwg`a tırısadı ha`m jan`a ko`nlikpelerge iye bola aladı. A`yyemgi du`n`ya tariyxınan talabalarg`a oqıw jobası boyınsha I semestrde ja`mi 108-saat ko`leminde bolıp, sonnan 28 saat lektsiya, 30 saat seminar, 50 saat o`z betinshe jumıs o`tiw ushın ajıratılg`an.**

**A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninen berilgen sessiya aralıq tapsırmalar arqalı talabalarımızdın` bilim ha`m ko`nlikpeleri bekkemlenedi.**

**Talabalar ushın tayarlang`an bul tarqatpa material O`zbekstan Respublikası JOABW ta`repinen tastıyıqlang`an (13-avgust 2006 jıl) u`lgi da`stu`ri tiykarında islenip shıg`ıldı.**

## I. A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninin` maqseti, wazıypaları, talabalarg`a qoyılatug`ın talaplar

### *1.1 Pa`ndi oqıtıwdın` maqseti:*

**Rawajlanıwımızdın` ha`zirgi basqıshında respublikamız ushın tariyxshı milliy kadrlardı tayarlawda du`n`ya tariyxı ha`m onın` ajıralmas bo`legi a`yyemgi du`n`ya tariyxının` ornı ayrıqsha. Sebebi a`yyemgi du`n`ya tariyxı adamzat erisken ha`zirgi du`n`ya rawajlanıwının` bekkem tayanıshı bolıp esaplanadı. Solay etip, talabalar a`yyemgi du`n`ya tariyxın u`yreniwde adamzat erisken usı da`slepki rawajlanıw protsesslerin o`zlestiredi.**

### *1.2. Pa`ndi u`yreniwdegi wazıypalar.*

**Alg`ashqı obshinalıq du`zim, onı da`wirlestiriw ha`m ma`mleketlerdin` payda bolıwı ma`selesi. A`yyemgi shıg`ıs ma`mleket birlespelerinin` payda bolıwı ha`m kriziske ushırawı (xettler, Assiriya h.t.b.). Evropanın` da`slepki tsivilizatsiyası grek ja`miyeti polislardın` payda bolıwı, tariyxı. Ellenizm. Rim ma`mleketinin` payda bolıwı. Xristian dini. Qulshılıq ja`miyetinin` krizisi.**

### *1.3. Talabalarg`a qoyılatug`ın talaplar.*

**O`zbekstan Respublikasının` «Bilimlendiriw haqqında» g`ı nızamı ha`m Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`rinde bolajaq tariyxshı talabalar ushın u`lken talaplar qoyılg`an. Ha`r ta`repleme jetilisken ka`mil insan, jan`a talaplarg`a say, ja`ha`n pa`ni, pedagogikası ha`m bilimlendiriwi menen biyma`lel jarısqa tu`se alatug`ın da`rejede bilimli bolıwı talap etiledi.**

**Talabalardan a`yyemgi du`n`ya tariyxın u`yreniwde oqıwlıq kitaplardı, qosımsha a`debiyatlardı oqıwı ha`m lektsiya, seminar sabaqlarınan konspekt, soraw-juwap, referat tu`rinde ken`nen o`zlestiriwi talap etiledi.**

### *1.4. Pa`nnin` basqa pa`nler menen baylanısı.*

**Qa`dimgi du`n`ya tariyxı pa`ninin` puxta ha`m ja`ne de rawajlanıwı barısında onın` basqa pa`nler menen baylanısı za`ru`r. Qa`dimgi du`n`ya tariyxına jaqın bolg`an arxeologiya, etnografiya, antropologiya, lingvistika, poleozoologiya, poleobotanika sıyaqlı pa`nler menen tıg`ız baylanıslı. Bul pa`nler sebepli Qa`dimgi du`n`ya tariyxı pa`ni jan`a materiallar menen bayıtıp barıladı. A`sirese adamzat rawajlanıwının` qa`dimgi da`wiri haqqındag`ı jan`a-jan`a mag`lıwmatlar toplanadı ha`m bunda arxeologiya pa`ninin` a`hmiyeti sheksiz.**

## *I. LEKTSIYA SABAQLARI:*

**A`YYEMGI SHIG`IS ELLERI TARIYXI boyınsha u`yreniledi.**

***Qa`dimgi Mısr tariyxı.* Derekler, ta`biyg`ıy sharayatı, xalqı, ma`mleketlerinin` payda bolıwı.**

**Adamzat rawajlanıwının` jer ju`zilik tariyxıy protsesi alg`ashqı qa`wimlik, qul iyelewshilik, feodallıq, kapitalistlik, ja`miyetlik-ekonomikalıq formatsiyalar izbe-iz almasıwınan ibarat.**

**Alg`ashqı qa`wimlik ja`miyet xojalıqtan a`piwayı formaları, qa`wimlik qatnasıqları o`zgeshe ideologiyası menen sıpatlanadı, onda klass, klasslıq gu`res, ma`mleketlik sho`lkem bolmaydı.**

**Qul iyelewshilik ja`miyetke o`tiw adamzat rawajlanıwında ekinshi iri basqısh boldı. Bul da`wirde ja`miyet klasslar ha`m qatlamlarg`a bo`lindi, klasslıq ha`m sotsiallıq qarama-qarsılıqlar, sonday-aq bir klasstın` ekinshi klass u`stinen u`stinlik quralı retinde ma`mleket payda boladı.**

**Bul formatsiya jer ju`zilik tariyxıy protsesstin` en` za`ru`r basqıshı bolıp esaplanadı. Onın` ishinde adamzat ja`miyeti bunnan bılayda rawajlanıwına u`lken ta`sir jasag`an xojalıq turmıstın` klasslıq ha`m strukturalıq du`zilislerdin`, ma`mleketlik ha`m diniy sho`lkemlerdin`, ma`deniyattın` ha`r qıylı formaları payda bolg`an.**

**Bul qul iyelewshilik formatsiyanı u`yreniw ilimi a`yyemgi du`n`ya tariyxı dep ataladı. Ol eki u`lken bo`limlerden A`yyemgi Shıg`ıs eller tariyxı ha`m antik du`n`ya tariyxı, yag`nıy A`yyemgi Gretsiya ja`ne A`yyemgi Rim tariyxınan ibarat.**

**Mısr tariyxında I-II-III patshalıqlar da`wiri. A`skeriy ju`risleri, rawajlanıwı, shet ellikler basqını ha`m Mısrdın` ma`deniyatı ma`selelerine itibar qılıw.**

***Qa`dimgi Mesopotamiya.* Ta`biyiy jag`dayı. Qa`dimgi qa`wimlerdin` kelip jaylasıwı, rawajlanıwı ha`m da`slepki ma`mleketlerdin` payda bolıwı.**

***Shumer ha`m Akkad ma`mleketleri, Assiriya, Vavilon ma`mleketleri tariyxı*. Mesopotamiya ma`deniyatı. Qa`dimgi da`wir Kishi Aziya. Derekler, xalqı, ta`biyiy sharayatı. Eramızdan burıng`ı II mın` jıllıqlarda qala, ma`mleketler. *Xett ma`mleketinin` ma`deniyatı* ha`m onın` qulawı. *Troya, Lidiya, Frigiya ma`leketleri*. Urartudın` rawajlanıwı ha`m qulawı, sonday-aq basqa da ma`mleketlerge itibar beriledi. *Siriya, Finikiya, Palestina.* Shıg`ıs Orta ten`izi aymag`ı ha`m Arabstan jag`dayı ha`m xalqı. Ol jerdegi ma`mleketler ma`selesi. Finikiya ha`m Siriyanın` rawajlanıwı. Palestina patshalıg`ı, Izrail, Nudiya patshalıg`ı ha`m Davut Sulayman patshalıg`ı da`wiri. Arabstan ha`m ondag`ı qa`wimler, ma`mleketler.**

.

# A`YYEMGI SHIG`IS ELLERI
# A`YYEMGI MISR

*(TA`BIYG`IY ShARAYaTLARI, XALQI, DEREKLIK HA`M ISTORIOGRAFIYaSI)*

***Jobası:***

1. **Ta`biyiy jag`day Neolit, Eneolit ma`kanları.**
2. **Qulshılıqtın` payda bolıwı. Nom tariyxı.**
3. **Ashlin patshalıq da`wiri I-II dinastiya. Faraonlar tariyxı.**
4. **Qulshılıq da`wirinde Mısr ma`mleketinin` qulawı.**

## Biz A`yyemgi Mısr haqqında lektsiya tekstinde to`mendegilerdi teren`irek u`yreniwge itibar qaratamız:

**A`yyemgi Mısrdın` ta`biyiy sharayatları, xalqı, derekleri ha`m istoriografiyası. Mısrda ja`miyet ha`m ma`mlekettin` du`ziliwi. Piramidalardın` qurılısı. Mısrdın` gu`llep rawajlanıwı menen Erte patshalıq da`wiri.**

**Nil da`r`yasının` to`mengi ag`ısında Afrikanın` arqa-shıg`ıs aymag`ında Mısr ma`mleketi jaylasqan. Ha`zir bul jer Mısr Arab Respublikası dep ataladı. Arqada - Jer Orta ten`izi, qublada Nil da`r`ya bosag`asının` on` ta`repi, batısta - Arabstan sahrası.**

**Mısr joqarg`ı ha`m to`mengi aymaqlardan ibarat. A`yyemgi zamanda Mısr haywanat ha`m o`simlikler du`n`yası, balıqlar, krokodiller, gippopatamalarg`a bay, trostnik qamısı, hasıl tastın` ko`plegen tu`rlerine ha`m tawlarg`a iye bolg`an.**

**Mısr suw ha`m sawda jolları kesilispesinde jaylasqan. Mısrdı Nubiya menen baylanıstırg`an Nil da`r`yası en` a`hmiyetli suw jol arteriyası bolg`an. B.e.sh. VI a`sirden baslap A`yyemgi mısrlılar Afrikanın` arqa-shıg`ıs aymag`ında jasag`an ha`m belgili etnikalıq qa`wimdi qurag`an, sebebi alg`ashqı qa`wimlik du`zim da`wirinde payda bolg`an a`yyemgi mısrlılar tili pu`tkil qul iyelewshilik da`wiri, g`a`rezsiz Mısr ma`mleketinin` pu`tkil tariyxı dawamında saqlanıp kelgen.**

**Arxeologiyalıq-arxitekturalıq estelikler (b.e.sh. XXVIII-XII a`sirlerdegi Gizedegi a`yyemgi patshalıq nekropoli, Djoser ha`m Sexemxet faraonlardın` qa`birlik kompleksi) A`yyemgi Mısr tariyxın u`yreniwdin` a`hmiyetli dereklerinin` biri bolıp tabıladı.**

**Orta ha`m Jan`a patshalıqlar A`yyemgi Mısr qalaların qazg`anda da ko`plegen bahalı estelikler tabılg`an. Ma`selen, anglichan arxeologi F.Petri Orta patshalıq da`wiri qalaları qulandıların qazg`an (b.e.sh. XXI-XXIII a`sirler) ha`m ol jerde hu`jjetlik tekstleri menen qosa a`yyemgi mısrlıq papiruslar tapqan.**

**Orta ha`m Jan`a patshalıqlar da`wiri paytaxtı Fivanı, sonday-aq Tutanxamon, Skorpion, Narmer, Xekanaxt faraonlardın` qoyımshılıqların qazg`anda ko`plegen tariyxıy ha`m diniy jazıwlar ha`m su`wretler tabılg`an.**

**Ha`r qıylı da`wirdegi diyxan ha`m aqsu`yeklerdin` turmısın, ekonomikalıq qatnasıqlardı, ma`mleketlik basqarıwdı, Oraylıq apparat ha`m a`skeriy siyasattı sıpatlawshı ko`plegen jazıwlar tabılg`an. Bunnan tısqarı, diplomatiyalıq hu`jjetler ha`m a`debiy shıg`armalar da bar.**

**A`yyemgi Mısr tariyxın u`yreniwde antik avtorlarının` Gerodot Dider, Strabonnın` (b.e.sh. V a`sir) miynetleri u`lken qızıg`ıwshılıq tuwdıradı.**

**Quramında ko`plegen ilimpazlar bolg`an 1798-jılg`ı Napoleonnın` Mısrg`a a`skeriy ekspeditsiyasınan keyin Evropada Mısrdın` a`yyemgi zaman eskertkishlerine qızıg`ıwshılıq ku`sheyedi.**

**1822-jılı frantsuz alımı Jan-Fransua Shampol`onnın` A`yyemgi Mısr jazıwların oqıwı shıg`ıstanıw iliminin` baslaması boldı. To`rt jıl ishinde ol A`yyemgi Mısr ha`m Nubiya tariyxı boyınsha ju`da` u`lken material topladı, juwmag`ında «Mısr ha`m Nubiya estelikleri» atlı tomlı miynet ja`riyaladı.**

**XIX a`sirdin` ortalarında nemets shıg`ıstanıwshıları R.Lepsius, G.Brugsh, frantsuz alımları O.Mariett, G.Maspero izertlewler na`tiyjesinde arxeologiya boyınsha miynetler jazadı, mısr tilinin` so`zligin du`zedi.**

**XIX-XX a`sirler qazıwlar ju`rgizilip, Mısr ma`mleketi payda bolıwı da`wirine tiyisli, ko`plegen materiallar tabıladı. (J.De-Morgan, F.Petri, G.Karter). Tutanxamon faraonı qoyımshılıg`ı tabılıwı a`jayıp jan`alıq bolıp tabıladı.**

**A`yyemgi Mısr tilin u`yreniw shıg`ıstanıwdın` en` a`hmiyetli rawajlanıw bag`darı bolıp esaplanadı. Og`an A.Erman ha`m K.Zete salmaqlı u`les qostı.**

**Ha`r qıylı da`wirler tilin ha`m jazıw tu`rlerin u`yreniw ko`p sanlı A`yyemgi Mısr jazıwların evropalıq tillerge awdarıwg`a ha`m basıp shıg`arıwg`a mu`mkinshilik berdi. Olar u`sh ju`z jıl dawamında A`yyemgi Mısr tariyxı ha`m ma`deniyatın u`yreniw boyınsha a`hmiyetli materiallar bolıp tabıladı.**

**Ko`plegen materiallar bir qatar ulıwma sorawlarg`a ha`m teoriyalıq mashqalalarg`a juwap tabıwg`a ja`rdemlesti. Mısr xalqının` kelip shıg`ıwı ha`m mısr tili qaysı toparg`a tiyisli ekenligi haqqındag`ı ma`sele usı mashqalalardın` biri edi. Aldın`g`ı Aziya, yag`nıy Arabstan ha`m Mesopotamiya tili semit ha`m semitler toparına tiyisli. Rus alımları da shıg`ıstanıwg`a u`les qostı. (A.N.Olenin, A.S.Norov, V.S.Golenishev, V.A.Turaev). V.A. Turaev Mısr ha`m Aldın`g`ı Aziya, sonday-aq qon`sı ellerdin` a`yyemgi tariyxın izertlegen. A`yyemgi mısrlılardın` ko`p sanlı ko`rkem, diniy ha`m ilimiy a`debiyatların o`z betinshe izertlewlerge**

**su`yenip do`retken, o`zinin` «Mısr a`debiyatı» (1920-j) degen u`lken miyneti de tiykarg`ı a`debiy janrlarg`a bay tu`rde islep shıg`ılg`an. Golenishev ha`m Turaev idealistlik ko`z-qarasta bolg`an. Olar sotsial-ekonomikalıq qatnasıqlar boyınsha ma`seleler menen shug`ıllanbag`an.**

**Akademik V.V.Struve A`yyemgi Mısrdın` sotsial-ekonomikalıq du`zilisin puxta izertlegen ha`m basqa ilimpazlar menen birge, A`yyemgi Mısr ja`miyeti qul iyelewshilik ja`miyeti bolg`an degen pikirge keledi.**

**Rus shıg`ıstanıwshıları A`yyemgi Mısrdın` siyasiy tariyxına u`lken dıqqat awdarg`an. V.I.Avdiev eki tomlıq «A`yyemgi Mısrdın` a`skeriy tariyxı»n jazg`an. Nubiyag`a ekspeditsiya sho`lkemlestirgen B.B.Piotrovskiydin` miynetlerin aytıwg`a arzıydı.**

**Ulıwmalastırıp aytqanda, rus alımları sotsial-ekonomikalıq qatnasıqlarg`a ha`m klasslıq gu`reske ayrıqsha dıqqat awdarg`an**.

## *ESTE SAQLAW KEREK*

**A`yyemgi zamanda grekler *Mısrdı «Magan, Musur»* dep atag`an. «Mısr» ataması greklerden kelip shıqqan, ol Memfis qalasının` arabsha ataması edi. Grekler Mısrdı «Nil sawg`ası» dep atag`an. Haqıyqatında Nil da`r`yası diyxanshılıq xojalıg`ın ju`rgiziw ha`m bul aymaqtın` xalqı abadan turmısta jasaw ushın tiykar bolg`an.**

### *Talabalardın` bilimin bekkemlew ushın sorawlar ha`m tapsırmalar*

1. **Neolit, Eneolit degende neni tu`sinesiz?**
2. **Faraonlar tariyxı haqqında nelerdi bilesiz?**
3. **Ashlin patshalıq da`wiri I-II dinastiya haqqında teren`irek mag`lıwmatlar u`yrenin`.**

### *Tariyxıy shaxslardı bilip alın`*

***Tutanxamon* – Mısr Jan`a patshalıq da`wirinin` faraonlarının` biri, XIX dinastiya wa`kili.**

***Manefon* – Mısr jretsi b.e.sh. 332 jılı «Mısr tariyxın» jazg`an.**

***Sheshonk* – Liviya jallawshılarının` basshısı, b.e.sh. X a`sirde XXII Liviya dinastiyasına tiykar salg`an.**

## MISRDA JA`MIYET HA`M MA`MLEKETTIN` QA`LIPLESIWI

### *A`yyemgi Mısr*

***Jobası*:**

**1. Mısrda ja`miyet ha`m ma`mlekettin` qa`liplesiwi.**
**2. Mısrdın` birinshi ha`m ulıwma Mısr ma`mleketinin` du`ziliwi.**
**3. Ullı piramidalar qurılısı da`wirinde Mısrdın` gu`lleniwi.**

**Erte patshalıq.**

**Mısr ma`mleketinin` aymag`ı paleolit da`wirinen baslap o`zlestirilgen. Bul jerde Fayum, Kom Ombo h.t.b. paleolit ha`m neolit jasaw orınları anıqlang`an. B.e.sh. VI-I mın` jıllıqlardag`ı Taysiy ma`deniyatına tiyisli diyxanlar menen sharwalardın` neolit da`wirindegi jasaw orınları tabılg`an. Olar urıwlıq qa`wimlerde jasag`an, sol waqıtları a`piwayı jer suwg`arıw usılları payda bolg`an. B.e.sh. IV mın` jıllıqtan baslap diywalları bekkem jasaw orınları payda boladı.**

**Bul da`wirde qoldan suwg`arıw sistemasına tiykarlang`an diyxanshılıq u`lken jetiskenliklerge erisedi. Sawdanın` ko`lemleri ha`m o`siw pa`ti ku`sheyedi. Sotsiallıq du`ziliste tu`pkilikli o`zgerisler ju`z beredi, bay qa`wim ag`zaları ha`m aqsu`yekler ajıralıp shıg`adı. Bunnan tısqarı, b.e.sh. IV a`sirdin` ekinshi yarımında qulshılıq institutı payda boladı ha`m ken` taraladı.**

| | |
|---|---|
| ***U`sh tiykarg`ı qatlamlar*** | ❖ **klasslardın` urıwlıq, qa`wimlik aqsu`yekler a`wladlarınan-ruxaniylar ha`m qurg`ın qa`wim ag`zalarınan ibarat u`stem klass~**<br>❖ **materiallıq iygiliklerdin` tiykarg`ı o`ndiriwshiliklerinen ibarat bolg`an diyxanshılıq qa`wimlerdin` erkin ag`zaları~**<br>❖ **qullardın` qa`liplesip atırg`an klasının` pishini payda boladı.** |

**Solay etip, bunday sotsiallıq qatlamlardın` payda bolıwı ha`m klasslardın` qa`liplesiw protsesi arnawlı uyımnın` payda bolıwına alıp keldi. Bul uyım payda bolıp atırg`an u`stem klasstın` ma`pi ushın jan`a sotsiallıq toparlar ha`m klasslar arasındag`ı ko`p tu`rli qatnasıqlardı retlestiriwi tiyis edi. Eziliwshi klasslardı bag`ındırıw apparatı ha`m irrigatsiyalıq tarawdı du`ziw ha`m isletip turıw h.t.b. jumıslardı sho`lkemlestiriwshisi apparatında ma`mleket usılayınsha payda boladı. Mısr aymag`ında birinshi ma`mleketler kishi oblast`lar nomlar sheginde payda boldı. Eki ma`mleket Joqarg`ı Mısr ha`m To`mengi Mısr du`ziledi. Joqarg`ı Mısr ku`shli ha`m turaqlı birlespege aylanadı, onın` patshası To`mengi Mısrdı o`zine bag`ındırıwg`a urınadı.**

## MISRDIN` BIRIGIWI HA`M ULIWMA MISR MA`MLEKETININ` DU`ZILIWI. ULLI PIRAMIDALAR QURILISI DA`WIRINDE MISRDIN` GU`LLENIWI. ERTE PATShALIQ

***(b.e.sh. shama menen* 3100j. *shama menen* 2800j.*)***

***A`yyemgi Mısr***



**«Giza» piramidasi.**

**To`mengi ha`m Joqarg`ı Mısr patshalıqları birden bir Mısr ma`mleketine birigiwi A`yyemgi Mısr tariyxında umıtılmas revolyutsiyalıq qubılıs boldı. Qa`ha`rli gu`res na`tiyjesinde Joqarg`ı Mısr patshalıg`ı jen`ip shıqtı, al onın` ha`kimi faraon Mina pu`tkil Mısrdın` birinshi patshası boldı. Ol birinshi ulıwma Mısr dinastiyasının` tiykarın saldı. Ma`mlekettin` paytaxtı-Memfis qalası boldı.**

**I dinastiya faraonları eldi biriktiriw ma`selesinde jetiskenliklerge eristi (faraon Djer).**

**II dinastiya faraonlarının` tusında Mısrdı birden bir ku`shli oraylasqan ma`mleketke birotala biriktiriw ma`selesi tabıslı sheshildi.**

**A`yyemgi patshalıq da`wirdegi oraylasqan Mısr ma`mleketi (b.e.sh. shama menen 2800 j-shama menen 2250 j).**

**III-IV dinastiyalar basqarg`an da`wirde faraonlar shıg`ısta Sinay yarım atawı, al qublada Nubiy aymag`ında basıp alıwshılıq atlanısların tabıslı ju`rgizgen, ko`p oljalar menen tutqınlarg`a iye bolg`an. Jen`isli basıp alıwlar na`tiyjesinde Mısr A`yyemgi patshalıq da`wirinde ju`da` iri aymaqqa iye ma`mleketke aylandı. Ol Nil da`r`yası oypatın ha`m quyarlıg`ın o`z ishine qamtıg`an ha`m siyasiy ta`sirin shıg`ısta Sinay yarım atawı ha`m Tu`slik Palestina oblast`larına, qublada Arqa Nubiya oblast`larına taratqan. Joqarı**

**o`nimdarlı diyxanshılıq ha`m ha`r qıylı o`nermentshilik A`yyemgi Mısr ekonomikasının` tiykarın quradı. Usta-o`nermentlerdin` miynetleri haqıyqatında da a`jayıp jemisler alıp kelgen.**

**Faraonlıq Mısrdın` qu`diretin sıpatlawshı ku`ta` u`lken arxitektura rawajlanıwına baylanıslı tastın` ha`r qıylı tu`rlerin qazıp alıw ha`m islep shıg`arıw u`lken a`hmiyetke iye boldı. Qurılıs isinde u`lken tabıslar qolg`a kirgizildi. Ma`selen, IV dinastiyanın` ataqlı piramidaları tas penen qaplandı.**

**A`yyemgi patshalıq da`wirinde Mısrda mıstı toplap sog`ıw ha`m quyıw texnikası qollanılg`an. Ma`selen, Gizede tabılg`an Xetep-Xeres patshayımnın` qoyımshılıg`ında mıstan islengen buyımlar (b.e.sh. XXVII a`sir) tabılg`an.**

***Keramikalıq buyımlar*. Ag`ashtı qayta islew. O`nermentshiliktin` qa`nigelesiwine baylanıslı ishki sawda rawajlanadı. A`yyemgi patshalıq da`wirinde Mısrda tiykarg`ı klasslardın` biri g`a`rezli jumısshılar klası bolg`an. Onın` quramına qullar burıng`ı a`skeriy tutqınlar yamasa qullıq jag`dayına kelgen jergilikli xalıq kirgen.**

**A`yyemgi Mısr ja`miyetinin` ekinshi klasın bay qa`wim ag`zaları qurag`an. Ja`miyettin` en` son`g`ı eziwshiler klasın faraonnın` o`zi ha`m onın` do`geregi, jergilikli aqsu`yekler, nom ha`kimleri qurag`an.**

**Mısr ma`mleketin patsha basqarg`an, ol joqarg`ı ha`kimshilikti o`z qollarında toplag`an. A`yyemgi patshalıq da`wirinde faraon barg`an sayın A`yyemgi Shıg`ıs despotına aylang`an. Bul da`wirde oraylıq ma`kemeler, atap aytqanda, ma`mleketlik g`a`ziynexana, joqarg`ı sud palatası ha`m awıl xojalıg`ı u`stinen qadag`alaw ju`rgiziwshi ma`mleketlik xojalıq basqarması du`ziledi. Pu`tkil a`skeriy apparatı faraonnın` qolında toplang`an.**

**Mısr ma`mleketi basshısı - *tiri quday* dep ja`riyalang`an. Og`an hu`rmet ko`rsetiwdin` qatal da`stu`ri islep shıg`ılg`an. Faraon ha`kimiyatı quday jaratqanlıg`ı ideyasın ha`r qıylı tiykarlar menen da`lillewge urıng`an, patsha qudaydın` danqın shıg`arıw ushın ju`da` u`lken mug`darda qarjılar jumsalg`an. Ju`da` u`lken piramidalardın` qurılısı da is ju`zinde patsha ha`kimiyatının` asa saltanatın ha`m sheksiz qu`diretin u`git-na`siyatlawg`a bag`darlang`an.**

**IV dinastiyadan baslap faraonlar ha`kimiyatı ha`m bir tutas ma`mleket sıpatında Mısr ma`mleketinin` ha`lsirewinin` anıq belgileri bayqaladı.**

| | |
|---|---|
| ***Mısr ma`mleketi ha`lsirewinin` tiykarg`ı sebepleri*** | ❖ **piramidalardın` jo`nsiz qurılıwı aqıbetinde o`ndiriwshi ku`shlerdin` ha`lsirewin`**<br>❖ **nom aristokratiyasının` ku`sheyiwin`**<br>❖ **faraon ha`kimiyatının` ha`lsirewin`**<br>❖ **ruwxaniylerdin` ku`sheyiwi. Mısrdın` is ju`zinde jergilikli dinastiyalar basshılıg`ındag`ı nomlarg`a bo`liniwi.** |

### *ESTE SAQLAW KEREK*

**Gerodottın` mag`lıwmatları boyınsha, Xufu u`lken piramidasın 20 jıl dawamında 100 mın` adam salg`an. Onın` biyikligi 147m, tırnag`ının` ko`lemi 5 ga (54 mın` kv. km.) quraydı. Qurılıstın` ulıwma ko`lemi 265 mln kub.m den aslam. Piramida ha`r qaysısı 2 tonnadan aslam 2,3 mln tas betonlardan quralg`an. Xeops piramidası 30 jıl dawamında salıng`an, onın` qurılısına da 100 mın` adam qatnasqan.**

### *Talabalardın` bilimin bekkemlew ushın sorawlar*

1. **Ullı piramidalar qurılısı haqqında nelerdi bilesiz?**
2. **Piramidalar qaysı faraonlar ta`repinen qurdırıldı?**



**«Sfinks ha`m Xefren piramidasi»**

## MISR ORTA PATShALIQ DA`WIRINDE

***(b.e.sh. shama menen 2050j. 1750j..)***

***Jobası*:**

1. **Orta patshalıq da`wirinde Mısr.**
2. **Mısr jan`a patshalıq da`wirinde.**
3. **Says oyanıw da`wirinde.**

### *Lektsiya tekstinde ayrıqsha dıqqat awdarıw kerek bolg`an tu`sinikler*

**B.e.sh. shama menen 2050jıl-1750jılları orta patshalıq da`wirinde Mısrdın` siyasiy ekonomikalıq jag`dayı. B.e.sh shama menen 1580-1085 jılları jan`a patshalıq da`wirinde A`yyemgi Mısr tsivilizatsiyasının` gu`lleniwi. B.e.sh. V-a`sirde Mısrdın` sırt eller ha`kimiyatın qol astına tu`sip qalıwı. Says oyanıw da`wiri.**

**Mısrdın` siyasiy bo`lshekleniwi shama menen eki ju`z jıl dawam etti (b.e.sh. shama menen XXIII a`sirdin` ortasınan XXI a`sirdin` ortasına shekem). Birden-bir Mısr ma`mleketi ayırım yarım erkin nomlarg`a bo`liniwi oraylasqan patsha xojalıg`ı sistemasının` qulawı ha`m suwg`arıw sistemasının` ıdırawına alıp keldi. A`yyemgi patshalıqtın` orayı - Memfis qalası ha`lsiredi, al qaytadan birlesiw ushın gu`resti basqarıwg`a ol jerde hu`kimlik su`rgen VIII dinastiyanın` jag`dayı kelmedi. Biraq basqa oraylar - gerakleopol` (Joqarg`ı Mısrdın` arqa aymag`ında) ha`m Fivaa (qublada) ku`sheyedi.**

**Eki talasıwshı dinastiya (X ha`m XI) patshaları arasında bir qatar a`skeriy soqlıg`ısıwlar ju`z beredi, onda birlesken, keyin ala Mısrdın` paytaxtına aylang`an Fiva jen`ip shıg`adı. Amenexmet V orta patshalıqtın` tiykarın saladı.**

**Bul da`wirde Mısr ekonomikasında anag`urlım o`zgerisler ju`z beredi. Mıstan quyılg`an qurallar menen bir qatarda qoldan quyılg`an a`sbaplar payda boladı. Irrigatsiyalıq sistema tek g`ana qayta tiklenip qalmastan, rawajlanıwın dawam etedi.**

***Ishki ha`m sırtqı sawda rawajlanadı*. Krit atawı menen sawda turaqlasadı. Da`n ornına altın tiykarg`ı bahalıq o`lshemine aylanadı.**

***Ekonomika ha`m sawdanın` o`siwi barg`an sayın mu`lklik bo`liniwge* sebepshi boladı. Aqsu`yeklerdin` polis ha`m ustaxanalarında qa`wim ag`zalarının` miynetinen paydalanıw burıng`ıday dawam etedi. Olar awır awhalda jasag`an, al qullardın` jag`dayı onnan da to`men bolg`an.**

**Fiva faraonları ha`kimiyatı astında pu`tkil Mısrdı birlestiriw Mısr ma`mleketine bir waqıtları A`yyemgi patshalıq faraonları ju`rgizgen sırtqı siyasattı tiklewge imkaniyatlar bergen. Amenexmet V o`zi a`skeriy tutqınlar ha`m mal aydap qaytıw maqsetinde Liviyag`a basqınshılıq atlanıslar sho`lkemlestiredi. Senususte III tusında Nildin` birinshi ha`m ekinshi bosag`aları arasındag`ı aymaq turaqlı salınadı. Sonday-aq usı faraonnın` tusında Palestinag`a**

**atlanıs ju`rgizilgen. Bul elde Mısr ta`siri ku`sheyedi. Nubiya, Sinay yarım atawı oblast`ları basıp alınadı.**

**Orta patshalıq faraonları provintsiyalar aqsu`yekleri menen tatıw jasawg`a tırısqan. Nomarxlar o`zlerin g`a`rezsiz tutqan. Olardın` ha`r qaysısının` sarayı ha`m ha`remi, a`skerleri bolg`an, o`z aymag`ının` kishigirim patshaları bolg`an.**

**XII dinastiyanın` ha`kimligi aqırında g`ana Amenemxet III tusında (b.e.sh. XIX a`sirdin` ekinshi yarımı) oraylasıw ku`sheyip, nomarxlardın` artıqmashılıqları keskin qısqartıladı. Sol waqıtları barlıq qudaylardın` hu`rmetine arnalg`an ju`da` u`lken xram salınadı. Kelesi XIII dinastiya tusında patshalıqtın` ıdırawı baslanadı, o`z-ara urıslar, qullar menen gedeylerdin` aqsu`yekler ha`m baylarg`a qarsı ko`terilisleri ju`z beredi. «Iluser sheshimi» degen ko`rkem a`debiyat esteligi usı waqıyalar haqqında so`z etedi.**

**Iri xalıq ko`terilisleri, shiyelenisken sotsiallıq qarama-qarsılıqlar faraonlardın` oraylıq ha`kimiyatın ha`lsiretken, oraydan bo`lek shıg`ıw urınıwlarg`a ha`m ayırım nomlardın` siyasiy salmag`ı artıwına alıp keledi. Nomarxlar erkin siyasat ju`rgizedi, ha`lsiregen faraonlar menen onsha esaplaspaydı. B.e.sh. XVIII a`sirde eldin` bo`lekleniwi ha`m Mısrdın` ulıwma ıdırawı baslanadı.**

**Orta patshalıqtın` aqırında, b.e.sh. XVIII a`sirde Mısrg`a sırt el qa`wimleri, Siriya ha`m Palestinalı giksoslar shama menen 1700-j) basıp kiredi, olar ap-an`sat Mısrdı bag`ındıradı (b.e.sh. shama menen 1710-1560 jj).**

**Antik tariyxında altı giksos patshasının` atı qalg`an. Olardın` ishinde Xian (b.e.sh. XVI a`sir) ayrıqsha orın tutadı. Giksos patshalarının` paytaxtı To`mengi Mısrdag`ı Avaris qalası bolg`an. Giksoslardın` u`stemligi shama menen 150 jıl dawam etken ha`m Jan`a patshalıq faraonları ta`repinen qulatılg`an.**

### ***Talabalardın` bilimin bekkemlew ushın sorawlar***

1. **Mısr tariyxın da`wirlerge bo`lip u`yreniw, olardın` bir-birinen o`zgesheligi qanday?**
2. **Giksoslar, nomlar, nomarxlar bulay atalıw sebepleri, ma`mleket tariyxındag`ı ornı?**

## ULLI MISR MA`MLEKETI JAN`A PATShALIQ DA`WIRINDE A`YYEMGI MISR TsIVILIZATsIYaSININ` GU`LLENIWI

(*B.E.Sh. shama menen 1580-1085j*)

Giksos patshaları ra`smiy jaqtan pu`tkil Mısr aymag`ında hu`kimlik etken bolsa da qubla oblastlarda giksos u`stinligi onsha sezilmedi. Qubla nomlar basında Fiva qalası burıng`ı Mısr paytaxtı turdı. Giksos patshaları tusında Fiva nomarxları ju`da` ku`sheyip, Fiva ha`kimi pu`tkil Mısr faraonı atag`ın alg`an ha`m XVII dinastiyag`a tiykar salg`an, ol son`g`ı giksos patshalarının` XVII dinastiyası menen qatar hu`kimdarlıq  etken. B.e.sh. XVIIdinastiyası menen qatar hu`kimdarlıq etken. B.e.sh. XVII a`sirdin` aqırında Fiva ha`kimleri giksoslardı Mısrdan quwıp shıg`ıw ushın sheshiwshi gu`res basladı. Bul gu`resti faraon Komesu basqardı.

Mısrlılardın` giksoslarg`a qarsı azatlıq gu`resin faraon Yaxmos V tusında juwmaqlandı. Ol pu`tkil Mısrdın` ha`kimi bolıp, VIII dinastiyag`a tiykar saladı (b.e.sh. 1580-1345 jj). Bul jan`a  patshalıqtın` bası edi (b.e.sh. 1580-1085 jj). A`skeriy ku`sh bekkemlenip, faraonlar basqınshılıq siyasat ju`rgiziwge belsene kiristi. Ma`selen, Yaxmos V, Amenxotep V, Tutmos V, Tutmos II Palestina ha`m Siriyanı basıp alıp, ullı Mısr ma`mleketin du`zedi. Onın` shegaraları arqadan qublag`a qaray 3200 km sozılg`an.

Tutası menen XVIII, XIX, XX dinastiyalar hu`kimlik etken da`wiri jaqın qon`sıları menen, sonday-aq Aziya, Afrika, Evropanın` alıs elleri menen baylanısları ken` rawajlanıwı menen baylanıslı xojalıqtın` barlıq tarawlarında u`lken o`zgerisler ju`z beriwi menen sıpatlanadı.

Aldın`g`ı Aziya ha`m Nubiyadag`ı basqınshılıq urıslar dawamında qolg`a tu`sirilgen u`lken olja qul iyelewshilik aristokratiyanı, a`sirese Fivanın` joqarı ruwxanıylerin bayıtıp jiberdi. Olar patsha ha`kimiyatına qa`wip tuwdıradı. Sonın` ushın da faraon Amenxotep IV (b.e.sh. 1372-1354 jj) Among`a sıyınıw menen baylanıslı joqarı Fiva ruwxaniylerine qarsı shıqtı, diniy siyasiy reformalardı iske asırdı. Ol Fiv xramları jerlerin tartıp aladı, Among`a sıyıng`anlardı quwdalaydı. Oraylıq Mısrda jan`a paytaxt-Axetaton qalası belgilenedi. (Ha`zirgi Tel`-El`-Amarna).

Jan`a quday ku`n tu`rinde ko`rsetilgen. Nurlarının` ushında adam qolları su`wretlengen. Qollar - *o`mir ieroglifi, ku`shtin` simvolı* bolg`an.

Patshanın` o`zi jan`a qudaydın` joqarg`ı jretsi (qurbanlıq soyıwshı ruxaniy) bolg`an. Reformashı patshanın` ha`reketleri elde suwıq qabıllandı. Biraq, Exnoten jan`a atın qabıllag`an. Amenxotep IV qarsılıqlarg`a qaramastan jigerli tu`rde o`z maqsetlerine umtılg`an. Patsha o`lgennen keyin taxttı ku`yew balası Tutanxamon iyeleydi. Ol eski ta`rtiplerdi qayta tikleydi, yag`nıy Fiva xramlarına baylıqların ha`m artıqmashılıqların qaytaradı, o`zi de Fivag`a qaytadı.

**Mısrda ornalasıp alg`an XIX dinastiya Mısrdın` ha`lsirep qalg`an ku`shin qayta tiklewge tırısadı. Onın` bas wa`killeri Seti V ha`m a`sirese onın` balası Ramzes II xettler menen jigerli urıslar ju`rgizedi. Biraq olar sa`tsiz shıg`ıp, 1280 jılı paraxatshılıq kelisim du`ziledi.**

**XIX ha`m XX dinastiyalardın` son`g`ı patshaları tusında Mısr qorg`anıw urıslarına qatnasadı. Ramzes II o`lgennen keyin batıs sahralardan Nil oypatına liviyalılar basıp kiredi ha`m Memfis qalasın qamalg`a aladı. Arqadan o`z kemelerinde Axey a`skerleri kelip, da`r`ya quyarlıg`ında jag`ag`a shıg`adı. Mısrdın` ku`shi barg`an sayın ha`lsireydi. Qullar ha`m jallanba a`skerlerge su`yengen Irsu basshılıg`ında ko`terilis ju`z beredi. Patsha qaznası barg`an sayın bosap, ruxaniyler bayıydı.**

## B.E.Sh. V A`SIRDE MISR SIRT ELLIKLER HA`KIMIYaTI ASTINDA. SAYS OYaNIW DA`WIRI

**XX dinastiyanın` tamamlanıwı ha`m faraon taxtı XXI dinastiyanın` (b.e.sh. 1085-j) ha`lsiz ha`kimlerine o`tiwi Mısr ma`mleketi ha`m ma`deniyatının` rawajlanıwının` en` a`jayıp da`wiri - Jan`a patshalıq da`wirinin` juwmaqlanıwı ha`m rawajlanıwının` kelesi basqıshı, Son`g`ı Mısr yamasa Son`g`ı patshalıq da`wiri baslanıwın belgileydi. Bul da`wirdi jiyi Liviya-Says da`wiri dep te ataydı. Mısrdın` sırtqı siyasiy ku`shi ha`lsireydi, sol sebepli sırttag`ı jerlerdin` ko`pshiliginen ayırıladı. Sonın` menen birge ken` basqınshılıq siyasattan ajıralıp, ku`shli qon`sıları - liviyalılar, efioplar, assiriy ha`m da`wirdin` aqırında-persiyanlar ta`repinen basıp alınıw ob`ektine aylanadı. Liviyalılar qa`dimnen quyarlıqtın` batısında ha`m Niya oypatının` arqa ta`repinde, sonday-aq batıs oazisinde qonıs basqan. Olar jergilikli mısrlılardı armiya xızmetinen shetletedi ha`m usıg`an baylanıslı artıqmashlıqlar menen jen`illiklerden ayıradı. Usılayınsha ruxaniyler menen ba`sekiles a`skeriy kasta payda boladı. O`zinin` otryadlarına su`yenip, liviyalı jallanbalar a`skerbasısı Sheshenk b.e.sh. X a`sirde ha`kimiyattı o`z qolına aladı ha`m faraonlardın` XXII dinastiyasına tiykar saladı. Liviya a`skerleri menen Fiva ruxaniylerine su`yengen Sheshonk I pu`tkil Mısrdı biriktiredi ha`m Aziyada belsene a`skeriy siyasat ju`rgiziwge urınadı. Ol Palestinag`a tabıslı atlanıs jasaydı. XXII, XXIII ha`m XXIV dinastiyalardın` son`g`ı faraonları tusında eldin` bo`liniwi na`tiyjesinde aqsu`yekler qa`wim ag`zaların ayawsız ezedi. Bo`lsheklengen, ha`lsiregen Mısr ekinshi ma`rte qubladan, Nubiyadan jan`a basqınshılardın` qurbanı boldı. Mısrdın` ha`lsirewi da`wirinde XXI ha`m XXII dinastiyalar tusında Nubiya o`z betinshe erkin ma`mleketke aylanıp, orayı Napat qalası boladı. B.e.sh. VIII a`sirdin` ekinshi yarımında Efiop ko`semi Kashtardın` balası Pianxi pu`tkil Mısrdı basıp alıwg`a urınıp ko`redi. Biraq og`an Says knyazi Tefnaxt kesent jasaydı. En` son`ında Fivanı iyelep aladı, Memfiske**

**jaqınlaydı ha`m hu`jim jasap, bul ku`shli bekinislengen qalanı iyelep aladı. Solay etip, Mısrdı iyelep, Pianxi Tefnaxattı da bag`ınıwg`a ma`jbu`rleydi, o`zin birlesken Mısrdın` faraonı ha`m Mısr faraonlarının` XXV (efiop) dinastiyag`a tiykar salıwshısı dep ja`riyalaydı (b.e.sh. 715-664 jj). Pianxi miyrasxorları Mısrdı o`zlerinin` ha`kimiyatın bekkemleydi. Shabak faraonı pu`tkil eldi basqaradı. Mirasxorlarının` biri bolg`an Taxarka Mısrdı Assiriya a`skerlerinen qorg`awg`a ma`jbu`r boladı, biraq assiriylerdin` Mısrg`a basıp kiriwine ilaj ko`rilmeydı. 671-jılı Assiriya patshası Asarxaddon Mısrdı basıp aladı. Biraq ol Mısr u`stinen o`z ha`kimiyatın bekkemley almaydı. Bunnan pu`tkil Mısr u`stinen ha`kimiyattı iyelep alıw maqsetinde Says nomı ha`kimi paydalanadı. 664 jıldan baslap Saysta Psammetix hu`kimlik etedi. Aristokratiyalıq Liviya qalasınan shıqqan ol Says dinastiyası dep atalg`an. Ol o`z ha`kimiyatı astında pu`tkil Mısrdı birlestiredi, jan`a o`z ha`kimiyatı XXVI dinastiyag`a tiykar saladı (b.e.sh. 664-525 jj). Bul da`wirde Mısr o`z ma`mleketi menen ma`deniyatının` bir qansha gu`lleniwine anıg`ırag`ın aytqanda, son`g`ı gu`lleniwine erisedi. A`sirese Nexo faraonı tusında Mısrdın` sırtqı sawdası anag`urlım rawajlanadı.Biraq bul erkin Mısr ma`mleketinin` en` son`g`ı da`wiri edi. Shıg`ısta a`yyemgi ha`m pu`tkil Shıg`ıs du`n`yasın o`z ha`kimiyatı astında biriktiriwge urıng`an Persiya ma`mleketi o`sip shıg`adı. Ju`da` u`lken Persiya a`skerlerinin` hu`jimin qaytarıwg`a Mısrdın` ku`shi jetpedi. Yaxmos II o`lgennen keyin ko`p keshikpey, b.e.sh. 525 jılı Persiya patshası Kambiz Mısrg`a basıp kiredi. Peluziy qasında Mısr a`skerlerin qıyratıp, Mısr faraonı Psolametix IIIti taxttan qulatadı ha`m burın qu`diretli bolg`an Mısr ma`mleketin iyelep aladı, en` ku`shli ha`m bay satrapiyalardın` birine aylanadı. Biraq, b.e.sh. 404 jılı hu`kimdar Persiya dinastiyası ishindegi ala-awızlıqlardan paydalanıp, Mısr ja`ne ko`teriliske shıg`adı. Ko`terilis tabıslı shıg`ıp, Amertat Mısr faraonı etip ja`riyalanadı. Ol altı jıl hu`kim su`redi. (XXIX dinastiya) Keyin ala Anoris (XXIX dinastiya), Nektanibu (XXX dinastiya) tusında o`zgermeli sıpattag`ı urıslar ju`rgiziledi. B.e.sh. 332 jılı Mısrg`a Iskender Zulqarnayn basshılıg`ında Grek-Makedon a`skerleri basıp kiredi ha`m Mısr jer ju`zilik imperiyanın` bir bo`legine aylanadı. Iskender o`lip, ma`mleketi qulag`annan keyin Mısr ha`kimiyatın onın` a`skerbası Ptolomey basıp aladı. Mısr o`z tariyxının` jan`a da`wirine - ellinizm da`wirine kiredi.**

## *Qosımsha sorawlar*

1. ***Liviya-Says da`wiri* - bulay atalıwının` sebebi nede?**
2. **Ellinizm da`wirinde qanday o`zgeshelikler ju`z berdi?**
3. **Dinastiyalardın` bo`liniw sebepleri, tiykarg`ı o`zgeshelikleri?**

# A`YYEMGI MISR MA`DENIYaTI

*Jobası:*

1. A`yyemgi Mısr jazıwı.
2. Mısrda ilimiy bilimler.
3. Din, ta`biyatqa sıyınıw.

## *Tema boyınsha u`yreniletug`ın tiykarg`ı tu`sinikler*

**A`yyemgi Mısrdın` ma`deniyatı, jazıwları, mektepleri, a`debiyatı ha`m ko`rkem o`neri, ilimiy bilimler, tariyxıy geografiyalıq bilimler. Ta`biyattag`ı ha`r qıylı ha`diyselerge sıyınıw haqqındag`ı ma`seleler.**

**B.e.sh. V a`sirden baslap A`yyemgi Mısr xalıqları du`n`ya ma`deniyatı g`a`ziynesine aylang`an, a`jayıp ha`m bay ma`deniy bahalıqlar do`retken. Ayırım ta`repleri boyınsha Mısr ma`deniyatı *«Dvurech`e» (eki da`r`ya ortası)* ma`deniyatınan joqarı turadı. A`sirese bul a`debiyatlar menen bir qatarda, Mısrda puxaralıq ko`rkem a`debiyatı da du`ziledi.**

**O`zgeshe jazıw sisteması a`yyemgi mısrlılardın` en` ullı jetiskenliklerinin` biri boldı. Olar a`piwayı nag`ıslar ha`m aqsu`yeklerden payda bolg`an, olardın` ja`rdemi menen xatker anaw yamasa mınaw so`zdi yaki tutası menen ga`pti su`wretlewge tırısqan. Ayırım zatlardın` ma`nisin beriw ushın ayırım anıq belgiler bolg`an.**

**A`yyemgi patshalıq da`wirde g`ana alfavit belgileri payda bolg`an, olar buwınlardı, ayırım waqıtları dawıssız ha`m yarım dawıssız seslerdi an`latqan.**

**Mısr a`debiyatına b.e.sh. IV mın` jıllıqta tiykar salıng`an, sol da`wirde a`yyemgi shıg`armalar do`retilgen. Mısr a`debiyatında ha`r qıylı janrlar da`stu`riy motiv ha`m syujetler bolg`an.**

**Ertekler xalıq awızeki do`retiwshiliginin` teren` derekleri bolıp tabıladı, olar a`piwayı diyxanlardın` turmısın ha`m ko`z-qarasların sa`wlelendirgen.**

**Mifler erteklerge ju`da` jaqın, olar a`yyemgi mısrlılardın` sol waqıtta u`stemlik etken diniy ideologiya ko`z-qarasınan ta`biyat ha`m adamzat turmısının` anaw yamasa mınaw qubılısların tu`sindiriwge talpıng`anı haqqında dalil bola aladı.**

**Mısrdın` qon`sı eller menen ekonomikalıq ha`m ma`deniy baylanıslar ornatıwı ko`rkem a`debiyattın` jan`a janrında-salxatlar ha`diyselerinde o`z sa`wlesin tapqan, ma`selen, «Keme apatına ushırag`anlar haqqında ertek» h.t.b.**

**A`yyemgi mısrlılar a`debiyatı din menen baylanıslı bolg`anın atap o`tiw kerek, sebebi din Mısrda ideologiyalıq u`stem forması bolg`an.**

**Didaktikalıq (aqıl-na`siyat) a`debiyat shıg`armaları Orta ha`m Jan`a patshalıq da`wirlerine tiyisli.**

**Bir qatar ko`rkem a`debiyat shıg`armalarında du`n`yag`a isenimsizlik, usı du`n`yanın` barlıq go`zzallıqlarınan paydalanıwg`a shaqırıqlar isleri esitiledi (mıs, «Pushayman jegennin` o`zinin` kewili menen sırlasıwı» h.t.b.)**

**A`yyemgi Mısrdın` ko`rkemlew iskusstvosı u`sh tiykarg`ı formalardan` *rel`ef, jivopis` ha`m freskadan* ibarat bolg`an.**

**A`yyemgi patshalıq da`wirinde skul`ptura (mu`sinshilik) anag`urlım ko`rkem shın`larg`a jetedi.**

**Xudojnikler (su`wretshiler) patsha ha`m ha`meldarlar statuyaların do`retken. Patshalar a`dettegishe otırg`an halda su`wretke alıng`an. Bul statuyalar portret dep atalg`an. Ma`selen, otırg`an Xafra faraonı statuyası yamasa tu`rgelip turg`an ruxaniy - Ranofr statuyası h.t.b.**

**Bul da`wirde rel`efli su`wretlew mazarlarda ken` qollang`an, marhumnın` xojalıg`ındag`ı, diyxanshılıq jumıslarındag`ı ko`rinisler - bul su`wretlerdin` tiykarg`ı syujetleri bolg`an. Rel`efli su`wretler jiyi ren`li boyawlar menen boyalg`an.**

**Orta patshalıq da`wirinde skul`ptura ha`m rel`ef ju`da` joqarı da`rejege ko`terildi. Tu`rli ren`ge boyaw menen bir qatarda haqıyqıy diywal jivopisi payda bolg`an. Peyzaj, portret, turmıs ha`m a`skeriy ko`rinislerdin` joqarı ko`rkem u`lgileri do`retildi.**

**Amenemxet V ha`m Ramzes II, Tutmos hayalının` skul`pturaları Orta ha`m Jan`a patshalıq da`wirlerdin` en` iri skul`pturalıq shıg`armaları bolg`an.**

**Mısrda arxitektura ju`da` joqarı da`rejege jetti. A`yyemgi Fivadag`ı (Ha`zirgi Karnaka ha`m Lukser) na`ha`n qulandılar - Mısr xramlarının` saltanatlı ha`m go`zzallıg`ının` ayqın ko`rinisleri bolıp tabıladı. Esiklerdin` qaslarında ha`r qıylı stil`degi kalonnadalar qollanılg`an, ken` basqıshlar ha`m maydanshalar sfinksler qatarları menen bezelgen.**

**Haywanatlarg`a, ata-babalarg`a ha`m tasqa sıyınıw ken` taralg`an. Xramlar arxitekturasında su`yir estelikler (obelisk)din` ken` qollanıwı *tasqa sıyınıw* menen baylanıslı. Patsha mazarları tu`rindegi piramidalar eski zamandag`ı ka`ramatlı taw ha`m jarlarg`a sıyınıwdı yadqa tu`siredi. «Ka`ramatlı jer» quday-ta`biyat anası, jer qudayı Geba haqqında tu`sinikler bolg`an.**

**Mısrda ata-babalarg`a sıyınıw, ol du`n`yag`a sıyınıw menen baylanıslı dep esaplag`an. Mısrlılar adamnın` o`limi bul o`mirdin` aqırı emes, bul onın` ol du`n`yag`a o`tiwi degen isenimler menen jasag`an. Marhumg`a ma`n`gi o`mir saqlap qalıwg`a umtılıwlar, denelerdi jerlew usıllarında sa`wlelengen (mumiyalaw).**

**Mısrlılardın` ko`zine ku`n-aspan otının` qudiretli ko`rinisi sıpatında ko`ringen, ol jansız sahrada hu`kim su`rip, *o`mirdin` adam ushın za`ru`rli ıssılıq ha`m jaqtılıqtın` baslaması* dep isengen.**

A`yyemgi Mısrda din patsha ha`m ma`mleketlik ha`kimiyattın` abıroyın ko`teriwge xızmet etken. *Patsha* - bul quday, ha`kimiyat og`an tikkeley qudaylar ta`repinen berilgen ha`m og`an jerdegi quday sıpatında boysınıw kerek. Jan`a patshalıq faraonları tusında patshag`a sıyınıw ja`ne de rawajlandı.

*Ilimiy-bilimler* - Mısrda matematika jaqsı rawajlandı. Geometriyada piramidalar ko`lemi ha`m shen`berdin` diametrge qatnası esaplang`an. Mısr astronomiyası da u`lken tabıslarg`a eristi. Olar Nildin` tasıwı haqqında xabarlaytug`ın aspanda Siriustın` payda bolıw waqtın baqlag`an. Mısr kalendarı - ku`n kalendarı bolg`an. Ay u`sh on ku`nlikke bo`linip, 30 ku`nnen, al jıl 12 aydan ibarat bolg`an. Artıq bes ku`n bayram ku`nleri bolg`an, olar hesh bir ayg`a kirgizilmegen.

*Meditsina.* Qan aylanısı nızamı haqqında tu`sinikler bolg`an. B.e.sh. VI a`sirde Persiya patshalarının` saraylarındag`ı shıpakerler en` sheber xirurglar bolg`an.

Mısrda geografiya ilimine de qızıg`ıwshılıq bolg`an. Jerdi olar to`rtmu`yeshlik dep esaplang`an (ma`selen, Arabiya sahrasındag`ı altın ka`nlerdin` tolıq kartası).

*Ko`rkem o`ner.* Muzıka ha`m ayaq oyını jaqsı rawajlanadı. Duxovat a`sbaplar bolg`an. Ayaq oyınshılar quramalı pantomimolar ko`rsetken, faraondag`ı ha`m jen`ilgen dushpandı su`wretlegen. Xramlarda diniy dramalar qoyılg`an.

Tutası menen alg`anda, Mısrdın` ma`deniy jetiskenlikleri pu`tkil du`n`yag`a ta`sir jasag`an ha`m ha`zirge shekem jetip kelgen. Mısrlılardın` ko`plegen ko`rkem syujetleri basqa xalıqlarg`a o`tken. Evropa ko`rkem o`nerinde sfinks obrazı klassikalıq obrazg`a aylang`an. Haqıyqıy Mısr obeliskleri Rim ha`m Parijdın` danqın shıg`arıp tur. Mısrdan alıp kelingen, qızıl granitten islengen sfinksler Sankt-Peterburgta Neva boyların bezep tur.

## *ESTE TUTIN`*

- A`yyemgi zamanda Nunu qalası ku`nge sıyınıwdın` orayı bolg`an, onı grekler Gliopol` «Ku`n qalası» dep atag`an. Ku`n qudayı - Rag`a sıyınıw Mısrda baslı orın tutqan.
- *Haywanatqa sıyınıw* - totemizmnin` bir tu`ri Mısrda en` a`yyemgi da`wirde bolg`an (arıslang`a, o`gizge sıyınıw).

## *Tariyxıy shaxslardı bilip alın`*

*Iskender Zulqarnayn* - b.e.sh. 356-323 jj. O`zinin` a`skeriy atlanısları menen du`n`yag`a belgili.
*Amasis (Yaxmos II)* - b.e.sh. 569 jılı hu`kimet basına keldi.
*Ptolomey* – Ellinizm da`wirinin` grek filosofı
*Amenemxet I* - Mısr Orta patshalıq da`wirine (b.e.sh. 2000-1775 jj.) tiykar salg`an.
*Ramzes II* - (1301-1325) XIX faraonlar dinastiyası wa`kili, bir qansha tabıslı a`skeriy ju`risler ju`rgizgen.
*Tutmos III* - Jan`a patshalıq (b.e.sh. 1580-1085) da`wirinin` faraonı, sırtqı siyasatqa o`zgerisler kiritken.

## A`YYEMGI MESOPOTAMIYa

*(GEOGRAFIYaLIQ ORTALIQ DEREKLER HA`M ISTORIOGRAFIYa)*

***Jobası:***

1. **A`yyemgi Mesopotamiya (eki da`r`ya aralıg`ı).**
2. **Mesopotamiyanın` a`yyemgi tariyxı boyınsha derekler.**
3. **A`yyemgi Mesopotamiya istoriografiyası.**
4. **En` a`yyemgi Mesopotamiyada klasslıq ja`miyettin` qa`liplesiwi.**
5. **Mesopotamiyada oraylıq ma`mlekettin` du`ziliwi.**

### *Mesopotamiyanı to`mendegi izbe-izlikte u`yreniw*

**A`yyemgi Mesopotamiyanın` geografiyalıq ortalıg`ı, onın` tariyxı boyınsha derekleri, istoriografiyası. Mesopotamiyada klasslıq ja`miyettin` qa`liplesiwi. A`yyemgi Shumerdin` qala ma`mleketleri ha`m Mesopotamiyada oraylıq ma`mlekettin` du`ziliwi. Akkad ma`mleketi ha`m Urdın` III dinastiyası. Mesopotamiyada, b.e.sh. 2 mın` jıllıqta Vavilon u`stemligi.**

**Arqadag`ı Armeniya tawlarınan qubladag`ı Persiya qoltıg`ına shekem, Shıg`ıstag`ı Irannın` tawlı oblast`larınan batıstag`ı Siriya-Mesopotamiya dalalarına shekem ken` aymaq jaylasqan. Ol a`yyemgi grek geografları ta`repinen *Mesopotamiya* dep atalg`an. Qaraqalpaq tiline awdarg`anda *«Eki da`r`ya aralıg`ı - Efrat ha`m Tigr da`r`yaları aralıg`ı»* degen ma`nisti an`latadı.**

**Uzınlıg`ı 2700 km bolg`an Efrat (Shumerlerde-Buranun, akkadlarda-Puratut) ha`m uzınlıg`ı 1900 km bolg`an Tigr (shumerlerde-Idigna, akkadlarda-Idiklat) Armyan u`stirtinen baslanıp, Persiya qoltıg`ına quyadı. Mesopotamiya turg`ınları sheber irrigatorlar bolg`an. Arqada ıqlımı kontinentallı, qublada hawa rayı ıssı ha`m qurg`aq bolg`an. Florası jarlı, faunası bay bolg`an.**

**Mesopotamiya Jaqın Shıg`ıstın` orayında jaylasqan, sonın` ushın ol Aldın`g`ı Aziya sawdasında jetekshi rol` oynag`an.**

**Birinshi turg`ınlar paleolit da`wirinde payda bolg`an. Neolit da`wirinde qonıslasıw protsesi tezletilgen pa`t penen ju`rgizilgen, da`r`ya oypatına tawlı ha`m taw eteginde jasawshı turaqlı turmısqa o`tip, olar diyxanshılıq, mal-sharwashılıg`ı, o`nermentlik penen shug`ıllana baslag`an. Birinshi turg`ınlar b.e.sh. VII-VI mın` jıllıqlar dawamında Tigr ha`m Efrat oypatlıg`ın ken`nen o`zlestirgen.**

***Xassun ha`m xalaf ma`deniyatı*. IV mın` jıllıqtın` basında ha`m V mın` jıllıqta birinshi turg`ınlar payda boladı. (El`-Ubeyd, shumerlerden burıng`ı xalıqlar). B.e.sh. IV mın` jıllıqta birinshi shumerler turar jerleri, olardın` tili payda boladı.**

**B.e.sh. III mın` jıllıqtan baslap Mesopotamiyanın` arqa ta`repinde semitler jasaydı. Olar a`yyemgi Aldın`g`ı Aziya, Siriya dalaları ha`m Arabiyanın` sharwa qa`wimleri edi. Tigr ha`m**

**Efrat oypatlıg`ında jaylasqan semit qa`wimlerinin` tilin akkadlar tili dep atag`an. Tu`slik Mesopotamiyada semitler Vavilon dialektinde, ol arqada Tigr oypatının` orta ta`repinde - assiriy dialektinde so`ylegen.**

**A`yyemgi zamanlardan baslap Mesopotamiyanın` arqa ta`repinde hurritler qa`wimleri jasag`an. Olar o`zinin` Mitaniy ma`mleketin du`zgen. Olar tili ha`m kelip shıg`ıwı boyınsha Armyan u`stirtinde jasawshı Urartu qa`wimlerinin` jaqın tuwısqanları bolg`an.**

**B.e.sh. III mın` jıllıqtan baslap Arqa-Shıg`ıs Mesopotamiyada yarım ko`shpeli kutiy (yaki tutiy) qa`wimleri jasag`an. Olardın` tili xurritler tiline ju`da` jaqın bolg`an. B.e.sh. XXIII a`sirdin` aqırına kutitler Mesopotamiyag`a basıp kiredi ha`m ju`z jıl dawamında ol jerde hu`kim su`redi.**

**A`yyemgi zamannan baslap kassitler Irannın` arqa-batısında, elamitlerden arqaraqta jasag`an. B.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında kassit qa`wimlerinin` bir bo`legi Dialı da`r`yası oypatında jaylasıp aladı, ha`r jaqtan Mesopotamiya ma`mleketlerinin` birin-Vavilon ma`mleketin basıp aladı ha`m ol jerde kassitler dinastiyasın ornatadı.**

**B.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında aramey qa`wimlerinin` u`lken toparı Arqa Mesopotamiyag`a qaray bag`dar aladı. B.e.sh. V mın` jıllıqtın` basına kelip, olar Siriya ha`m Arqa Mesopotamiyanın` xurritler ha`m aramey xalıqları arasına tolıg`ı menen sin`ip ketti. Aramey xalqının` tilinin` ko`p sanlıg`ı ha`m jen`il u`yreniliwi aramey tilinin` usı aymaqta ju`da` ken` taralıwına alıp keldi. Persiya Vavilondı basıp alg`annan keyin b.e.sh. VI a`sirde aramey tili - bul eldin` ma`mleketlik kantselyariyasının` ra`smiy tiline aylanadı.**

**B.e.sh. VII mın` jıllıqtan IV mın` jıllıqqa shekem Mesopotamiya aymag`ında alg`ashqı-qa`wimlik du`zimnin` ıdırawı ha`m klasslıq ja`miyettin` payda bolıw protsesi ju`z beredi.**

**B.e.sh. III mın` jıllıqta eldin` qubla ta`repinde, Shumer tariyxıy oblastında da`slepki kishi ma`mleketler payda boladı. B.e.sh. III mın` jıllıqtın` birinshi yarımı erte dinastiyalıq da`wir dep ataladı. B.e.sh. XXIV-XXII a`sirleri siyasiy oray Mesopotamiyanın` oraylıq aymag`ına awadı. Bul jerde Akkad ma`mleketi payda boladı, ol o`z ha`kimiyatı astına Shumer ha`m Mesopotamiyanın` arqa oblast`ların biriktiredi. Mesopotamiyadag`ı gegemoniya Akkad patshalıg`ınan Shumer-Akkad patshalıg`ına o`tedi. Onın` orayı qubladag`ı Ure qalası boladı. Onın` tariyxı b.e.sh. III mın` jıllıqta tamamlanadı.**

**B.e.sh. II mın` jıllıqta Vavilon patshalıg`ı bolg`an.**

| | |
|---|---|
| ***Vavilon patshalıg`ı tariyxının` da`wirlerge bo`liniwi*** | ➢ **eski Vavilon da`wiri (b.e.sh. XIX-XVI a`sirler);**<br>➢ **Orta Vavilon yamasa kassitler da`wiri (b.e.sh. XVI-XII a`sirler);**<br>➢ **Vavilonnın` siyasiy ha`lsirewi ha`m g`a`rezsizlik ushın gu`resiw da`wiri (b.e.sh. VII-VI a`sirler), ol eldi Persiya basıp alıwı menen juwmaqlanadı.** |

**B.e.sh. XVI-XIII a`sirleri Arqa Mesopotamiyanın` batıs ta`repinde Mitaniy ma`mleketi u`lken rol` oynaydı.**

**Onın` shıg`ıs ta`repinde b.e.sh. III mın` jıllıqta Assiriya ma`mleketi payda boladı. Paytaxtı-Ashshur qalası. Assiriya ma`mleketinin` tariyxı u`sh da`wirge bo`linedi:**

| | |
|---|---|
| ***Assiriya ma`mleketinin` tariyxı da`wirlerge bo`liniwi*** | ➢ **eski Assiriya da`wiri (b.e.sh. XX-XVI a`sirler);**<br>➢ **orta Assiriya da`wiri (b.e.sh. XV-XI a`sirler);**<br>➢ **jan`a Assiriya da`wiri (b.e.sh. X-VII a`sirler). Bul son`g`ı da`wirde Assiriya ju`da` u`lken, Jaqın Shıg`ıstın` derlik barlıg`ın ishine qamtıg`an ullı ma`mleketke aylanadı, b.e.sh. VII a`sirde bul ma`mleket qulaydı.** |

### *Qosımsha sorawlar*

**1. A`yyemgi Mesopotamiya «eki da`r`ya aralıg`ı» dep atalıwının` sebebi nede?**

**2. Xassun ha`m xalaf ma`deniyatının` rawajlanıw o`zgeshelikleri?**

## MESOPOTAMIYaNIN` A`YYEMGI TARIYXI BOYINShA DEREKLER

**Materiallıq ma`deniyat estelikleri, jazba hu`jjetler, fol`klor shıg`armaları, antik avtorlarının` miynetleri A`yyemgi Mesopotamiya tariyxı boyınsha tiykarg`ı derekler bolıp tabıladı.**

**En` a`yyemgi turar jerlerdi qazg`anda tabılg`an zatlar, Mesopotamiyanın` erte tariyxı haqqında u`lken bay mag`lıwmatqa iye. Ol waqıtları jazba derekler bolmag`an.**

**Keyingi da`wirdegi jazba derekler bir neshe tu`rlerge: xojalıq, yuridikalıq, diplomatiyalıq hu`jjetler ha`m tariyxıy sıpattag`ı tastag`ı jazıwlarg`a bo`linedi.**

**Mesopotamiya qalaların qazg`anda tabılg`an xojalıq hu`jjetleri eldin` ekonomikası ha`m sotsiallıq qatnasıqları haqqında bay material bolıp tabıladı. (Uruk ha`m Djelet-Nasrdan 1000 tas taqtayshaları, gasurdan Shan (in)a menen 200 hu`jjetler, Ku`ltepeden 10000 kesteler, Arapxanadan 4000 tas taqtayshalar, Nippur, Vavilon, Barsippa, Sippara ha`m Uradan Shan (in)a menen 10000 hu`jjetler). Olar A`yyemgi Mesopotamiyanın` ha`r qıylı da`wirlerine tiyisli.**

**Yuridikalıq estelikler, atap aytqanda, nızamlar jıynag`ı Mesopotamiya tariyxı boyınsha a`hmiyetli derekler bolıp tabıladı. Olar da Mesopotamiya tariyxının` ha`r qıylı da`wirlerine tiyisli. Ma`selen, en` a`yyemgi Ura-Nammu nızamları b.e.sh. III mın` jıllıqtın` aqırına tiyisli.**

**Enshunda tabılg`an nızamlar (59-stat`ya) b.e.sh. XX a`sirge tiyisli. Parsı ha`m Isinde tabılg`an nızamlar (40-stat`ya) b.e.sh. II mın` jıllıqtın` basına tiyisli. Kirisiwden, 282 stat`yadan ibarat tiykarg`ı bo`limnen ha`m juwmaqtan turatug`ın Vavilon patshası Xammurapidin` (b.e.sh. XVIII a`sir) nızamları en` u`lken nızamlar jıynag`ı bolıp tabıladı. Nızamlar jıynag`ı izertlewshiler ushın bay materialdı quraydı. Olardın` tiykarında Mesopotamiya ma`mleketleri ekonomikasın, menshik qatnasıqların qayta tiklewge boladı, olardan tariyxtın` ha`r qıylı da`wirlerindegi ja`miyettin` sotsiallıq du`zilisin ha`m onın` ishindegi qatnasıqlarının` siyasiy du`zilisinin` ulıwma belgilerin ko`riwge boladı.**

**Olar a`lbette, u`stem klass ma`plerin qorg`awg`a bag`darlang`an.**

**Eki tsilindr formasındag`ı tastan islengen diplomatiyalıq hu`jjetler b.e.sh. III mın` jıllıqqa tiyisli.**

**Akkad patshaları Naram-Suen ha`m Elam arasında du`zilgen kelisim b.e.sh. XXIII jılg`a tiyisli.**

**Mari Zimirilla patsha sarayı qazılg`anda tabılg`an diplomatiyalıq arxiv b.e.sh. II mın` jıllıqtın` basına tiyisli.**

**A`yyemgi Mısr aymag`ında tabılg`an diplomatiyalıq El`-Amarn arxivi b.e.sh. II jıllıqtag`ı Mesopotamiya ma`mleketleri tariyxı ha`m usı da`wirdegi xalıq aralıq qatnasıqları ushın ju`da` u`lken a`hmiyetke iye. Onın` ishinde Assiriya ha`m Vavilon patshalarının` Mısr faraonları Amenxotep III ha`m Exnatong`a jazg`an xatları bar.**

**Assiriya patshaları o`zlerine g`a`rezli ma`mleketler menen du`zgen sha`rtnamaları b.e.sh. V mın` jıllıqtag`ı xalıq aralıq kelisimler ishinde ılayıqlı orın tutadı.**

**Shumer, Akkad, Vavilon, Assiriya ha`m Mesopotamiyanın` basqa ma`mleketleri patshalarının` tariyxıy jazıwları a`hmiyetli derekler bolıp tabıladı.**

**Xramlar salıng`anda, qudaylar statuyaları tayarlang`anda, quday ha`m patshalarg`a arnalg`an gimnler jazılg`anda qollanılg`an patshalardın` sıyınıw jazıwları da u`lken a`hmiyetke iye.**

**Assiriya patshalarının` saray arxivlerinde patshalar xat alısıwları boyınsha saqlanıp qalg`an ko`plegen bahalı materiallar bar (Nineviya sarayında b.e.sh. VIII-VII a`sirlerge tiyisli 5 mın`nan aslam xatlar tabılg`an).**

**Shumer, Vavilon, Assiriya da`wirlerine tiyisli patsha dizimleri tabılg`an. (Ura dinastiyası tusında b.e.sh. XXII a`sirde du`zilgen «Shumer patshalıq dizimi») Joqarg`ı ha`meldarlardın` Assiriya dizimi - «mimu» b.e.sh. 911-648 jj.) ha`m patsha dizimleri (b.e.sh. II mın` jıllıqtın` basınan VII a`sirdin` aqırına shekem) Assiriya tariyxı jılnamasın (VII a`sirdin` aqırına shekem) anıqlaw ushın ju`da` bahalı hu`jjetler bolıp tabıladı. Olarda Ku`n tutılıwının` anıq mu`ddeti ushırasadı - b.e.sh. 763-jıl 15-iyun`. Sonın` ushın bul jılnamanın` bekkem tiykarı**

**bar dep esaplawg`a boladı. B.e.sh. XVI a`sirden IX a`sirge shekemgi Assiriya-Vavilon o`z-ara qatnasıqların bayanlawshı *«Sinxron tariyxı», «Persiya patshası Kirdin` Jan`a Vavilon patshalıg`ın basıp alıwı haqqında so`z etetug`ın «Vavilon xronikası»* saqlanıp qalg`an.**

**Patsha jazıwları menen bir qatarda, usı tariyxıy shıg`armalar A`yyemgi Mesopotamiya tariyxın qayta tiklewde ju`da` bekkem tiykar bolıp tabıladı.**

**Bul dereklerden basqa awızeki xalıq do`retpeleri, yag`nıy epikalıq poemalar bar, ma`selen, «Gil`gamesh ha`m Aga» shumer poeması. Og`an Keshtin` gegemoniyasınan Uruktı azat etiw ushın gu`res ha`m en` a`yyemgi Uruktın` siyasiy du`zimi haqqında bolg`an waqıyalar kirgen.**

**Mesopotamiya tariyxı boyınsha en` a`hmiyetli sırt eller dereklerinin` qatarına Bibliyanı atap o`tiw kerek.**

**Antik avtorları Mesopotamiya ta`biyatı ko`rinislerin ıqlımnın` o`zgesheliklerin, xalıq da`stu`rlerin, diniy inanımlardı, ma`deniyat jetiskenliklerin ko`rsetken, tariyx haqqında eske tu`siriwler qaldırg`an.**

**Grek tariyxshısı Gerodottın` (b.e.sh. V a`sir) miynetlerinde A`yyemgi Mesopotamiya haqqında ju`da` bahalı mag`lıwmatlar berilgen. Gerodot usı el boylap sayaxat jasag`an, o`zinin` miynetinde an`ızlardan puxta paydalang`an, ruxaniyler ha`m dilmashlardın` gu`rrin`lerin keltirgen.**

**Ja`ne bir avtor Ktesiy Kindskiy 22 kitaptan ibarat «Persiya tariyxın» jazg`an, onda Mesopotamiya tariyxına anag`urlım orın ajıratılg`an.**

**Grek avtorı Ksenofont (b.e.sh. V-VI a`sirleri) Mesopotamiyada saparda bolg`an, «Kirapefiya» ha`m «Anabasis» shıg`armaların jazg`an, olarda Tigr ha`m Efrat oypatın, xalıqlardı ha`m da`stu`rlerdi su`wretlegen.**

**Strabonnın` «Geografiyası» Mesopotamiya haqqında ju`da` bay mag`lıwmatlar deregi bolıp tabıladı.**

**Bul avtorlardan basqa, Iosif Flaviy ha`m Pompey Trog miynetlerin atap o`tiwge boladı, olarda Vavilon Mesopotamiya haqqında mag`lıwmatlar berilgen.**

## *Tariyxıy shaxslardın` atların bilip alın`*

***Gerodot* – b.e.sh. V a`sirde jasag`an antik avtorı. Onı «Tariyx atası» dep te ataydı, onın` «Tariyx» shıg`arması du`n`yag`a belgili.**

***Ksenofont* – grek tariyxshısı, belgili «Alesandr Anabasisi» miyneti menen belgili.**

***Strabon* – b.e.sh. V–I a`sirde o`mir su`rgen ilimpaz geograf, ol «Gegrafiya» miyneti menen tanılg`an.**

*Talabalardın` bilimin bekkemlew ushın sorawlar*

1. Mesopotamiyanın` tariyxında shıg`arılg`an nızamlardın` a`hmiyeti?
2. Xammurappi nızamının` basqa nızamlardan parqı ha`m bul haqqında nelerdi bilesiz?

## A`YYEMGI MESOPOTAMIYa ISTORIOGRAFIYaSI

Mesopotamiyanın` a`yyemgi derekleri menen birinshi bolıp sayaxatshılar Veniamin Gudel`skiy XVII a`sirde, daniyalı ilimpaz K.Nibur (Persiya patshalarının` jazıwlarınan ko`shirmeler alg`an) tanısqan.

1802-jılı nemets filosofiya mug`allimi G.F.Grotefend Perseopol`den tabılg`an klinopis`ti awdarg`an. Ol axeminidler dinastiyasın anıqlag`an, Dariy, Kserks, Vispat patshaları atların anıqlag`an ha`m oqıg`an.

Anglichan G.Rauminson klinopis`ler shifrların oqıwg`a u`lken u`les qostı. Ol Irandag`ı Xamadan qasında tabılg`an Bexistun jarındag`ı Persiya patshası Dariy V ju`da` u`lken jazıwların u`yrendi.

Klinopis` shifrların oqıwdag`ı tabıslar assirologiya dep atalg`an izertlewlerdin` jan`a tarawının` payda bolıwına alıp keldi.

Ha`zirgi waqıtta assirologiyadan jan`a tarawlar bo`linip shıg`ıp atır` shumerologiya, elamitologiya, urartologiya ha`m xettologiya.

Mesopotamiyada arxeologiyalıq qazıwlar XIX a`sirdin` ortasında baslanadı, da`slep olar a`yyemgi estelikler izlew menen qızıqsıng`an ha`weskerler ta`repinen ju`rgizilgen. Mesopotamiyanın` a`yyemgi qalaların birinshi bolıp 1842-jılı frantsuz ilimpazı E.P.Botli ashqan. Ol Ku`yinchik ha`m Xorsabad awılın qazg`an. Bul awıl Assiriya patshası Sargon II nin` rezidentsiyası - Dur-Sharruxin qalası bolg`an.

1854-1847 jılları anglichan diplomatı G.A.Leyerd Assiriya qalası Kal`ku ha`m Ku`yinchik to`beshigin qazadı. Ol Nineviya qulandıların, sonın` ishinde b.e.sh. VII a`sirdegi Sinaxxerib patsha sarayın ha`m onın` aqlıg`ı Ashshurbanipaldın` «Tas kitaplarg`a tolı» kitapxanasın ashadı. Leyerdtin` ka`siplesi O.Rassom ta`repinen bahalı ashılıwlar islendi. Ol Assiriya patshası Ashshurbanipal sarayın tabadı. Bul sarayda an` ha`m a`skeriy ko`rinisler rel`efli su`wretlengen. Sonday-aq ol A`yyemgi Sippara qalasın ol jerdegi ku`n qudayı Shalashtın` xramın ashadı. Sonday-aq oqıw quralları menen qosa mektep, ha`r qıylı hu`jjetler tabıladı.

**Anglichan geologi V.Loftus Mesopotamiyanın` a`yyemgi qalaların ashıwg`a salmaqlı u`les qostı. Ol xramları, xram kitapxanasında saqlang`an hu`jjetleri menen qosa a`yyemgi Uruk qalasın, quday xramı, is ha`m mektep hu`jjetleri menen qosa Larsu qalasın ashqan.**

**1854-jılı anglichan diplomatı Dj.Teyler Ur qalasın, El`-Ubeyd ha`m Erdu awılların ashqan.**

**1888-jılı Dj.Peters basshılıg`ındag`ı Amerika arxeologiyalıq ekspeditsiyası A`yyemgi Nippurdı ashqan. Ol jerde ulıwma shumer qudayı Ellil xramının` qaldıqları, 60 mın` tas taqtayshalarına iye ju`da` u`lken xram kitapxanası, xramnın` xojalıq qurılısları, saray, mektep, bag`dar, turaq jaylar, is hu`jjetlerinin` ju`da` u`lken arxivi tabılg`an.**

**XX a`sirdin` basında R.Kol`devan basshılıg`ındag`ı nemets ekspeditsiyası A`yyemgi Vavilondı ashqan. Bul jerde minarları menen qorg`an diywalları, patsha Navuxodonosor II nin` sarayı, Marduk qudayının` xramı tabılg`an.**

**1903-1914-jılları nemets arxeologi V.Andrey a`hmiyetli ashıwlar islegen. Ol en` a`yyemgi Assiriya paytaxtın Ashshur qalasın ashqan. Bul jerde patsha saraylarının` qulandıları, joqarg`ı Assiriya qudayı Ashshurdın` xramı, patsha qa`birleri, qala turaq jayları ha`m ko`sheleri tabılg`an.**

**1933-1939-jılları frantsuz arxeologi A.Parro-Mari qalasın qazg`an. Na`tiyjede 20 mın`nan aslam xojalıq ha`m diplomatiyalıq hu`jjetleri menen qosa b.e.sh. II mın` jıllıqlarda Mari patshası Zimprilim salg`an ju`da` u`lken saray ashıldı.**

**1922-1934 jılları L.Vulli basshılıg`ındag`ı ingliz arxeologiyalıq ekspeditsiyası A`yyemgi Ur qalasın (b.e.sh. IV a`sirden b.e. IV a`sirge shekem) sistemalı tu`rde qazdı. Ay qudayı Nippar (Sin) ha`m onın` hayalı Ningal` qudayına sıyınıw menen baylanıslı xramRlar, qımbat bahalı buyımlarg`a tolı qa`bir ha`m mazarları menen qosa a`yyemgi patsha nekropoli, mektepler, ustaxanalar, turaq jaylar ha`m arxivler ashılg`an. Tutası menen ekinshi jer ju`zilik urıstan keyingi Mesopotamiya aymag`ındag`ı arxeologiyalıq izertlewler to`mendegiler menen sıpatlanadı` birinshiden, sırt el arxeologları menen bir qatarda qazıw jumıslarına Irak ilimpaz-arxeologlar qatnasadı. Ekinshiden, burın qazılg`an esteliklerge qaytadan oralıw, u`shinshi sıpatlı belgisi-arxeologlardın` Mesopotamiyanın` a`yyemgi da`wirin, onnan burıng`ı tariyxın izertlew bolıp tabıladı. (R.Soletskiy Shanidar turar jerinin` paleolit u`ngirlerin~ R.Breydvux, S.Lloyd-Djarleo, Xasuk h.t.b. paleolit turar jerlerin ashqan).**

**Arxeologiyalıq qazıwlar na`tiyjesinde tabılg`an klinopis` hu`jjetlerinin` u`lken materialların ja`riyalaw sırt el assirilogiya ha`m shumerologiyasında salmaqlı orın tutadı. Shifrlardı oqıwshılardın` biri G.Raulinson bolg`an. Klinopis` kestelerin ja`riyalag`an K.Bergol`d, B.Maysner h.t.b. Siyasiy tariyx ha`m ma`mleketlik du`zilis ma`seleleri ju`da` belsene izertlenedi.**

**Sırt el alımları A`yyemgi Mesopotamiyanın` ma`deniyat ha`m dini ma`selelerine ju`da` u`lken dıqqat awdarıp atır (K.Bergol`d, B.Maysner, F.Delichi, A.Parro, S.Kramer h.t.b.). Sırt el ilimpazları ekonomika ha`m sotsial qatnasıqlar mashqalalarına onsha ko`p dıqqat awdarmag`an. Belgili alım P.V.Nikol`skiydi haqıyqatında «rus assirologiyasının` atası» dep ataydı. Ol b.e.sh. III mın` jıllıqqa tiyisli 500 aslam xojalıq hu`jjetlerin izertlegen ha`m ja`riyalag`an. B.A.Turaev, I.V.Volkov, V.V.Shuleykolar da salmaqlı u`les qosqan.**

**20-50 jılları akademikler N.M.Nikol`skiy A.I.Tyumenev, V.V.Struveler ko`p jumıslar alıp barg`an. Akademik V.V.Struve shıg`ıstanıw ilimi rawajlanıwına u`lken u`les qostı, ol Mesopotamiyadag`ı sotsial-ekonomikalıq qatnasıqlar haqqında juwmaq jasadı, a`yyemgi shıg`ıs ja`miyetinin`, a`sirese III Ur dinastiyası tusındag`ı ja`miyettin` qul iyelewshilik sıpatı puxta izertlewler ju`rgizdi.**

**Rus assiriloglarının` mektebi du`ziledi. Olardın` ishinde I.M.D`yakonov u`lken orın tutadı, ol A`yyemgi Mesopotamiyanın` sotsial-ekonomikalıq tariyxın izertleydi. Bunnan tısqarı I.M.D`yakonov o`z izertlewlerinde A`yyemgi Mesopotamiya xalıqları jazıwın ha`m tillerin u`yreniwge u`lken dıqqat awdaradı, 50-70-jıllarda rus assirilogiyası ko`plegen ilimiy bag`darlardı islep shıg`adı. Olardın` ishinde Mesopotamiyanın` sotsial-ekonomikalıq qatnasıqları mashqalası bas orın tutadı (M.A.Dandamaeva).**

**Alg`ashqı qa`wim ja`miyetinen erte klasslıq ja`miyetke o`tiw mashqalası ken` arxeologiyalıq material tiykarında sheshildi (V.M.Masson). Bunnan tısqarı, rus alımları A`yyemgi Mesopotamiya ma`deniyatın ha`m sotsiallıq institutların izertlegen. Rus arxeologları Irak aymag`ında qazıw jumısların ju`rgizgen (Tell`-Sogda, Yarım Tepe V ha`m II, R.M.Munchaev)**

## *Qosımsha sorawlar*

**1. Assirologiya atamasının` bulay atalıwının` sebebi nede?**

**2. Mesopotamiya tariyxın izertlewde izertlewshi arxeologlardın` tutqan ornı?**

## EN` A`YYEMGI MESOPOTAMIYa. KLASSLIQ JA`MIYETTIN` QA`LIPLESIWI. A`YYEMGI ShUMERDIN` QALA-MA`MLEKETLERI

**En` a`yyemgi da`wirde tas a`siri an`shılarının` turar jeri tawlı rayonlarda, Mesopotamiyanın` arqa-shıg`ısında ha`m Kurdistan (Shanidar) shegarasında jaylasqan. Orta paleolit da`wirinde olar u`ngirlerde ha`m qoslarda jasag`an. B.e.sh. XI-VIII a`sirleri mezolit da`wirinde xalıq a`ste-aqırın diyxanshılıq ha`m sharwashılıq penen shug`ıllana baslaydı, tabılg`an zatlar bunın` da`liyli boladı (Zavi-Cheli-Shanidar, Karim Shaxir). B.e.sh. VII-VI mın` jıllıqlarda Djarmo ma`deniyatı payda boladı. Xojalıqtın` eski formaları saqlanadı, adamlar otırıqlı jasaydı, ha`r qıylı qurallar, haywanatlardın` ha`m hayallardın` totem statuetkaları payda boladı (hasıldarlıq simvolı, bezew zatları, keramika h.t.b.).**

**B.e.sh. VI mın` jıllıqta bul aymaqta diyxanshılıq-sharwashılıq xojalıg`ı qa`liplesedi. Bunı Xassun ma`deniyatı estelikleri da`liylleydi. B.e.sh. V mın` jıllıqta Arqa Mesopotamiya turg`ınları turmısında ku`shlerdin` rawajlanıwı ha`m qa`wimlerdin` keliwi menen baylanıslı edi. Bul da`wirdin` sıpatlı belgileri menen anıq ko`ringen Tell`-Xalaf ataması boyınsha rawajlanıwdın` usı da`wiri Xalaf ma`deniyatı dep ataldı.**

**Sharwa xojalıg`ında u`lken qara mal salmaqlı orın tutqan, ha`r qıylı o`ndirisler tez rawajlang`an (Yarım Tepe II). B.e.sh. V a`sirdin` ekinshi yarımında IV a`sirdin` birinshi yarımında Tu`slik Mesopotamiyada Ubeyd ma`deniyatı qa`liplesedi. (Urdın` qasındag`ı El`-Ubeyd). Onın` suwg`arıw kanallarının` sisteması bolg`an sonın` menen birge o`nermentshilik rawajlang`an. Bul da`wirde Tu`slik Mesopotamiyada jan`a etnikalıq tolqın - jergilikli xalıq penen aralasıp ketken shumerler qa`wimi payda boladı.**

**Uruk ma`deniyatı (b.e.sh. IV mın` jıllıqtın` ekinshi yarımı) Shumer tsivilizatsiyasının` tiykarı salınıwı menen, klasslıq ja`miyet ha`m ma`mlekettin` payda bolıwı menen sıpatlanadı. Suwg`arılatug`ın diyxanshılıq barg`an sayın ko`p o`nim bere basladı. O`nermentshilik diyxanshılıqtan tez pa`t penen ajırala basladı. Gu`lalshılıq o`ndirisi arnawlı tarawg`a bo`linip shıg`adı. Tovar aylanısına tiykar salınadı, sırtqı ha`m ishki almasıw rawajlanadı. Awıllar qalalarg`a aylanadı, olardın` orayında xramlar salınadı. Freska, kolonna, mozaika menen bezelgen ju`da` u`lken xramlar eldin` ekonomikalıq potentsialı o`siwin aytqan sıpatlaydı. Tsivilizatsiya payda bolıwın 2-mın` su`wretli belgilerden ibarat jazıwdın` payda bolıwı juwmaqlaydı. Ja`miyettin` mu`lklik bo`liniwi ha`m sotsiallıq differentsiatsiyası tez pa`t penen ju`rgiziledi (qullar, ruwxaniyler (jretsler), g`a`rezli jumısshılar). Bul da`wirde Shumerde alg`ashqı ja`miyettin` ornına kelgen klasslıq ja`miyet ha`m ma`mleket qa`liplesedi.**

**B.e.sh. III mın` jıllıqtın` basında Mesopotamiya aymag`ında ko`plegen ha`r qıylı tillerde so`ylewshi xojalıqlar jasag`an, olardın` arasında` qublada shumerler, Efrat ha`m Tigr**

**oypatlıg`ının` orta ta`repinde-Akkadlar, arqada-xurritler jasag`an. Bul da`wirde Shumerdin` qublasında bir qatar qala-ma`mleketler - Eredu, Ur, Larsa, Uruk, Lagash, Umma, Isin, Nippa, Kish qalaları bolg`an. Bul jerde da`wirge sıpatlı tiykarg`ı tariyxıy protsessler ju`z bergen. Bul da`wirdi erte dinastiyalıq dep atag`an, ol o`z ishine b.e.sh. XXVIII-XXIV a`sirlerdi qamtıg`an.**

**B.e.sh. III mın` jıllıqtag`ı Shumerdin` ekonomikalıq rawajlanıwı, irrigatsiya ha`m metalldan paydalanıw tiykarında o`nermentshilik, diyxanshılıq xojalıg`ının` rawajlanıwı menen sıpatlanadı. Sawda o`nermentshilikten bo`linip shıg`adı. Qul iyelewshilik qatnasıqları tez pa`t penen rawajlanadı. Urıs qulshılıqtın` tiykarg`ı deregi bolıp tabıladı. Qullardan basqa, Shumerde ko`plegen eriksiz jumısshılar, sonday-aq mayda o`ndiriwshiler bolg`an.**

**Shumerdin` qala-ma`mleketinde jer eki toparg`a bo`lingen` bir bo`legi aymaqlıq qa`wimler menshiginde bolg`an, ekinshisi xram jerlerinin` qorın qurag`an. Shumerde klasslıq ja`miyet rawajlanıwı menen alg`ashqı ja`miyettin` demokratiya institutlarının` belgilerin saqlap qalg`an ma`mleket qa`liplesken.**

**Erte dinastiyalıq da`wirdin` basında ma`mleketti «En»-qala ma`mlekettin` joqarg`ı ruwxaniyi (jrets) basqarg`an. Usı da`wirdin` aqırında g`ana despotiya uqsag`an monarxiyalıq ha`kimiyattın` tu`ri payda boladı. Armiya ha`kimnin` tiregine aylanadı. Shumerdin` b.e.sh. III mın` jıllıqtag`ı tariyxın erte dinastiyalıq da`wirdi qurag`an u`sh izbe-iz da`wirge bo`liwge boladı.**

**Birinshi erte dinastiyalıq da`wir (b.e.sh. XXVIII-XXVII a`sirler) Kish qalasının` ba`lentlewi ha`m Kishlerdin` V dinastiyası basqarıwı menen sıpatlanadı. Ha`kimlerinin` arasında Etennin` atı ko`rinedi. Birinshi erte dinastiyalıq da`wirdin` aqırında Uruk ba`lentlep baslaydı. Onın` da`slepki ha`kimleri arasında Zimerkar ha`m Lugal`banda bolg`an.**

**Ekinshi erte dinastiyalıq da`wir (b.e.sh. XXVII-XXIV a`sirler) Kishtin` ha`lsirewi menen baslanadı. Bunnan gil`gamesh basqarg`an Uruk paydalanadı.**

**U`shinshi erte dinastiyalıq da`wir (b.e.sh. XXV-XXIV a`sirler) birlesiw tendentsiyası ku`sheyiwi, irrigatsiyalıq tarawlar du`ziliwi, basqınshılıq urıslar ju`rgiziliwi ha`m tawlı dalanın` qa`wimleri shabıwıllarınan qorg`anıw menen sıpatlanadı.**

**Ur ha`kimleri «A`lem lugalı» atag`ına iye bolg`anı menen, olar gegemoniyanı Lagashqa beriwge ma`jbu`r bolg`an. Ol jerde b.e.sh. XXVIa`sirde Ur-nayshl tiykar salg`an dinastiya hu`kimlik etip baslaydı. Lagashta ma`mleketlik awdarıspaq ju`z beredi, onın` barısında «ensh» Lugal`banda qulatıladı, ha`kimiyatqa onın` tuwısqanı Urinimgina (b.e.sh. 2318-2312 jj.) keledi. Bul ha`kimnin` tusında Lagashta anag`urlım ishki ha`m sırtqı siyasiy o`zgerisler ju`z beredi. Sonın` menen bir qatarda Umma da ku`sheyedi, Lagash Umma basshılıg`ındag`ı jan`a siyasiy birlespeden g`a`rezli bolıp qaladı.**

## MESOPOTAMIYaDA ORAYLIQ MA`MLEKETTIN` DU`ZILIWI AKKAD MA`MLEKETI HA`M URDIN` III DINASTIYaSI

**Sargon Akkad patshalıg`ın du`zedi ha`m barlıq joqarg`ı ataqlardı – «Kisht lugalı», «El lugalı», sonday-aq «Akkad lugalı» ataqların o`zi iyelep aladı. Tigr ha`m Efrat aralıg`ında ol jan`a paytaxt quradı, onı ma`mlekettin` atı menen Akkad dep ataydı. Sargon pu`tkil Shumerdi iyelep aladı. Bunnan keyin Akkadlılar arqa-batıs ta`repke – Mari, Eblag`a, Subaret eline (Arqa Mesopotamiya), Elamg`a bir qatar tabıslı atlanıslar jasaydı.**

**Na`tiyjede bir ha`kim qol astına pu`tkil Mesopotamiya biriktiriledi ha`m Aldın`g`ı Aziyada ju`da` iri Mesopotamiya ma`mleketi du`zilip, paytaxtı Akkad boladı. Bul ha`diyse eldin` ekonomikasının` rawajlanıwına u`lken ta`sir jasadı. Patshanın` qu`diretli ha`kimiyatı payda bolıwınan ibarat dinastiyalardın` payda bolıwı b.e.sh. XXIV-XXIIIa`sirlerdegi Akkad rawajlanıwının` juwmag`ı boldı. Biraq, patshalıqtın` aqırında ol bir qatar qıyınshılıqlarg`a duwshar boladı` armiyada ko`terilis ju`z beredi, bir qatar oblast`lar (Subaret) ha`m qalalar (Kazamu Vavilon) bo`linip shıg`adı.**

**Sargonnın` miyrasxorı Rimush Shumerdin` urıwlıq aristokratiyası separatizmin saplastırıw ushın bir qatar sheshiwshi ilajlar iske asırdı. Ishki siyasatta Rimush xramlarg`a ko`p sawg`alar berip, ruwxaniylerdin` qollap-quwatlawına erispekshi bolg`an. Rimushtan keyin onın` kishi inisi Manishtus patsha boladı. Keyin ala Naram-Suen (b.e.sh. 2236-2200 jj.) patsha boladı. Ma`mleket ishindegi birinshi narazılıqlardı bastırıp, Naram-Suen o`zinin` dinastiyalıq ha`kimiyatın bekkemlewge bag`darlang`an bir qatar ilajların ko`redi. Ayırım qala baslarına «ensiler» ornına o`zinin` balaların qoyadı. Ruwxaniyler, yag`nıy jretsler o`zinin` tiregi dep esaplag`an. Ol batısta Ebla patshalıg`ına, arqada - Subaret, Elam, Zagros tawlarına h.t.b. tabıslı atlanısların jasaydı.**

**Akkad patshalıg`ı kutiyler soqqısı astında ha`lsireydi. Basqınshılar Mesopotamiyanın` ko`plegen qalaların ha`m xramların qıyratadı, olardın` xalqı tutqıng`a alınıp, qalg`anları u`lken salıq to`legen. Olar Mesopotamiyalılar ha`m a`sker basılar arqalı basqaradı. Usınday nayıplardın` biri «ensi» Lagasha Gudea bolg`an, ol b.e.sh. XXII a`sirdin` ekinshi yarımında 20 jılg`a Shan (in)alas waqıt hu`kim su`rdi. Gudea «ensi» ha`m xram xojalıg`ının` aqsaqallar ken`esi ha`m xalıq jıynalısının` da`stu`rlerinen paydalandı. Gudea Lagash Arqa Mesopotamiya, Elam, Siriya, Iran, ha`tteki Hindstan menen sawda baylanısların ornatqan. 125 jılg`a jaqın da`wir ishinde ku`tip, el u`stinen siyasiy hu`kimdarlıqqa iye bolg`an. En` son`ında basqınshılarg`a narazılıqlar payda bola basladı, onı Urdın` qollap-quwatlawında Uruk basqardı. Da`slep Uruktın` basında a`piwayı balıqshı Utuxengal` turg`an. Ko`p keshikpey, ol o`lgennen keyin azat etilgen Mesopotamiya u`stinen ha`kimiyattı Ur patshası**

**Ur-Nammu iyelep aladı. Ol ataqlı III Ur dinastiyasına tiykar saladı. Bul dinastiya birlesken Shumer-Akkad patshalıg`ın basqaradı (b.e.sh. XXII a`sirdin` aqırı XX a`sirdin` bası).**

**Urdın` III dinastiyası basqarg`an waqıt ishinde Shumer-Akkad ma`mleketi ekonomikasında bir qatar o`zgerisler ju`z berdi. Buzılg`an irrigatsiyalıq sistema tolıg`ı menen qayta tiklenedi, jan`a ken` kanallar tarmaqlarının` qurılısı baslanadı, ken` ko`lemde diyxanshılıq ha`m sharwa xojalıqları du`ziledi, xramlar (Ur-Nammu), saraylar qurılısları ju`rgiziledi.**

**Tiykarg`ı jer massasın patshanın` jer qorı qurag`an. Usının` menen bir qatarda, qa`wimler ha`m jeke adamlardın` jerleri bolg`an.**

**Urdın` III dinastiyası da`wirinde ja`miyet ayqın qul iyelewshilik ma`mleketlik du`zilisi A`yyemgi Shıg`ıs despotiyasının` jetilisken formasına iye boladı. Ma`mlekettin` basında sheksiz ha`kimiyatqa iye patsha turg`an. Ol «Ur patshası, Shumer ha`m Akkad patshası» ataqlarına iye bolg`an, onı «A`lemnin` to`rt ta`repinin` patshası» da dep atag`an. Din patsha ha`kimiyatının` tiregi bolg`an.**

**Shul`ga (b.e.sh. 2093-2046 jj.) basqarg`an waqıttan baslap patshalarg`a qudaylıq hu`rmetler ko`rsetilgen ha`m og`an sıyınıw ornatılg`an. Ruwxaniyler patshalarg`a bag`ıng`an. Pu`tkil el nayıplıqlarg`a bo`lingen, olardı nayıplar (wa`killer) basqarg`an. Patsha sudı sho`lkemlestirilgen. Armiya a`skerler-kolonistlerden turg`an. Urdın` III dinastiyası da`wirinde ma`mlekettin` sırtqı siyasatı belsene alıp barılmag`an. Irang`a ha`m Mesopotamiyanın` arqa aymaqlarına ayırım atlanıslar bolıp turg`an, al tiykarınan ma`mlekettin` ishinde tınıshlıqtı saqlawg`a kewil berilgen.**

**III dinastiyanın` besinshi patshası - Ibbi-Suzna (b.e.sh. 2027-2003 jj.) hu`kim su`rgen jılları Shumer-Akkad patshalıg`ının` ıdıraw da`wiri edi. Xalıq massalarının` narazılıqları, patsha xojalıg`ının` ıdırawı dag`darısqa alıp keldi. Ma`mlekettin` ıdırawına alıp kelgen sırtqı siyasiy soqqı batıstan amoreylerdin` basıp keliwi boldı. Elamitler sheshiwshi soqqı berdi, olar Mesopotamiyag`a basıp kirip, Urdı qıyratadı. Ur III dinastiyası usılayınsha qulaydı.**

## *Tariyxıy shaxslar, atamalar*

***Ibbi-Suzna* – Shumer-Akkad patshalarının` biri.**

***Lagash* – Mesopotamiyadag`ı qala-ma`mleket, b.e.sh. XX a`sirde ku`sheygen ha`m gu`llegen da`wiri.**

***Ur-Nammu* – Mesopatamiyadag`ı qala-ma`mleketi b.e.sh. XXVII a`sirde ku`sheygen.**

***Sargon* – b.e.sh. XXIV a`sirde basqarg`an Mesopotamiya patshalarının` biri.**

***Naram-Suen* – Sargonnın` aqlıg`ı Akkad patshalıg`ın gu`llendirgen faronlardan biri, Elamg`a tabıslı atlanısları menen tariyxta belgili.**

# MESOPOTAMIYa B.E.Sh. II MIN` JILLIQTA VAVILON U`STEMLIGI

***Jobası:***

**1. Eki da`r`ya aralıg`ındag`ı qalalar gu`resi. Vavilonnın` ko`teriliwi.**

**2. Birinshi dinastiyası. Xammurapi.**

**3. Xammurapi ma`mlekettin` bo`lekleniwi.**

**4. Kassitlerdin` Vavilondı basıp alıwı ekonomikalıq jag`dayı.**

***Tema boyınsha ayrıqsha u`yreniledi***

**Bilimlendiriw sisteması, xojalıqtın` rawajlanıwı. Sotsiallıq turmıs.**

**Urdın` III dinastiyasının` qulawı shumer-Akkadnın` ko`plegen oraylarının` arameyler ta`repinen qıyratılıwı ha`m olardın` Mesopotamiya boylap taralıwı oraylasqan ma`mlekettin` waqıtsha ha`lsirewine eldin` siyasiy bo`lekleniwine alıp keldi. Qublada oray qalası bolg`an patshalıq bo`lindi onnan arqaraqta g`a`rezsiz Issen, sonday-aq Mari, Ashur ha`m Eshnun ma`mleketleri bo`linip shıqtı. Olardı aramey dinastiyası basqarg`an. B.e.sh. XX-XIX a`sirleri Vavilon qalası u`stemlik etedi (Bab - quday da`rwazası).**

**Olarda Vavilon yamasa Aramey dinastiyaları hu`kimlik su`redi. Olardın` basqarg`an waqtın erte Vavilon da`wiri (b.e.sh. 1894-1895 jj.) dep atag`an. Onın` tiykarın sumuabum salg`an.**

**Vavilonnın` gu`lleniwi V Vavilon dinastiyasının` altınshı patshası - Xammurapi (b.e.sh.1792-1750jj.) basqarıwı waqtına tuwra keledi. Ol ko`rnekli ma`mleketlik isler, ozıq ha`m hiyleker diplomat, iri strateg, dana nızam shıg`arıwshı, esapshıl ha`m sheber sho`lkemlestiriwshi bolg`an. Ol o`zine Uruktı, Issendi, keyin ala ku`shli Eshnun ha`m Larsu ma`mleketlerin bag`ındırg`an. B.e.sh. 1759-jılı Xammurapi ku`shli Mari ma`mleketin qıyratadı. Assiriya bir o`zi qaladı, onın` en` iri qalaları (Ashshur, Nineviya h.t.b.) jan`a ha`kimiyattı moyınlaydı.**

**Barlıq ma`mleketlerdi bag`ındırıp, Vavilon qalası jan`a ullı ma`mlekettin` paytaxtı bolıp qalmastan, Aldın`g`ı Aziyanın` ju`da` iri ekonomikalıq ha`m ma`deniy orayına aylanadı. Usıg`an qaramastan, Xammurapi dinastiyası patshalıq etiw da`wirinin` aqırına Vavilon ma`mleketinin` ishki ha`m sırtqı jag`dayı ha`lsirep qaladı. 1595 jılg`ı xettlerdin` Vavilong`a atlanısı ma`mleketti basıp alıw ha`m qıyratılıwı menen tamamlanadı. Vavilon V dinastiyası ha`kimligine shek qoyadı, u`sh ju`z jıldın` Eski Vavilon da`wiri juwmaqlanadı.**

**Xammurapi nızamları Xammurapi basqarg`an da`wirdegi Vavilon ma`mleketinin` ekonomikalıq, ja`miyetlik-siyasiy du`zilisi usı waqıtqa shekem kelgen nızamları jıynag`ı arqalı bizlerge ma`lim boldı. Bul nızamlar jıynag`ı b.e.sh. XVIII a`sirdin` birinshi yarımındag`ı turmıstın` ko`plegen ta`replerinin` ju`da` a`hmiyetli deregi bolıp tabıladı.**

**Xammurapi tusındag`ı Vavilon ma`mleketi ekonomikası irrigatsiyalıq, diyxanshılıq, mal sharwashılıg`ı, o`nermentshilik, sırtqı ha`m ishki sawdanın` bunnan bılay da rawajlanıwına tiykarlang`an.**

***Kassitler*** **- Zagrost tawlı qa`wimleri toparlarının` biri - Mesopotamiya shegaralarında Xammurapi o`lgennen keyin ko`p keshikpey payda boladı.**

**B.e.sh. (Shan (in)a menen) 1742-jılı kassit ko`semi Gandash Vavilong`a ekinshi ret basıp kiredi ha`m o`zine «A`lemnin` to`rt ta`repinin` patshası»-«Shumer ha`m Akkad patshası», «Vavilon patshası» degen da`bdebeli ataqlar aladı. Biraq tek 1595-jıldan baslap kassitler dinastiyası ha`kimiyatı, yag`nıy Erte Vavilon da`wiri baslanadı, ol b.e.sh. shama menen) 1155-jılı tamamlanadı.**

**Kassitler da`wirinde armiya ha`m transport atlar awıl xojalıg`ında- quramalı pluglar ken`nen qollanıladı, jollar salınadı, sırtqı sawda janlanadı. Qa`wimlik birlespelerge ha`m u`lken shan`araqlarg`a jeterli dıqqat awdarıladı. Kassitler rawajlang`an Vavilon ma`deniyatın o`zlerine sin`irip aladı, kassit qudayların Vavilon qudayları menen ten`dey ko`redi. Mesopotamiya diniy da`stu`riy sıyınıwlarg`a g`amxorlıq etken (Agum II, Marduk qudayı). Urukta xramlar salg`an.**

**Biraq waqıttın` o`tiwi menen ha`kimiyat oraylasıwı ha`lsireydi. Bul da`wirde Assiriya ku`sheye baslaydı. B.e.sh. XIII a`sirde ol kassitler Vavilonına bir qatar sezilerli soqqılar beredi. Solay etip, 1155-jılı kassit dinastiyasının` hu`kim etiw da`wiri tamamlanadı. Mitaniy ma`mleketi Mesopotamiyanın` arqa-batıs aymaqlarında, kishi a`yyemgi xurriyler jerlerinde - Kummiy, Alshe, Yamxada h.t.b. payda bolg`an. Onın` paytaxtı Vashshushkaniy qalası bolg`an. Semit tilles arameyler menen aralasıp ketken xurritler bul jerdegi xalıqtın` tiykarg`ı massasın qurag`an.**

**Mitaniy ko`p sanlı qurg`aq sawda jollardın` kesispesinde jaylasqan. Ta`biyiy sharayatları diyqanshılıq ha`m sharwashılıq tarawların rawajlandırıwg`a qolaylı bolg`an. Olardın` saray ha`m xram xojalıqları bolg`an. Mitaniy ma`mleketi sotsiallıq du`zilisinde u`lken rol` oynag`an. Qullar klası tutqınlar qatarınan qurallang`an. Ma`mleketti patsha basqarg`an, orınlarda xazannular ha`kimlik etken. Armiya patsha qudiretinin` tiregi bolg`an. B.e.sh. XVI-XV a`sirler Mitaniy ma`mleketinin` gu`lleniwi ha`m ku`shli ma`mleketke aylanıwı da`wiri bolg`an. Ol o`z ha`kimiyatın Assiriyanın` anag`urlım aymag`ına, sonın` ishinde Ashshur ha`m Nineviyag`a, Kishi Aziya, Siriya, Finikiya, ha`tteki Palestinag`a taratqan.**

**Ammenxoten II tusında Mitaniy Mısr u`stinen tolıq jen`iske erisken. Olar Assiriya ha`m xett ma`mleketine qarsı awqam du`zgen. Tutmos IV ha`m Amenxotep III (Amenemxett)**

**Mitaniy patshasının` qızlarına u`ylenedi. Biraq Mitaniy Vavilon menen, al Mısr Assiriya menen awqamg`a birigedi.**

**Usı jag`daydan paydalanıp, Xett patshalıg`ı Mitaniy ma`mleketi u`stinen jen`iske erisedi. B.e.sh. XIII a`sirde Mitaniy ma`mleketi bir neshe mayda knyaz`liklerge bo`linip ketedi, keyin ala olar Assiriya qol astına o`tedi. Assiriya tariyxı eki tiykarg`ı da`wirge bo`linedi:**

| | |
|---|---|
| ***Assiriya tariyxının` da`wirlerge bo`liniwi*** | ➢ **eski Assiriya da`wiri (b.e.sh. XX-XVI a`sirler)n`**<br>➢ **jan`a assiriya da`wiri (b.e.sh. X-VII a`sirler).** |

**Eski Assiriya da`wirinde ma`mleket kishi aymaqqa iye edi, onın` orayı Ashshur bolg`an, xalqı diyqanshılıq penen shug`ıllang`an. Olar Tigr suwlarınan irrigatsiyalıq qurılıslar ja`rdemi arqalı paydalang`an. Erte Assiriya ja`miyetinde sawda bas rol` oynag`an.**

**Eski Assiriya ja`miyeti qul iyelewshilik ja`miyeti bolg`an, biraq onda qa`wimlik du`zim qaldıqları ele ku`shli edi. Patshalıq ha`m xram xojalıqları bolg`an, olarda qa`wim ag`zaları ha`m qullar miynet etken. Shamshi-Adad (b.e.sh. 1813-1781 jj.) Assiriya tusında belsene sırtqı siyasattı ju`rgizedi, onda batıs bag`darı basım edi. Ol Mari ha`m Bilix, Xabura basseyininde jaylasqan qalalardı basıp aladı, biraq Vavilon menen tatıw jasaydı. Solay etip, b.e.sh. XIX a`sirdin` aqırında XVIII a`sirdin` basında Assiriya Aldın`g`ı Aziyanın` iri ma`mleketine aylanadı, al Shan (in)shi Adad V o`zine «ko`pshiliktin` patshası» degen ataq aladı. Biraq Vavilon ma`mleketi Assiriyanı qıyratadı. B.e.sh. XVI a`sirde V Vavilon dinastiyası qulag`annan keyin Assiriya Mitaniy ma`mleketine bag`ınadı.**

**B.e.sh. XV a`sirde assiriyler o`z ma`mlektinin` burıng`ı jag`dayın diplomatiya jolı menen qayta tiklewge urınadı. Mısrdın` qollap-quwatlawı menen Assiriya b.e.sh. XVIII mın` jıllıqta o`zinin` sırtqı siyasiy jetiskenliklerin rawajlandıradı. Adad-Nerrari V, Salmanasar V (b.e.sh. 1307-1208 jj.) basqarg`an ju`z jıl ishinde Assiriya ma`mleketi sırtqı siyasatta en` joqarı tabıslarg`a eristi. Assiriya Mitaniy ha`m Siriya ma`mleketlerin, sonday-aq b.e.sh. XIII a`sirde Vavilonnı basıp aladı.**

**Orta Assiriya da`wirinde Assiriyanın` gu`llep-jasnawı ku`tilgende u`ziliske ushırap qaldı. B.e.sh. XII-XI a`sirler aralıg`ında Arabstannan semit-tilles arameydin` ko`shpeli qa`wimleri Aldın`g`ı Aziyag`a jo`neledi. derlik bir ju`z eliw jıl dawamında Assiriya ha`lsirew da`wirin bastan keshiredi. Biraq, b.e.sh. XIV-XIII a`sirleri biraz janlanadı. B.e.sh. XI a`sirde aramey shabıwılları da`wirinde diyxanshılıq sisteması pu`tkilley buzıladı.**

**Assiriya ja`miyetinin` qul iyelewshilik klası (iri jer iyeleri, sawdagerler, ruwxaniyler h.t.b.) mayda o`ndiriwshiler (erkin diyxanlar-qa`wim ag`zaları) ha`m qullar qurag`an. Assiriya shan`arag`ı patriarxallıq sıpatqa iye bolg`an.**

# ULLI ASSIRIYa A`SKERIY MA`MLEKETI B.E.Sh. V A`SIRDE

***Jobası:***

**1. Assiriyanın` ta`biyiy sharayatı ha`m halqı.**
**2. A`yyemgi, Orta ha`m Jan`a Assiriyalıq da`wir.**
**3. Assiriyanın` ma`deniyatı.**

**B.e.sh. V a`sirde A`yyemgi Shıg`ıs ma`mleketlerinin` rawajlanıwı bayqaladı. Ol o`ndiriske jan`a metalldın` engiziliwi, qurg`aq ha`m ten`iz jol sawdası tez pa`t penen rawajlanıwları, Jaqın Shıg`ıstın` turmısqa qolaylı barlıq jerlerinde xalıqtın` qonıslawının` na`tiyjesi bolg`an. Ha`r qıylı ma`mleketler arasında tıg`ız ekonomikalıq ha`m ma`deniy-siyasiy baylanıslar ornatıladı.**

**Bul da`wirde Assiriya ma`mleketi u`stinlik etedi. B.e.sh. V a`sirde Jaqın Shıg`ıstın` siyasiy maydanına «jas» ma`mleketler – Urartu, Kish, Lidiya, Midiya, Persiyalar shıg`adı ha`m u`lken rol` oynaydı. B.e.sh. V a`sirde du`n`ya u`stinligi ushın gu`res ken` ko`lemlerde alıp barıladı ha`m iri a`skeriy qul iyelewshilik ma`mleketlerdin`, ullı imperiyalardın` payda bolıwına alıp keledi. Olardın` en` birinshisi Assiriya ma`mleketi boldı.**

**Solay etip, Assiriya ma`mleketi o`z tariyxının` jan`a basqıshına qa`dem taslaydı. Ol b.e.sh. X-VII a`sirlerdi o`z ishine qamtıp, Jan`a Assiriya da`wiri dep ataldı.**

| | |
|---|---|
| ***Basqınshılıq siyasatı janlanıwının` tiykarg`ı sebepleri*** | ➢ **Ekonomikanın` ishki zatqa bolg`an za`ru`rligi**<br>➢ **Jumısshı ku`shlerdin`, yag`nıy qullardın` jetispewshiligi**<br>➢ **Basqalardın` aymaqların talaw**<br>➢ **Sawda jolların iyelew** |

**Urıslarda Assiriyanın` ishki siyasatı u`lken rol` oynag`an, sebebi ol xalıqqa tek iygilikler berip qoymastan, onın` dıqqatın ishki sotsiallıq mashqalalardan basqa jaqqa awdarg`an.**

**Ashshurnatsirapala II (b.e.sh. 883-859 jj.) ha`m Salmanasar III (b.e.sh. 859-824jj.) tuslarında Assiriya ayrıqsha belsendilik ko`rsetedi. Ashshurnatsirapala tusında Assiriya Ayra ha`m Midiya aymaqlarındag`ı qa`wimlerdi basıp kiredi. Onın` tiykarg`ı bag`darı Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyları boldı. Ol Arqa Siriyada aramey qa`wimlerin, Afinanın` Bit knyaz`ligin, Siriya ha`m Finikiya qalaların qıyratadı. Salmanasar III patshası tusında Assiriya Urartu**

**ha`m Vavilon menen uzaq dawam etken urıs ju`rgizedi. Bul da`wirde Damask patshalıg`ı, Tigr, Sudan ha`m Izrail` patshalıg`ı og`an salıq to`lep turg`an.**

**Tutası menen, b.e.sh. IX a`sir Assiriyanın` ekonomikalıq, sotsiallıq siyasiy rawajlanıw da`wiri boldı, onı jiyi «ekinshi ba`lentleniw» da`wiri dep te atag`an.**

**B.e.sh. 746-745-jılı ha`kimiyat basına jan`a patsha-Tiglatpalasar keledi. Ol ma`mleketti bekkemlewge mu`mkinshilik jaratqan bir qansha a`hmiyetli reformalar ju`rgizedi. Nayıplıqlarg`a ha`kimshilik irilendiriw, olardı oraylıq ha`kimiyat ta`repinen qadag`alaw ha`m wazıypaların sheklew reformalardın` biri boldı. Ekinshi reforma armiyada alıp barıladı. Assiriya armiyası bir neshshe a`skerler tu`rlerinen piyadalar, atlılar, at arbalardan ibarat edi. Armiya jaqsı qurallang`an ha`m u`skenelengen edi (a`skeriy mashinalar ha`m diywal buzg`ısh qurallar). Assiriyada flotta bolg`an, biraq ol onsha u`lken rol` oynamag`an. Ken` barlastırıwshı apparat-assiriya armiyasının` basında bas a`skerbası turg`an, jiyi ol patsha shan`arag`ının` ag`zası bolg`an. Armiyanın` sanı 120 mın` adamg`a jetken. Bul a`yyemgi du`n`yanın` en` iri ha`m jaqsı sho`lkemlesken armiyalardan biri edi.**

**Usınday armiyag`a a`skeriy partiyag`a su`yenip, Titpalasar III (b.e.sh. 745-727 jj.) basqınshılıq siyasatın dawam etedi. Bir qatar tabıslı atlanıslar na`tiyjesinde ol Mesopotamiya aymag`ın, Jer Orta ten`iz boyı shıg`ıs ta`repin ha`m Midiyanın` bir qatar aymaqların basıp aladı. Bul jerlerde g`a`rezli provintsiyalar du`zedi, olardın` u`stinen puxaralıq ha`m a`skeriy ha`kimshilik qoyadı. Tiglatpalasar III tusında birinshi ma`rte xalıqqa ko`shiriw ju`z bergen. Tiglatpalasar III miyrasxorı Salmanasar I (b.e.sh. 727-722 jj.) tusında elde ruwxaniy, sawda ha`m a`skeriy toparlar arasında siyasiy gu`res keskinlesedi. Jan`a patsha Sargon II (b.e.sh. 722-705 jj.) ma`mlekettin` ishki siyasiy jag`dayın turaqlastıradı. Ol Izrail` patshalıg`ın qıyratadı.**

**Sargon XVIII tusında Assiriyanın` jan`a paytaxtqa patsha rezidentsiyası Dur-Sharukenge tiykar salınadı, ol Tigr da`r`yasında jaylasıp, a`jayıp sarayları, bag`lar xramlarg`a iye boladı. Sargon II nin` ulı Sinaxxerib (b.e.sh. 705-781 jj.) Iudey ma`mleketin ha`m onın` paytaxtı Ierusalimdi, Vavilondı basıp alıp, jer menen jeksen etedi, ko`shelerine suw aydap jiberedi. Bul narazalıqlar keltiredi. 681-jılı Sinaxxerib til biriktiriw aqıbetinde nabıt boladı. Sinaxxeribtin` kishi ulı Aserxaddan (b.e.sh. 681-669 jj.) ha`kimiyattı iyeleydi. Ol a`skeriy partiyalar ma`plerin sawda, su`txorlıq ha`m ruwxanıy toparları ma`plerin puxta u`ylestirw jolı menen Assiriyanın` ishki jag`dayın turaqlastıradı. Ol qıyratılg`an Vavilondı qayta tikleydi. Mısrdı basıp alıw - Assarxaddan ha`kimiyatının` bas wazıypası edi. B.e.sh. 671-jılı Mısrdı iyelep, ol Mısr faraonlarının` da`stu`riy ataqların qabıllaydı. Solay etip, Assiriya ma`mleketi Nildan Kavkaz tawlarına shekem, Iran u`stirtinen Anatomiyag`a shekem Jer Orta ten`izinen Persiya qoltıg`ına shekem sozıladı.**

Usı jag`dayda Ashshurbanipal (b.e.sh. 669 j. shama menen 627j.) ha`kimiyatqa keledi. Usı da`wirde Assiriya paytaxtı Nineviyada 20 mın` tas kestelerine iye A`yyemgi Shıg`ıstın` en` iri kitapxanası bolg`an. Ashshurbanipal da`wirinen usı kitapxana sulıw bezelip jazılg`an jılnamalar qalg`an. Patshanın` buyrıg`ı menen Nineviyada a`jayıp Arqa sarayı qurıldı. Vavilon, Barsippa, Uruk, Xarran, Kal`kude ko`p sanlı xramlar restavratsiyalandı ha`m salındı.

Ashshurbanipal tusında Assiriyanın` sırtqı sıyasatında eki basqısh bolg`an. Birinshi basqısh ( b.e.sh. 669 jıldan 654jılg`a shekem) Assiriyanın` Jaqın Shıg`ısta turaqlı u`stemligi menen sıpatlanadı. Mısr, Urartu, Minna ha`m Elam Assiriyag`a qarsı shıg`adı. Usı da`wirdin` aqırında, 655 jılı Mısr Assiriyadan birotala bo`linip shıg`adı. Assiriya sırtqı siyasatının` ekinshi da`wiri (b.e.sh. V88 a`sirdin` ortasınan) baslanadı. Ol ma`mlekettin` siyasiy krizisi ku`sheyiwi menen sıpatlanadı (Vavilonnın` Assiriyag`a qarsı shıg`ıwı).

Bul da`wirde awıl xojalıq tarawları jigerli rawajlanadı. Temirden na`tiyjeli paydalanıw Assiriya xojalıg`ı texnikalıq progressinin` tiykarı bolg`an. Ullı Assiriya ma`mleketinde shiyki zattın` a`hmiyetli derekleri, sawda jollar ha`m ju`da` iri sawda o`nermentlik orayları toplang`an. Jen`isli urıslar Assiriya ekonomikasının` rawajlanıwına alıp kelgen. Assiriya ja`miyettin` u`stem qul iyelewshilik klası-a`skeriy xızmetshi, ruwxanıy ha`m sawda aqsu`yeklerinen ibarat edi. «To`mengi» qatlamlardın` tiykarg`ı massasın mayda erkin o`ndiriwshiler, jer iyeleri, qa`wim ag`zaları, o`nermentler qurag`an. Sotsiallıq basqıshtın` en` to`mengi qatlamın ko`shiwshiler, tutqınlar menen qullar qurag`an.

O`z tariyxının` en` son`g`ı da`wirinde Assiriya ma`mleketi a`yyemgi shıg`ıs despotiyasının` anıq belgilerine iye boldı. Patsha ha`kimiyatı armiya ha`m ju`da` u`lken byurokratiyalıq apparatqa su`yengen. A`skeriy ha`m qarjı ma`kemeler Assiriya ma`mleketinde bas rol` oynag`an. Provintsiyalar du`zilgen. Bir qatar aymaqlarda g`a`rezli patshalıqlar saqlanıp turg`an. Mısr 20 kishi knyaz`liklerge bo`lingen.

Sotsiallıq kelispewshilikler, siyasiy qarama-qarsılıqlar ha`m ha`wij alg`an gu`res Assiriyanın` qulawına alıp kelgen bas sebepler edi. Ma`selen, b.e.sh. 627-jılı Vavilon Assiriyadan bo`linip shıg`adı, 625-jılı Midiya patshalıg`ı g`a`rezsizligin qayta tikleydi. Assiriyag`a qarsı Vavilon ha`m Midiya baslag`an urıs onın` en` iri orayların - Ashshur ha`m Nineviyanı qıyratadı ha`m Assiriyanın` a`skeriy jen`ilisine alıp keledi.

Solay etip, birinshi ret, derlik pu`tkil Aldın`g`ı Aziyanı biriktirgen. Ot ha`m qılısh penen 150 jıl dawamında o`z u`stemligin ju`rgizgen en` iri A`yyemgi Shıg`ıs ma`mleketi qulaydı, tariyx jılnamasına teren` iz qaldırdı.

### *Talabalardın` bilimin bekkemlew ushın sorawlar*

**1. Ashshurnatsirapala II, Salmanasar III, Ashshurbanipal patshalarının` Assiriya ma`mleketinin` ekonomikalıq rawajlanıwında tutqan ornı?**

**2. Assiriyada «ekinshi ba`lentleniw» da`wirinin` bunday atalıwının` sebebi nede?**

## A`YYEMGI VAVILON

***B.E. ShEKEMGI XII-VII A`SIRLERI***

***Jobası:***

**1. Vavilonda xojalıqtın` rawajlanıwı ha`m sotsial turmıs.**
**2. Vavilon ma`mleketinde tileniwshilik, qulshılıq, sotsial toparlardın` payda bolıwı.**
**3. Shan`araq qatnasıqları ha`m sud protsessleri.**

**B.e.sh. XIII a`sirdin` aqırında Vavilonnın` ekonomikalıq ha`m siyasiy ha`lsirewi baslanadı. B.e.sh. XII a`sirdin` ortasınan Elamitler Vavilonda ha`kimiyattı basıp aladı. Qalalar, xramlar tonaladı. Vavilon qudayı-Sharduktın` statuyası Elamg`a alıp ketiledi. Solay etip, kassitler dinastiyasının` altı a`sirlik u`stemligi tamamlanadı. Elam u`stemligine qarsı gu`res ju`rgiziledi (b.e.sh. 1126-1105 jj.) Dar qorg`anı qasındag`ı sawashta elamitler u`stinen jen`iske erisip, Vavilonlılar Elamg`a basıp kiredi ha`m og`an soqqı beredi.**

**B.e.sh. XI a`sirdin` ortasına kelip, yarım ko`shpeli arameyler qa`wipli Vavilon ha`m Assiriyag`a shabıwıllar jasaydı, al b.e.sh. VIII a`sirdin` aqırında olar Vavilonnın` batıs ha`m arqa shegaralarında turaqlı ornalasıp aladı. Bunnan tısqarı, b.e.sh. IX a`sirde xaldey qa`wimleri Vavilon menen qon`sı jasag`an. Olar tiykarınan Vavilonnın` qubla ta`repinde jasap arqag`a qaray a`ste aqırın jıljıp baslaydı, sonın` menen bir waqıtta olar a`yyemgi Vavilon ma`deniyatı ha`m dinin o`zlerine sin`irip aladı.**

**B.e.sh. VIII a`sirdin` ortasında qudiretli Assiriya ma`mleketi Vavilon ushın u`lken qa`wip tuwdıra basladı. B.e.sh. 744-jılı Assiriya patshası tiglatpalasar III Vavilong`a basıp kiredi, xaldey qa`wimleri u`stinen jen`iske erisedi ha`m «Shumer ha`m Akkad» patshası atag`ın aladı.**

**Assiriya patshaları Sargon II, Sinaxxerib ha`m xaldey qa`wiminin` ko`semler arasında Vavilon taxtın iyelew ushın o`zgermeli sıpatındag`ı urıs ju`z beredi (b.e.sh. 720-703 jj.) En` son`ında b.e.sh. 689 jıldın` aprelinde Vavilon qatardag`ı provintsiya sıpatında Assiriya ma`mleketine qosıp alınadı.**

**Biraq b.e.sh. 626 jıldın` basında Assiriya u`stemligine qarsı ko`terilis ju`z berdi. Onı xaldey ko`semi Nabopalasar basqaradı. Usı jılı ol patsha taxtına otıradı ha`m xaldey (yamasa jan`a Vavilon) dinastiyasına tiykar saladı. B.e.sh. 612 jılı ol Vavilonnın` en` iri qalalarının`**

**birin - Uruktı basıp aladı. Midiya menen awqamda Vavilon Assiriyag`a bir neshe atlanıslar jasaydı. B.e. shekemgi 609 jılı Nabopalasar u`lken a`skerleri menen Assiriya u`stinen sheshiwshi jen`iske erisedi.**

**Assiriya ma`mleketi qulawının` aqıbetinde Vavilon pu`tkil Mesopotamiyanı iyeleydi. Vavilon ma`mleketi Palestinanı iyelewdi maqset etedi, biraq Mısr da usıg`an urınadı. Bul jag`day Mısr ha`m Vavilon arasında u`lken qarama-qarsılıqlarg`a alıp keledi. Nabopalasardın` ulı Navuxudonosor b.e.sh. 605 jılı Karkemish qalasın basıp aladı ha`m Mısr garnizonın qıyratadı. Bunnan keyin Vavilon Siriya ha`m Palestinanı iyelep aladı.**

**Navuxudonosor II basqarıw da`wirinde Vavilon a`yyemgi Shıg`ıstın` en` iri qalasına aylanadı. Onın` xalqı 20 mın` adamnan ibarat edi. Bul da`wir Vavilon ma`mleketi ushın ekonomikalıq gu`lleniw ha`m ma`deniy qayta oyanıw da`wiri boldı. Qalada Vavilonlardın` bas ibadatxanası - Jagala jaylasqan edi. Onın` qasında biyikligi 91 metr jeti qabatlı zikkurit bolg`an, onı Etemenan dep atag`an (Bibliyada onı Vavilon minarı dep atag`an). Bul minaratam zamannan ja`ha`nnin` jeti a`jayıbatlarının` biri bolıp sanalg`an.**

**Navuxudonosor II tusında Vavilon bekkem qorg`ang`a aylanadı (biyikligi 1 metr eni 3,7 m bolg`an eki qabatlı diywallar, minarlar ha`m 1 da`rwaza bolg`an). Navuxudonosor II b.e.sh. 553 jılı o`lgennen keyin o`z-ara gu`res ha`wij aladı, taxttı Nabonidu (b.e.sh. 556-539 jj.) iyeleydi. Ol b.e.sh. 553 jılı Xarran ha`m Tayma qalaların basıp aladı. Bul da`wirde shıg`ıs ta`repte qu`diretli ha`m jigerli qarsılas persler payda boladı. Olar Midiya, Lidiya ha`m basqa ellerdi basıp aladı. Persler da`slep Opis, Sippar qalaların iyeleydi. B.e.sh. 539 jıldın` 12 oktyabrinde Kir II Vavilon qalasın basıp aladı. Vavilon Persiya ma`mleketinin` satrappiyasına aylanadı.**

**B.e.sh. VII-IV a`sirleri Vavilonda awıl xojalıg`ı o`ndiristin` tiykarg`ı tarawı bolg`an, ol qoldan suwg`arılg`an. Jan`a Vavilon da`wirinde o`nermentlik anag`urlım rawajlang`an. Vavilon ja`miyeti qalalardın` tolıq huqıqlı puxaralıq huqıqlardan ayırılg`an erkin adamlardan, g`a`rezli turg`ınlardın` ha`r qıylı toparlarınan ha`m qullardan ibarat bolg`an.**

| | |
|---|---|
| ***Barlıq toparlar sotsiallıq, ekonomikalıq jaqtan u`sh klasstı qurag`an:*** | ➢ **eziwshi aqsu`yekler (patsha ha`m xram ha`meldarları, iri jer iyeleri, sawdagerler h.t.b.)n`** |
| | ➢ **erkin o`nermentler ha`m mayda jer iyelerin`** |
| | ➢ **qullar ha`m o`ndiris qurallardan ayırılg`an g`a`rezli toparlar.** |

**Vavilon Persiya ma`mleketinin` en` bay satrapiyalarının` biri bolg`an ha`m Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı ma`mleketleri ha`m Mısr, Siriya, Elam ha`m Kishi Aziya arasındag`ı sawdada da`lda`lshı rolin atqarg`an.**

**Persiya u`stemligi da`wiri ha`r qıylı xalıqlardın` etnikalıq aralasıwı ha`m ma`deniyatları inkretizm menen sıpatlanadı. Vavilonda jergilikli xalıq penen sin`isip ketken a`skeriy**

**kolonnalar ha`m ko`ship kelgenler Vavilon ismlerine iye bolg`an, aramey tilinde so`ylegen. Biraq olarda, o`z gezeginde, vavilonlılarg`a belgili da`rejede ta`sir jasag`an.**



**Aleksandr Makedonskiy askerlerinin` Vavilong`a basip kiriwi.**

# A`YYEMGI MESOPOTAMIYa XALIQLARININ` MA`DENIYaTI

***Jobası:***

**1. Shumer ma`deniyatının` a`hmiyeti.**

**Shumer urıwlarının` birlesiwi.**

**2. Totemizm qaldıqlar. Astrologiya ornı. Qudaylarg`a sıyınıw.**

**3. Ilim, bilim, a`debiyattın` rawajlanıwı.**

**4. Ko`rkem o`ner, Arxitektura rawajlanıwı.**

**A`yyemgi Mesopotamiya ma`deniyatı usı aymaqta jasawshı ko`plegen xalıqlardın` do`retiwshisi bolıp tabıladı. Onın` tiykarın Tu`slik da`r`ya aralıg`ı (Dvurech`e) ha`m Shumer tsivilizatsiyasının` erte diyxanshılıq qa`wimlerinin` jetiskenlikleri quraydı. Olar ma`deniy rawajlanıwdın` o`zgeshe jolın ayqın sıpatlaydı.**

**Mesopotamiya xalıqlarının` arxitektura, iskusstvo, a`debiyat, jazıw ilimiy bilimler tarawlarındag`ı jetiskenlikleri pu`tkil A`yyemgi Shıg`ıs xalıqları ushın u`lgi bolg`an ha`m du`n`ya ma`deniyat g`a`ziynexanasında ılayıqlı orın iyelegen. A`yyemgi Mesopotamiya dini tiykarında erte diyxanshılıq qa`wimlerinin` diniy inanımları, xasıldarlıq hayal qudayına sıyınıw bolg`an.**

**Klasslıq ja`miyet qa`liplesiwi menen ja`miyettin` jergilikli sıyınıwların biriktirgen ulıwma shumerlik panteon qurıldı. Ko`p qudaylıq yamasa palitizm A`yyemgi Shıg`ıs dini, sonın` ishinde Mesopotamiya dini ushın sıpatlı belgi bolıp tabıladı.**

**Mesopotamiya dinin a`yyemgi totemistlik ko`z-qaras elementleri uzaq waqıtqa shekem saqlanıp keldi. Ata-babalarg`a sıyınıw o`zinin` a`hmiyetin joyıtqan joq. Mesopotamiya dininin` en` sıpatlı belgilerinin` biri duwaxanlıqtın` a`yyemgi ha`m a`piwayı formalarının` saqlanıp qalınıwı (Duwaxanlıq quralları adamlardı awırıwdan ha`m ba`le-beterden saqlap qalıwı mu`mkin dep isengen). Jorıwlar, pal ashıwlar Mesopotamiya dininde a`hmiyetli orın tutqan.**

**Klasslıq ja`miyettin` rawajlanıwı menen patshanı quday dep biliw da`stu`rge aylanadı. Shumer-Akkad patshalıg`ında Urdın` III dinastiyası tusında bul da`stu`r o`zinin` ayqın ko`rinisin taptı. Qudaylar patshalardın` qa`wenderleri esaplanıp, olar patshalarg`a el ha`m xalıq u`stinen ha`kimiyat bergen.**

**Xramlar A`yyemgi Mesopotamiyanın` en` a`hmiyetli diniy orayları bolg`an.**

**A`yyemgi Mesopotamiya xalqı quramalı mifologiya islep shıqqan. Ma`selen, du`n`ya ha`m adamlardı jaratıw haqqındag`ı mifler. Shumer mifine muwapıq, du`n`yanı Ellil qudayı jaratqan.**

**Diyxanshılıq ja`miyeti ideologiyasında u`lken rol` oynag`an ta`biyatqa sıyınıw-Ishtar ha`m Dumuzi haqqında vavilon mifinde o`z sa`wlesin tapqan. Mesopotamiya xalıqlarının`**

**mifleri, a`sirese suw tasqını, beyish turmısı, marhumlardın` tiriliwi haqqında mifler Aldın`g`ı Aziya xalıqlarının` diniy ko`z-qaraslarına, sonın` ishinde diniy mifologiyalıq a`debiyatqa u`lken ta`sir jasadı.**

**B.e.sh. IV mın` jıllıqtın` aqırında III mın` jıllıqtın` basında Tu`slik Mesopotamiyada en` a`yyemgi jazıw payda boldı. Ol Shumer tsivilizatsiyasının` en` a`jayıp jetiskenligi edi. Bul su`wretli (yamasa piktografiyalıq) jazıw edi. Ma`selen, u`y biykesinde 10 balıq bolsa, xatker 10 tik tayaqshalar sog`ıp, qasına balıqtın` su`wretin salg`an. B.e.sh. III mın` jıllıqtın` ortalarında Tu`slik Mesopotamiyada Shumer jazıwı birotala klinopis`ke aylandı, keyin ala onı Akkadlılar da iyelep aldı.**

**Akkadlı klinopis` penen jazılg`an a`yyemgi tekstler b.e.sh. XXV a`sirge tiyisli shumer-Akkad klinopisi 600 belgilerden ibarat, olardın` ha`r qaysısı bir neshe ma`nige iye. Aldın`g`ı Aziyanın` derlik barlıq xalqı Mesoptamiyada payda bolg`an klinopis` sistemasın iyelep aldı. Olar tas, metall kestelerinde jazılg`an. Klinopis` u`sh mın` jıldan aslam waqıt o`mir su`rdi. Mesopotamiyanın` en` son`g`ı tekstleri b.e.sh. son`g`ı a`sirlerge tiyisli. Akkad tili ha`m klinopisi menen bir qatarda, b.e.sh. V a`sirden baslap Mesopotamiyada aramey tili ha`m aramey alfavitinde pergament, papirusta jazıwlar payda boladı.**

**Sonın` menen birge Mesopotamiyanın` bay ma`deniyat esaplang`an ju`da` ko`p poemalar, lirikalıq shıg`armalar, mifler, gimnler, an`ızlar, da`stanlar ha`m naqıl maqallar saqlanıp qalg`an. Ma`deniy rawajlanıwında bir neshe basqıshlardı atap ko`rsetiwge boladı. B.e.sh. III mın` jıllıq bul waqıtları qudaylar diziminen ibarat da`slepki a`debiy tekstler, ayırım mifler, gimnler ha`m fol`klorlıq shıg`armalar payda boladı. Ekinshi da`wir b.e.sh. III mın` jıllıqtın` aqırı - II mın` jıllıqtın` basın o`z ishine qamtıydı. Ol Shumer a`debiyatının` gu`lleniwi, shumer tilinde shıg`armalardın` tiykarg`ı massası (poema h.t.b.). do`relitiwi menen sıpatlanadı. B.e.sh. V mın` jıllıqtın` birinshi yarımı - A`yyemgi Mesopotamiya a`debiyatı rawajlanawanın` juwmaqlawshı basqıshı. Bul Shumer ha`m Akkad a`debiy shıg`armaların ko`shiriw, tariyxıy a`debiyatlar do`retiw h.t.b. da`wiri boldı. A`jayıp batır Gil`gamesh haqqında epikalıq da`stanlar Mesopotamiya a`debiyatının` en` belgili esteligi bolıp tabıladı.**

**Klinopis`ti iyelew anag`urlım ka`siplik tayarlıqtı talap etti. B.e.sh. III mın` jıllıqtın` aqırında arnawlı xatkerler mektepleri bolg`an. Mektepler xramlar qasında islep turg`an. Jeke mektepler bolg`an bolıwı da itimal. Kitapxanalar Mesopotamiya ma`deniyatının` en` iri jetiskenliklerinin` biri bolg`an (b.e.sh. II mın` jıllıqtan baslap Ur, Nippur h.t.b.).**

**A`yyemgi Shıg`ıstag`ı barlıq kitapxanalar ishinde Assiriya patshası Ashshurbanipaldın` (b.e.sh. 669-635 jj.) kitapxanası en` ataqlısı bolg`an. Ol jerde 20 mın`nan aslam tas kesteleri saqlanıp turg`an. Qazıwlar ju`rgizgende Sultan tepede jeke kitapxana tabılg`an. A`yyemgi**

**Mesopotamiya arxivler eli bolg`an. Olarda ha`kimshilik, xojalıq yuridikalıq hu`jjetler ha`m xatlar saqlang`an. Arxivler Ur, Mari patsha sarayı, Xirsabad ha`m tag`ı basqa qalalarda bolg`an. Bizlerge ma`lim bolg`an en` birinshi jeke adamlar arxivleri b.e.sh. III mın` jıllıqtın` birinshi yarımına tiyisli (Egibi u`yi arxivi).**

**Du`n`yanı ilimiy jaqtan u`yreniwde Mesopotamiya xalıqları belgili tabıslarg`a eristi. Matematika tarawında aytarlıqtay jetiskenlikler qolg`a kirgizildi. A`yyemgi turg`ınlar arifmetikanın` to`rt qag`ıydasın, bo`lsheklerdi bilgen, algebra ten`lemelerin sheshken. Olar geometriya baslamaları menen tanıs bolg`an, o`lshewdin` metrlik sistemasın, ko`lem ha`m salmaq sistemaların islep shıqqan. Astronomiya anag`urlım rawajlanıwg`a eristi. Ol astrologiya-jalg`an ilim menen tıg`ız baylanıslı edi. Astrologiya juldızlar boyınsha adamlardın` ta`g`dirin aldın ala aytıwg`a urıng`an. Sol da`wirde ay kalendarı du`ziledi, ha`r ayda 29 yamasa 30 ku`n bolg`an, al bir jıl 12 ay yamasa 345 ku`nnen ibarat bolg`an.**

**Ko`plegen vavilon meditsina tekstleri saqlang`an, olar menen tanısqanda, sol da`wirde shıpakerler shıqqan su`yekti ha`m sınıqlardı emlegenin ko`remiz. Mesopotamiyada adamlar o`zinin` o`tmishine, yag`nıy tariyxına ju`da` qızıqqan. Ma`selen, b.e.sh. IV-III mın` jıllıqlarda tariyxshı Beros «Vavilon ha`m Xaldey tariyxın» jazg`an. Huqıq ju`da` joqarı rawajlanıw da`rejesine jetken. B.e.sh. III mın` jıllıqtın` aqırında sudlaw kitapları ha`m nızamlar du`ziledi. Vavilon patshası Xammurapidin` nızamlar jıynag`ın atap o`tiwge boladı.**

**Mesopotamiya ma`deniyatının` sıpatlı belgileri b.e.sh. IV mın` jıllıqtın` o`zinde anıqlandı. Sol da`wirde tas skul`pturası payda boladı. (Uruktag`ı Quday basının` skul`pturası). Arxitekturada ren`li boyaw elementleri en`giziledi. Ashshurbanipala sarayının` rel`efleri ju`da` joqarı ko`rkem o`ner u`lgilerinin` biri bolıp tabıladı. Zergerler o`neri, qural-jaraq tayarlaw a`yyemgi Mesopotamiyada ju`da` joqarı da`rejede rawajlanadı.**

**Solay etip, a`yyemgi Dvurech`e (Eki da`r`ya aralıg`ı) xalqının` arxitektura, iskusstvo, jazıw ha`m a`debiyat, ilimiy bilimler tarawlarındag`ı jetiskenlikler a`yyemgi zamanda pu`tkil Jaqın Shıg`ıs ushın u`lgi bolg`an.**

## *Tariyxıy atamalardı bilip alın`*

***Klinopis`*** **– bul jazıwdın` sızıqshalardan ibarat tu`ri bolıp, ol Assiriya, Vavilon, a`yyemgi Iran ha`m basqa da xalıqlarda qollanılg`an.**

***Piktografiya*** **– su`wretli jazıw.**

***Totemizm*** **– alg`ashqı da`wirlerde totemlarg`a sıyınıw.**

***Fetishizm*** **– jansız zatlarg`a sıyınıw (tasqa, terek h.t.b.)**

***Kriptografiya*** **– bul Shumer jazıwı bolıp, «sırlı jazıw» degen ma`nini bildiredi.**

## KIShI AZIYa A`YYEMGI ZAMANDA.
## ELI HA`M XALQI. DEREKLER HA`M ISTORIOGRAFIYa.

*TARIYXININ` EN` A`YYEMGI DA`WIRI*

***Jobası:***

**1. Kishi Aziya eli ha`m xalqı.**

**2. Xett patshalıg`ı.**

**3. Kishi Aziya batısındag`ı ma`mleketler. Lidiya ma`mleketi.**

### *Tema boyınsha ayrıqsha u`yreniliwi kerek bolg`an tu`sinikler*

**Kishi Aziya a`yyemgi zamanda, onın` xalqı, derekleri ha`m istoriografiyası. Tariyxının` en` a`yyemgi da`wiri, Xett patshalıg`ı. Kishi Aziya batısındag`ı ma`mleketler. B.e.sh. V-II mın` jıllarda Troya patshalıg`ı. Lidiya ma`mleketi.**

**Kishi Aziya - bul yarım ataw. Onın` jag`alarında bir neshe ten`izlerdin` (Qara ten`iz, Egit ten`izi, Jer Orta ten`izi) suwları tolqınlap tur. Evropadan onı Bosfor ha`m Dardanella bug`azları ayırıp tur. Onın` shıg`ıs ta`repi dala u`stirti, ol tawlar (Pontiy tawları ha`m Antitavr) ha`m Qızıl Irmaq da`r`yası menen qorshalıp tur. Batıs ta`repindegi jag`alarda qolaylı qoltıqlar jaylasqan.**

**Kishi Aziyanın` Evropa ha`m Aziya materikleri arasında geografiyalıq jaylasıwı sawda, a`yyemgi ma`deniy baylanıslardın` rawajlanıwında ha`m etnikalıq ko`ship-qon`ıslawlarda onın` a`hmiyetli ornın belgiledi.**

**Xettler yamasa proxettler ha`m xurritlerdin` qa`wimin Kishi Aziyanın` a`yyemgi xalqı dep atawg`a boladı.**

**B.e.sh. II mın` jıllıqtın` basında Kishi Aziyada hindevropalıq tilde so`ylewshi xettler, al b.e.sh. II mın` jıllıqtın` ortalarında grekler-axeyler ha`m friygiyler jasag`an.**

**B.e.sh. VIII-VII a`sirleri Kishi Aziyag`a kimmeriyler kelip baslaydı.**

**1823-jılı F.Shampol`on ta`repinen Ramzes II jazıwları ashıladı, XIX a`sirdin` 40-jılları R.Lepshus ta`repinen «Kadesh qasındag`ı sawash» atlı Mısr poeması ha`m Mısr-Xett sha`rtnamasının` ja`riyalanıwı, sonday-aq Xett ma`mleketi paytaxtı – Xattustı, qazıwlar qu`diretli Xett ma`mleketinin` o`zi tariyxta bolg`anlıg`ı haqqında mag`lıwmatlar berip qoymastan, onın` ma`deniyatın tolıq ashıwg`a mu`mkinshilik bergen. Bul jerde Akkad tilinde, ayırımları xett xalıqları tilinde klinopis` hu`jjetlerinin` u`lken arxivi tabılg`an.**

**Xett jazıwların izerlewde chex ilimpazı B.Groznıy u`lken rol` oynag`an. 1915-1917-jılları ol xettler klinopisi shifrların oqıg`an (patsha jazıwları, diplomatiyalıq, xojalıq ha`m a`debiy-diniy tekstler, faraonlardın` Assiriya ha`m Vavilon patshaları menen xat alısıwları h.t.b.).**

**Materiallıq ma`deniyat estelikleri, epigrafiyalıq hu`jjetler ha`m antik avtorlarının` miynetleri Kishi Aziya batıs ma`mleketlerinin` tariyxı boyınsha tiykarg`ı derekler bolıp tabıladı.**

**Troya qalası, Frigiya paytaxtı-Gordion ha`m Lidiya paytaxtı-Sard, sonday-aq batıs Kishi Aziyanın` basqa orayları qulandıların qazıw u`lken a`hmiyetke iye boldı.**

**A.Sens, I.Fridrix, R.Gusmani, Z.Larosh h.t.b. ilimpazlar epigrafiyalıq esteliklerdi ha`m lingvistikalıq materiallardı izertlewge salmaqlı u`les qostı.**

**B.e.sh. II a`sirdin` grek tariyxshısı Apolodordın` epikalıq an`ızları ha`m mifleri Troya, Frigiya ha`m Lidiya patshalıqları tariyxı ma`deniyatı boyınsha bay materiallarg`a iye. Greklerdin` «Iliada» ha`m «Odisseya» epikalıq poemaları Troya tariyxı boyınsha a`hmiyetli derekler bolıp tabıladı. Onı soqır jırshı Gomer do`retken. Da`standa keltirilgen ko`plegen mag`lıwmatlardın` haqıyqıy ekenligin jan`a izertlewler da`liyllegen. Ilimpazlardın` pikirlerine qarag`anda, shıg`arma Troya urısına (b.e.sh. XII a`sir) qatnasıwshılardın` jeke baqlawları tiykarında jazılg`an.**

**Lidiya tariyxı, ol haqqında geografiyalıq ha`m tariyxıy mag`lıwmatlar antik avtorlardın` miynetlerinde, atap aytqanda, Gerodottın` «Tariyxında, Strabonnın` Geografiya»sında, Nikolay Damasskiydin` shıg`armalarında bayan etiledi. Rus alımları da, atap aytqanda, V.V.Struve, I.M.D`yakov, P.N.Ushakov h.t.b. usı da`wirdi izertlewge salmaqlı u`les qostı. Olar Kishi Aziya etnomingvogenez, xronologiya, Batıs Kishi Aziya ma`mleketlerinin` grek ha`m Shıg`ıs du`n`yası menen o`z-ara qatnasıqları mashqalaların izertlegen.**

**Kishi Aziya aymag`ında neolit da`wirinde an`shılar jasag`an. B.e.sh. X-IX a`sirleri jergilikli xalıq jabayı o`simlikler jegen. Bug`an Bildibi u`ngirlerinde tabılg`an shaqmaq taslar, pıshaqlar da`lil bola aladı. B.e.sh. VIII-VII a`sirleri bul jerlerde ılaydan salıng`an u`yler payda boladı, adamlar an`shılıq ha`m diyxanshılıq penen shug`ıllanadı.**

**Diyxanshılıq ha`m sharwashılıq ma`deniy jaqtan rawajlanıw tiykarı boldı. Bunı b.e.sh. VII-VI mın` jıllıqlarg`a tiyisli Chatal-xuyuk ma`deniyatı mısalında ko`riwge boladı. Bul ma`deniyat usı da`wirdin` pu`tkil A`yyemgi Shıg`ıstag`ı en` rawajlang`an ma`deniyatının` biri bolıp esaplanadı. Metalldı eritiw en` a`hmiyetli texnologiyalıq jetiskenlik boldı. Diyxanshılıq-sharwa ekonomikasının` rawajlanıwı abadanshılıqtın` joqarı da`rejesin ta`miyinledi.**

**Bul da`wirde o`gizge ha`m quday ana-hasıldarlıqtın` qa`wenderine sıyınıw ju`da` ken` taralg`an. B.e.sh. III mın` jıllıq dawamında sheshiwshi o`zgerisler ju`z beredi. Oraylar bekkemlenedi, o`nermentshilik rawajlanadı (Troya, Polioxni). Baylıqlar toplap alıp, qa`wim ko`semleri, sawdagerler ha`m o`nermentler qalalardın` bekkem qorg`alg`an diywalları artında jasırındı. O`zlerine sadıq a`skeriy toparlarg`a su`yengen qa`wim ko`semleri-a`skeriy**

**baslıqlar qatardag`ı qa`wim ag`zalarınan barg`an sayın bo`leklene basladı. Alg`ashqı du`zimnin` ha`lsirew protsesi jigerli pa`t penen dawam etti.**

## *X E T T  P A T Sh A L I G` I*

**B.e.sh. II mın` jıllıqtın` basında Kishi Aziyada qala-ma`mleketler payda boladı (Kanes, Burusxanda, Kussar ha`m Nesa, Tsappa, Xattis). B.e.sh. XX-XVIII a`sirleri assiriyler ha`m amoriyler tiykar salg`an sawda koloniyaları Kishi Aziyada klasslıq ja`miyet qa`liplesiwinde a`hmiyetli rol` oynag`an. Usı koloniyalar arqalı xalıq aralıq sawda ju`rgizilgen. Usı sawda faktoriyalardın` ha`reket etiwinin` o`zi jergilikli qa`wim xojalıqların rawajlandırıwg`a, qul iyelewshilik qatnasıqlardın` ken` en jayıwına imkaniyatlar tuwdırdı.**

**B.e.sh. XVII a`sirdin` birinshi yarımında, Pitxan (Kussar ha`m Nessa qalaları) ha`m Ametta patshalıq etken da`wirde kishi qala-ma`mleketler birden-bir iri ma`mleketke birigedi. Anetta A`yyemgi Xett patshalıg`ı dep atalg`an ju`da` u`lken ma`mleketlik du`zilisti basqaradı (b.e.sh. XVIII-XVI a`sirleri).**

**Xett patshalıg`ına tiykar salıwshılardın` birigiw siyasatın Anettanın` miyrasxorı Labarna patshası (b.e.sh. 1680-1650 jj.) dawam etedi. Ol Tavr tawının` qırının` arqa janbawırın iyelep alıp, Qara ten`iz jag`alawlarına shıg`adı. Mursili (b.e.sh. 1620-1590 jj.) patsha tusında Xett patshalıg`ında oraylasıw protsesin ku`sheytedi. Ol Mesopotamiyadan Finikiya jag`alawlarına qaray jolındag`ı sawda ornı bolg`an Xappanı, sonday-aq Aldın`g`ı Aziyanın` bas orayı bolg`an Vavilonnı basıp aladı (b.e.sh. 1595 j.).**

**Ishki siyasatta ha`lsirew seziledi, o`z-ara urıslar da`wiri dawam etedi. Xett ma`mleketinin` xalıq aralıq abıroyı da tu`sedi. Talepin (b.e.sh. 1520-1490 jj.) tusında patshalıq ha`kimiyattı onın` balasına beriw haqqında pa`rman ja`riyalanadı. Talepin o`lgennen keyin, onın` balası tusında qa`weterli da`wir Orta Xett ma`mleketi da`wri baslanadı (b.e.sh. XV a`sir). Bul da`wirde Xett ma`mleketinin` ha`lsirewi bayqaladı. Xettlerdin` shıg`ısında ku`shli Mitaniy ma`mleketi, sonday-aq kaski qa`wimleri payda boladı. Son`g`ılar Xett patshalıg`ına u`lken qa`wip tuwdıradı, onın` paytaxtın - Xattisanı basıp aladı ha`m qıyratadı.**

**B.e.sh. XIV a`sirdin` basında Xett patshalıg`ının` qayta tikleniwi baslanadı. Bul patsha Suppilumuma ha`reketi menen baylanıslı boldı. Qolaylı sharayatlardan paydalanıp, Mısr kassitler Vavilon ha`m Mitaniy ma`mleketleri ha`lsirewinen juwmaq shıg`arıp, Xett patshalıg`ı armiyasın ku`sheytedi. Xettler Jer Orta ten`izi boylarına ha`m Iordaniyag`a basıp kiredi. Mitaniyge tiyisli Siriya qalaların Xalna, Nuxashsha, Niy ha`m Karkamıs qalaların basıp aladı.**

**Karkamıs qalası Xett wa`killeri ta`repinen kolonialastırıladı, ku`shli bekinisedi ha`m jan`a Xett ma`mleketi bas qorg`anına aylanadı. Xett patshası Suppiluliuma Mitaniy ma`mleketin iyelep taxtqa o`zinin` balası Tushrattı otırg`ızadı. Mursili II (b.e.sh. 1340-1305jj.) patshalıq da`wirinde Xett ma`mleketi ja`ne ku`sheyedi. Ol Arqa patshalıg`ı a`skerlerin qıyratadı ha`m Apasu qalasın iyeleydi. Solay etip, Kishi Aziyanın` ko`pshilik bo`legi xettler ha`kimiyatı astına o`tedi.**

**Usı da`wirde Kishi Aziyada sırtqı siyasiy jag`day keskinlesken edi. Shıg`ıs Jer Orta ten`izi boyı aymaqların qaytarıp alıw ha`m Aldın`g`ı Aziyada u`stinlik etiw ushın sol da`wiride eki ullı Mısr ha`m Xett ma`mleketleri arasında qa`ha`rli urıs ju`z beredi. Biraq bir neshe soqlıg`ısıwlardan keyin b.e.sh. 1280-jılı Mısr ha`m Xett ma`mleketleri arasında paraxatshılıq kelisimi du`ziledi. Usı kelisimge muwapıq, Siriyanın` bir bo`legi ha`m Arqa Finikiya Xett ta`sir zonasına, al Palestina ha`m Tu`slik Finikiya-Mısr ta`sir zonasına aylanadı. Ha`tteki, Xett patshasının` qızı Ramzes II ge turmısqa shıg`adı.**

**B.e.sh. XIII a`sirdin` aqırında ten`iz xalıqları dep atalg`an ku`shli awqam du`ziledi. Og`an axeyler, sherdanlar, etrussklar h.t.b. kirip, Aldın`g`ı Aziya ma`mleketlerine hu`jim jasaydı. Olar Xett a`skerlerin qırıp taslaydı, so`ytip Xett ma`mleketi birotala qulaydı (b.e.sh. 1190j).**

**Nızamlar jıynag`ı Jan`a Xett patshalıg`ı xojalıg`ın ha`m sotsiallıq qatnasıqların sıpatlawshı tiykarg`ı derek bolıp tabıladı. Usı nızamlar jıynag`ı ha`m su`wretler boyınsha mal sharwashılıg`ı basım awıl xojalıg`ı ekonomikasının` tiykarı bolg`an, xettlerde diyxanshılıq ekinshi orın iyelegen. Patsha barlıq jerlerdin` ra`smiy iyesi bolg`an. Xram ha`m qa`wimlerdin` de jerleri bolg`an.**

**O`nermentliktin` rawajlanıwı haqqında nızamlar ha`m basqa hu`jjetler da`lilleydi. Olarda shoyınshı, gu`lalshı, ag`ash ha`m teri ustaları, tigiwshiler tuwralı so`z etiledi.**

**Jan`a Xett patshalıg`ında sırtqı sawda da jaqsı rawajlanadı. Mısr ha`m Mesopotamiya a`yyemgi tsivilizatsiyaları turaqlı ma`deniy da`stu`rlerge iye bolg`an da`wirde Xett ma`mleketi iri ma`mleket sıpatında qa`liplesedi, bul joqarı rawajlang`an oraylardın` belgili ma`deniy ta`sirinde boladı. Olardın` ko`p qudaylıq dini bolg`an. Ka`ramatlı o`giz, arıslan h.t.b. haywanlar menen quslarg`a sıyınıw u`lken rol` oynag`an. «O`mirbayan» dep atalg`an jazba shıg`armalar saqlang`an. Sonday-aq, arxivlerde kutiy patshası Impakrudin` Akkadg`a atlanısı haqqında tariyxiy poema saqlanıp kelgen. A`skeriy ma`mleket sıpatında Xett ma`mleketi a`skeriy-injenerlik ha`m qurılıs jumısların rawajlandıradı. Statuyalar bolg`an, diywallarg`a rel`efli su`wretler salıng`an.**

## *KIShI AZIYa BATISINDAG`I MA`MLEKETLER B.E.Sh. II-V MIN` JILLIQLARDA*

***TROYa PATShALIG`I.*** **Troya Kishi Aziyanın` en` a`yyemgi oraylarının` biri bolg`an. Ol bekinisli qalasha, a`hmiyetli o`nermentshilik ha`m sawda orayı bolg`an. Troyashılar ku`shli armiya du`zgen, onın` basında patshanın` balası turg`an. Ma`mleketti patsha basqarg`an. Gomer o`zinin` poemasında aqsaqallar ken`esi ha`m xalıq jıynalısı haqqında so`z etedi. Xalqı Xett-Liviya, Frakiya ha`m Frigiya qa`wimleri, sonday-aq greklerden turg`an. Troya patshalıg`ının` gu`lleniwi b.e.sh. 1800-1300-jıllarg`a tuwra keledi. Troya urısı waqtında (b.e.sh. XIII a`sir) ol grek-axeyler menen awır urıs ju`rgizedi. Gomerdin` «Iliada», «Odisseya» poemalarında axeyler Troyaı on jıl kamalg`a alg`anlıg`ı haqqında so`z etiledi. Frigiya patshalıg`ı qulag`annan keyin Troya onın` miyrasxorı bolg`an Lidiyanın` quramına kiredi. B.e.sh. 546-jılı Persiya ma`mleketi Troya ha`m Lidiyanı basıp aladı. Troyashılar Italiyag`a ko`shiriledi. Bunnan tısqarı, "troyashılar Batıs Sitsiliyanı koloniyalastırg`an", dep jazadı antik avtorı Fukidid.**

***Frigiya patshalıg`ı.*** **Troya patshalıg`ınan keyin Frigiya en` a`hmiyetli siyasiy du`zilis bolg`an. B.e.sh. II mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında frigiyler Makedoniya yamasa Frakiyadan yarım atawdın` arqa-batıs ta`repine ko`ship kelgen. Olar diyxanshılıq, mal sharwashılıg`ı ha`m ju`zimgershilik penen shug`ıllang`an. Ha`r qıylı o`nermentshilik rawajlang`an. Olar grekler menen bolg`an urısta Troyashılarg`a ja`rdem bergen, Xett ma`mleketin qıyratıwg`a qatnasqan. B.e.sh. X-VIII a`sirleri Frigiya patshalıg`ı en` joqarı rawajlanıwına jetedi. Onın` paytaxtı Gordion qalası bolg`an. Ol Frigiya patshalıg`ına tiykar salg`an Gordiy patshası hu`rmetine atalg`an.**

**Sargon II tusında Assiriya a`skerleri Frigiya aymaqları ha`m qalaların basıp aladı. B.e.sh. VII a`sirde Frigiya patshalıg`ı qulaydı, onın` aymag`ı Lidiya patshalıg`ı ha`kimiyatı astına o`tedi, keyin ala b.e.sh. 547-jılı Persiya ma`mleketine kirgiziledi.**

### *Qosımsha sorawlar*

1. **«Iliada» ha`m «Odisseya» epikalıq poemasının` Troya tariyxında tutqan ornı ha`m kim ta`repinen do`retilgen?**
2. **Xettler yamasa proxettler ha`m xurritler qa`wimlerinin` bulay atalıw sebepleri?**

### *ESTE SAQLAW KEREK*

**Frigiyler alfavit jazıwın du`zgen. Din ma`selesinde frigiyler ta`biyat ha`m hasıldarlıq ku`shlerinin` simvolı bolg`an qudaylardın` Ullı Anası ha`m onın` su`yiklisi - *Attis* qudayg`a sıyıng`an. Xramlar ha`m mazarlar salıw ken` taralg`an (Midas).**

# L I D I Ya  M A` M L E K E T I

Lidiya ma`mleketi Kishi Aziyanın` batıs ta`repinin` oraylıq aymag`ında jaylasqan. B.e.sh. V mın` jıllıqtın` basında Lidiya Frigiya ma`mleketi quramına kirgen, biraq ol ha`lsirep qulag`annan keyin o`z betinshe ma`mleketke aylang`an. Onın` paytaxtı-Sardı qalası edi.

Diyxanshılıq ha`m mal sharwashılıg`ı Lidiya ekonomikasının` tiykarın qurag`an ha`m bul aymaqlar metallg`a bay bolg`an. Batıs (grek) ha`m A`yyemgi Shıg`ıs du`n`yaları kesispesinde jaylasqan Lidiya belsene sawda ju`rgizgen. Lidiya sawda aylanısının` en` qolaylı quralı bolg`an ten`genin` watanı bolg`an. Lidiya qul iyelewshilik ja`miyet bolıp, onda qul iyelewshilik klası (jer iyeleri, a`skeriy ha`m ruwxaniy aqsu`yekler ha`m sawdagerler) u`stemlik orın iyelegen. Ja`miyettin` klasslıq ha`m sotsiallıq du`zilisinin` en` to`meninde qullar turg`an.

O`zinin` siyasiy du`zilisi boyınsha Lidiya monarxiya bolıp, ma`mleket basında patsha turg`an, a`skerler onın` tiregi bolg`an. Aristokratiyalıq ken`es ha`m xalıq jıynalısı bolg`an.

B.e.sh. VII-VI a`sirleri Lidiya patshalıg`ı ju`da` jaqsı rawajlang`an. Ol waqıtları ha`kimiyat basında Merinadlar dinastiyası turg`an, og`an Tiges (b.e.sh. 692-654 jj.) tiykar salg`an. Ol Lidiyag`a Frigiya ha`m Kariyanın` bir bo`legin, Troya ha`m Midiyanı qosıp alg`an, solay etip, Qara ten`iz boylarındag`ı ten`iz jolg`a shıg`ıw imkaniyatına iye bolg`an.

654-jılı Kimmeriyler qa`wimleri Lidiya paytaxtın ha`m pu`tkil eldi basıp aladı. Lidiya patshalıg`ı Midiya menen urıs ju`rgizedi (b.e.sh. 590-585 jj.), ol paraxatshılıq pitim menen juwmaqlanadı. Kishi Aziyadan kimmeriy qa`wimlerin quwıp shıg`arıw bul da`wirde Lidiya sırtqı siyasatının` en` iri jetiskenligi boldı.

Krez (b.e.sh. 562-547 jj.) basqarıw da`wirinde Lidiyanın` sırtqı siyasatı ba`lentleydi. Ol Kishi Aziyadag`ı grek qalaların bag`ındıradı. B.e.sh. 547-jılı Persiya patshası Lidiyag`a basıp kiredi, Sardını iyeleydi, Krezdi tutqıng`a aladı. Usı menen Lidiyanın` 150 jıllıq g`a`rezsizlik tariyxı tamamlanadı, ol satrapiyalardın` biri sıpatında Persiya ma`mleketi quramına kiredi.

O`zinin` alfavit jazıwın lidiyler Kishi Aziya greklerinen o`zlestirip alg`an. Lidiya muzıkası jaqsı rawajlang`an. Sheber shıpakerler bolg`an. Lidiyler bekinisli qorg`anlar, na`ha`n mazarlar (Tigesu ha`m Yar) qurg`an. Lidiya dininde o`lip tiriletug`ın qudaylarg`a (Saydan, Attis, Sabadi) sıyınıw taralg`an.

Hasıldarlıq nıshanı bolg`an Ullı Ana, Qudaylar Anasına sıyınıw ju`da` ken` taralg`an. Urıs qudayı retinde og`an pu`tkil Kishi Aziya sıyınatug`ın edi. Lidiya ma`deniyatı grek ma`deniyatına u`lken ta`sir jasadı. Gretsiyag`a Shıg`ıstın` bir qatar ma`deniy jetiskenliklerin inam etti.

# ShIG`IS JER ORTA TEN`IZ BOYI ARABSTAN ELLERI SIRIYa, FINIKIYa HA`M PALESTINA A`YYEMGI ZAMANDA

***Jobası:***

**1. Arabstan ha`m Siriya ma`mleketi.**

**2. Finikiya ha`m onın` sotsiallıq ekonomikalıq, siyasiy ha`m ma`deniy rawajlanıwı.**

**3. Palestina a`yyemgi zamanda.**

***Tema boyınsha to`mendegiler u`yreniledi***

**Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı elleri Arabstan, Siriya, Finikiya ha`m Palestina a`yyemgi zamandag`ı jag`dayları xaqqında.**

**Tavra tawı aldı ha`m Efrattın` orta ag`ısınan baslap Mısrg`a shekem sozılg`an Shıg`ıs Jer orta ten`iz boyı aymag`ına Siriya da kirgen. Bul jerde Finikiya ha`m Palestina da jaylasqan. Kishi da`r`yalar Palestinada Iordan, Siriya ha`m Finikiyada-Oront da`r`yası bolg`an. Ju`da` a`piwayı irrigatsiyalıq qurılıslar bolg`an. Aymag`ı tawlı qırlardan, sahra ha`m yarım sahra oblast`lardan ibarat edi.**

**Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyları bahalı shiyki zat resurslarına iye bolıp, Mesopotamiya ha`m Mısr ma`leketleri dıqqatın o`zine tartqan. Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı eli xalıqları A`yyemgi Shıg`ıstın` usı eki ullı tsivilizatsiyası ta`sirinde jasag`an, jergilikli ma`deniyat ta usı ta`sir astında rawajlang`an.**

**Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı qa`wimleri ha`m xalıqlarının` a`yyemgi tariyxın qon`sı eller derekleri (Mısrdag`ı Tell`-Amarm arxivi, Xett hu`jjetleri, Assiriya ha`kimlilik hu`jjetleri), sonday-aq jergilikli derekler, sonın` ishinde *Bibliya* da sa`wlelendiredi.**

***Rasshamrada* (A`yyemgi Ugarita) tabılg`an hu`jjetler u`lken a`hmiyetke iye. Olardın` ishinde Ugarit dep atalg`an ekonomikalıq, siyasiy ha`m diniy mazmundag`ı a`yyemgi tekstler bolg`an.**

**70-jılları ital`yan arxeologları Ebla qalasında arxiv ashqan. Onda Arqa Shumer jazılıwındag`ı belgiler menen jazılg`an bir neshe mın` klinopis` kesteleri, sonday-aq b.e.sh. III mın` jıllıqtın` ekinshi yarımına tiyisli a`yyemgi semit tillerinde jazılg`an diplomatiyalıq, ha`kimshilik, xojalıq, a`debiy diniy tekstler tabılg`an.**

**Ierixon, Gezer, Laxish, Tir, Sidon (ha`zirgi sayda) ha`m Akkonı qazg`anda tabılg`an jergilikli sıpattag`ı ko`p sanlı materiallardı, sonday-aq Mısr, Kavkaz boyı, Mesopotamiya ha`m Kiprdan alıp kelingen materiallardı atap o`tiw za`ru`r.**

**Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı oblast`ları a`yyemgi zamanda paleolit an`shıları menen jıynawshıları ta`repinen o`zlestirilgen. B.e.sh. IX-VIII a`sirleri da`r`ya ha`m ko`ller boylarında u`n`girler menen turar jerlerde jasawshı mezolit da`wirinin` Natufiy ma`deniyatı**

**qa`wimleri bolg`an. B.e.sh. VIII-VII a`sirleri bul jerde otırıqlı diyxanlar ha`m sharwalardın` du`n`yada en` a`yyemgi ma`deniyatlarının` biri qa`liplesedi. Olardın` Ierixon awılı ju`da` jaqsı izertlengen. Qa`wimler arpa ha`m biydaydın` eki tu`rin ekken. Olar ılaydan sog`ılg`an jaylardan ibarat kishi awıllarda jasag`an.**

**B.e.sh. VI-V mın` jıllıqlarda otırıqlı diyxanshılıq ma`deniyatı bunnan bılay da rawajlanadı. Boyalg`an a`piwayı nag`ıslar menen bezelgen keramika payda boladı. B.e.sh. IV mın` jıllıqtın` aqırında Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı diyxanshılıq qa`wimlerinde ha`r qıylı o`ndiristin` rawajlanıwı seziledi. Gu`nde do`n`gelegi ha`m keramikanı ku`ydiriw ushın arnawlı ko`rikler engiziledi. Mıs penen bir qatarda, altın ha`m gu`mis paydalanadı, b.e.sh. III mın` jıllıqtın` aqırınan qola buyımları islenip baslanadı. Diyxanshılıqta da belgili o`zgerisler ju`z beredi. Da`n o`simlikleri menen bir qatarda, zaytun ag`ashı ha`m ju`zim o`siriledi.**

**Diyxanshılıq, o`nermentshilik penen sawdanın` rawajlanıwı b.e.sh. III mın` jıllıqta qola tipindegi awıllar payda bolıwına alıp keldi (Bibliya). Bul jerde ju`da` u`lken qurılıslar-xramlar payda boladı. Ten`iz boyı qalalarında sotsiallıq differentsiya ju`da` jigerli pa`t aladı, klasslar qa`liplesip baslaydı. B.e.sh. III mın` jıllıqta jan`a siyasiy du`zilis - qala-ma`mleketler payda boladı.**

**B.e.sh. XXVIII-XXIV a`sirleri xramlardın` qaslarında kolonnalar menen qosa saraylar salınadı. Klinopis` jazıwları menen tas baspa, al b.e.sh. XXIII a`sirde patshanın` klinopis` tas kestesi payda boladı.**

**Ebla qalasın qazg`anda b.e.sh. III mın` jıllıqtın` o`zinde materiklik Siriyada qala-ma`mleketler rawajlang`anlıg`ı haqqında a`hmiyetli mag`lıwmatlar tabılg`an. Bul jerde b.e.sh. XXIV a`sirde saraylar kompleksi dep atawg`a bolatug`ın na`ha`n qurılıslar payda boladı.**

**Sotsiallıq jaqtan Ebla tipik qala-ma`mleket bolg`an, onda Ha`kimshilik basqarıw sisteması jaqsı rawajlang`an. Ma`mlekettin` basında patsha turg`an.**

**Erte da`wirde diyxanlardan baslang`an jergilikli da`stu`rler tiykarında rawajlanıp, Ebla ma`deniyatı ma`mleket ha`m klasslıq ja`miyet rawajlang`an da`wirde Shumer tsivilizatsiyasının` tayar normaları ha`m u`lgilerinen ken`nen paydalang`an. Arxitektura ha`m saray diywalların bezegen mozaika frizlerinde Mesopotamiya menen baylanıslar anıq sezilip tur.**

**Palestinanın` kishi qalashaları b.e.sh. III mın` jıllıqta bekkemlengen minarları diywallar menen qorshalg`an (Megidler, Ierusalim, Laxish h.t.b.). Olarda ibadatxanalar menen bir qatarda jergilikli ha`kimlerdin` rezidentsiyaları payda boladı.**

**Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı xalqı o`zinin` quralı boyınsha ha`r qıylı bolg`an (arqada hurritler ha`m xettler). Tiykarg`ı xalıq semit shaqabı tilinde so`ylegen. Aramey tili de**

**qollanılg`an. Ol Siriya dalaları sharwa qa`wimlerinin` tili bolg`an ha`m Batıs Jer Orta ten`iz boyı ellerinde, atap aytqanda, Mesopotamiyada qolanılg`an.**

**B.e.sh. XVIII a`sirde Siriyanın` arqa ta`repinde siyasiy du`zilis (qa`wimler awqamı) payda boladı. Onın` paytaxtı-Xalpa qalası bolg`an. Biraq, b.e.sh. XVII a`sirde Yamxad ha`lsirep, o`z g`a`rezsizliginen ayırıladı. B.e.sh. XVIII-XVII a`sirleri aralıg`ında Yamxadan qublaraqta bir qatar qala-ma`mleketlerden ibarat ku`shli giksoslar awqamı payda boladı. Bul awqam Mısr, Palestina ha`m Tu`slik Siriyanı bag`ındırg`an. Og`an Katesh, Megiado h.t.b. qala-ma`mleketler kirgen.**

**B.e.sh. XV a`sirdin` basında Kadesh qalası basshılıg`ında federatsiya Tutmos III ta`repinen birotala qıyratıladı ha`m pu`tkil Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyında Mısr ma`mlektinin` u`stinligi ornatıladı. Biraq, keyin ala Siriyanı Palestina azat etedi. B.e.sh. XII a`sirdin` basında Siriya ha`m Palestina Jer Orta ten`iz boyı ha`m ataw jaqlarınan kelgen «ten`iz xalıqları»nın` shabıwıllarına ushıraydı.**

**B.e.sh. XII a`sirde olar Ugarit qalasın tolıg`ı menen qıyratadı, keyin ala bul qala tariyx betlerinen joq bolıp ketedi.**

**B.e.sh. II mın` jıllıqtın` aqırı I mın` jıllıqtın` basında finikiyalılar Jer Orta ten`iz boyında is ju`zinde u`stemlik etedi ha`m xalıq aralıq sawdanı o`z monopoliyasına aylandıradı. Finikiylerdin` Jer Orta ten`iz boylarında ken` kolonizatsiyası baslanadı. B.e.sh. 1100 jılında Ispaniyada tirsler koloniyası - *Gades* (ha`zirgi Kades) du`ziledi. Keyin ala finikiyler Batıs Sitsiliya, Sardiniya, Mal`ta ha`m Balear atawlarında jaylasadı.**

**Axiram (Xiram) patsha (b.e.sh. 969-936-jj.) tusında Tir-Sidon patshalıg`ı ayrıqsha rawajlanadı. Onın` qadag`alawı astında, ba`lkim, Tu`slik Finikiya ha`m Palestinanın` bir bo`legi bolg`an. Onın` basqarıw da`wirinde qurılıs (tsitadel`) ken` en jaydı, Mal`katu qudayına ha`m Astarta hayal qudayg`a arnalg`an saltanatlı xramlar ko`teriledi.**

**Finikiyanın` bas qalaları - Tir, Sidon ha`m Bibi sawda esabınan bayıg`an. Olar Mısr ha`m Vavilon tovarların Gretsiyag`a, al grek tovarların-shıg`ısqa satqan.**

**Damasktin` ba`lentlewi b.e.sh. II mın` jıllıqtın` aqırında arameylerdin` Arabstannan ko`ship keliwi menen baylanıslı. B.e.sh. X-a`sirdin` ekinshi yarımında arameylerdin` Siriyadag`ı bas orayı Damask bolg`an.**

**B.e.sh. IX-a`sirdin` ekinshi yarımında Damask patshası Izrail`din` u`lkelerin iyeleydi, Tu`slik Palestinag`a basıp kiredi.**

**B.e.sh. IX-a`sirdin` aqırında Assiriya patshası Damaskti iyeleydi ha`m tonaydı.**

**B.e.sh. I mın` jıllıqtın` birinshi yarımında Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyının` qublasında da jan`a siyasiy du`zilis payda boladı.**

**B.e.sh. XIII a`sirde on eki a`yyemgi evrey qa`wimleri awqamı Palestina aymag`ına basıp kiredi.**

**A`ste-aqırın otırıqlı turmısqa o`tiw, o`nermentshilik ha`m sawdanın` rawajlanıwı mu`likshilik bo`liniwdi tezletti. Iri mu`lik ha`m qul iyeleri klası qa`liplesedi. Saul birinshi patsha bolıp saylandı. Onnan keyin ku`yew David patsha boladı (b.e.sh. 1000-965-jj). Ol oraylasqan monarxiya du`ziw siyasatın alıp barg`an. Ierusalim qosıp alınadı, ol jan`a patshalıqtın` paytaxtına aylanadı. Eldi basqarıw ushın oraylıq ma`mleketlik apparat du`ziledi, onın` basında joqarg`ı ha`meldar turadı.**

**Davidtin` miyrasxorı onın` genje ulı Sulayman basqarıw da`wirinde qurılıs jumıslarına u`lken dıqqat awdarıldı. Ol Yaxve qudayı hu`rmetine Ierusalimde xram quradı. Izrail`-Iudey patshalıg`ının` aymag`ı 12 okrugke bo`linedi.**

**Usı waqıtta arqa shegaralarda ku`shli Damask patshalıg`ı payda boladı. Ko`pshilik qa`wimler Iudeyden bo`linip shıg`ıp, jan`a Izrail` ma`mlektin du`zedi. Onın` paytaxtı bolıp Samariya belgilenedi. Izrail` patshalıg`ı ha`lsirewinen paydalanıp, Mısr Sheshen faraonı tusında b.e.sh. 930-jılı Palestinag`a wayran etiwshi atlanıs jasap, Iudey ha`m Izrail` patshalıqların qıyratadı.**

**B.e.sh. I mın` jıllıqtın` birinshi yarımında Palestinada tovar o`ndirisinin` o`siwi seziledi. Qalalarda sawda ha`m o`nermentshilik kvartallar, qaladan tısqarı tigiwshiler ha`m gu`lalshılar awılları payda boladı. Qa`wimlik jerler menen bir qatarda, jeke jer menshigi payda boladı.**

***Bul da`wirde to`rt qatlam bolg`an:***

- **Puqaralıq aristokratiya**
- **Ruwxaniylar aristokratiyası, jretsler ha`m payg`ambarlar**
- **Erkin xalıq**
- **Sırt ellikler. Sotsiallıq basqıshtın` en` to`mengi qatlamında qullar turg`an**

**B.e.sh. VIII a`sirdin` ortasında Arqa Siriyag`a Urartular kire baslag`an, biraq olarg`a Assiriya qarsı shıqqan. Ko`p sanlı soqlıg`ısıwlardan keyin Siriya ha`m Palestinanın` ko`pshilik aymag`ı bir qatar kishi Assiriyalıq provintsiyalarg`a bo`lingen. Assiriya ha`lsiregennen keyin Tir ha`m Iudey patshalıg`ı qayta tiklenedi. Tir pu`tkil Finikiyanın` gegemonına aylanadı. Tir sawdagerleri ten`iz ha`m qurg`aq sawda jollarında u`stemlik etken. Olar Kishi Aziya ha`m Tu`slik Arabstang`a basıp kirgen. Biraq eki ma`mlekettin` de ishki jag`dayı shiyelenisken edi. Klasslıq gu`res ku`sheydi. Tirda qullardın` iri ko`terilisi ju`z beredi.**

**Faraon Nexo II tusında Iudey ma`mleketi Mısrg`a bag`ıng`an. B.e.sh. 587 jılı Vavilon a`skerleri Ierusalim ha`m Tirdi basıp aladı. Solay etip, Tirshiler Vavilonnın` joqarg`ı ha`kimiyatın moyınlaydı. (b.e.sh. 547j).**

**Axeminidlerdin` Ullı Persiya ma`mleketi payda bolg`annan keyin Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyında jag`day o`zgeredi. Finikiya qalaları Persiya ma`mleketinin` en` a`hmiyetli ekonomikalıq orayına aylanadı. Onın` qollarında sırtqı sawdanın` anag`urlım bo`legi toplanadı. Qalalar o`zlerinin` gu`mis ten`gelerin shıg`aradı.**

**Axeminidler ka`ramatlı xramlar qalası-Ierusalimdi qayta tikleydi. Ierusalimde Yaxve xramı qayta salınadı.**

**Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı xalıqları, o`zlerinin` joqarı da`rejede rawajlang`an qon`sıları jetiskenliklerin do`retiwshilik penen o`zlestirip, o`zlerinin` a`yyemgi du`n`yag`a anag`urlım ta`sir jasag`an o`zgeshe ma`deniyatın do`retedi. Bul b.e.sh. V-IV mın` jıllıqlardag`ı keramikalıq buyımlar o`ndirisinde ayqın ko`rinedi. Olar Mesopotamiya buyımlarına ju`da` uqsas kelgen. Saray kompleksleri ha`m xramlar salınadı, biraq olar Mısr ha`m Shumer komplekslerinen sa`l qalısadı (Ugart qalası ha`m Ebledegi saraylar, xram qurılısları). Fortifikatsiya rawajlanıwına u`lken dıqqat awdarıladı. Qorg`an diywalları ko`plegen to`rt mu`yeshlikler, minarlar menen bekkemlenedi, diywal gertpekler, oq atıwshılarg`a qolaylastırıladı.**

**Tastan patsha ha`m qudaylardın` statuyaları tayarlanadı. Pil su`yeklerinen oyıp islengen Ugart patshalarının` a`jayıp skul`turalıq portretleri de bolg`an. Ugartte tabılg`an an` ko`rinisleri su`wretlengen altın kese jergilikli ustalardın` tan` qalarlıq do`retpesi bolıp tabıladı.**

**Ilim tarawında finikiyler mısrlılardı o`zlerine ustaz tutqan. Geografiyalıq jan`alıq ashıw tariyxında gibraltar arqalı Atlantika okeanına shıg`ıp, Afrika jag`aların boylap o`tken Finikiya ten`iz ju`ziwshilerinin` jetiskenlikleri ju`da` ullı. Birinshi matematik, fizik, astronom ha`m filosof Fales finikiyli bolg`an. Sidonlı Iok atomlar haqqında ilimge tiykar salg`an. Alfavit du`ziwde Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı xalıqlarına ayrıqsha rol` tiyisli. Grek ha`m latın uqsag`an ha`zirgi alfavitlerdin` barlıg`ı finikiy alfavitinen sag`a alg`an. B.e.sh. II mın` jıllıqta Biblde a`piwayı buwın jazıwı du`ziledi, ol 100 ge jaqın belgilerge iye edi.**

**B.e.sh. XV-XII a`sirleri Ugartte o`zgeshe koinopis` sisteması - 30 belgilerden ibarat alfavit sisteması paydalang`an. Aqırında, jetik finikiy alfaviti payda boladı. Shıg`ıs Jer Orta ten`iz boyı xalıqlarının` diniy isenimleri erte diyxanshılıq qa`wimlerinin` hasıldarlıq agrar sıyınıwlarınan sag`a aladı. Ha`r qalada o`zgenin` jergilikli qudayına sıyıng`an. A`dettegishe, olardı Baal, yamasa Mel`kar dep atag`an. Jiyi, bul qudaylar ku`n qudaylar bolıp esaplang`an.**

**Izrail`shılar ha`m iudeylerdin` ulıwma qa`wimlik bas qudayı - Yagva bolg`an, ol gu`ldirmama ha`m jıldırımnın` iyesi bolıp, jerge iygilikli jawın jawdırg`an.**

**Totemizm qaldıqları saqlanıp kelgen.**

***ESTE SAQLAW KEREK***

**«Bibliya» grek so`zi «Kitaplar» degen ma`nisti an`latadı. Bul diniy u`rp-a`detler jıynag`ı bolıp tabıladı. Yudeyler Bibliyası xristian Bibliyasının` birinshi bo`limi «Eski na`siyhat» («vetxiy zavet») sa`ykes keledi. Bibliyanın` ekinshi bo`limi - Jan`a na`siyhat - Iusus Xristostın` (Iysa payg`ambar) o`miri ha`m sha`kirtlerinin` (apostollar) ha`reketi haqqında bayanlaytug`ın xristian kitaplarınan ibarat. Eski na`siyhat bizin` eramızdın` basına birotala qa`liplesedi. Ol u`sh bo`limnen Nızam yamasa taliymat (tara), Payg`ambarlar ha`m wa`siyatlardan ibarat. Ha`r bir bo`lim ha`r qıylı mazmundag`ı ha`r qıylı waqıtlarda du`zilgen tekstlerden ibarat.**



## *III. SEMINAR   SABAQLAR*

## *Tema:* Alg`ashqı (topar) pada

***Jobası:***

**1. Adamlardın` payda bolıwı.**

**2. Ta`biyiy sharayatlar. Miynet quralları, azıq-awqat tabıwdın` usılları.**

**3. Erte paleolit da`wirindegi adamlar arasında ja`miyetlik qarım qatnaslar.**

## *Tema:* Ruwlıq du`zim ha`m alg`ashqı ma`deniyat

***Jobası:***

1. Son`g`ı paleolit da`wiri adamlarının` turaq jayları, miynet quralları, ta`biyiy sharayatı.
2. Ruwdın` payda bolıwı. Matriaxatlıq du`zim.
3. Eneolit, bronza a`siri. Miynettin` bo`listiriliwi. Patriaxat da`wirinin` baslanıwı.
4. Ta`biyiy bilim ha`m Iskusstvo.
5. Alg`ashqı din ha`m ilimiy ko`z-qaraslar.

## *Tema:* Ruwlıq du`zimnin` ıdırawı ha`m ma`mlekettin` payda bolıwı

***Jobası*:**

1. Temir da`wirinin` baslanıwı. Ekinshi miynettin` bo`listiriliwi.
2. Patriaxatlıq du`zimnin` ıdırawı.
3. Baylıqtın` payda bolıwı.
4. A`skeriy demokratiya.
5. Klasslardın` qa`liplesiwi ha`m ma`mlekettin` payda bolıwı.

## *Tema:* Mesopotamiya, derekler ha`m tariyxnama

***Jobası*:**

1. Materiallıq derekler.
2. Jazba derekler ha`m ma`deniyat estelikleri.
3. Antik da`wir tariyxnamasının` rawajlanıwı.
4. Mu`lik ten`sizligi. Qulshılıqtın` payda bolıwı.

## *Tema:* Shumer ha`m Akkad ma`mleketleri

***Jobası:***

1. Ta`biyiy sharayatı ha`m xalqı.
2. Ja`miyetlik du`zimi.
3. Qurılıstın` payda bolıwı ha`m ma`mlekettin` qa`liplesiwi.
4. Qala-ma`mleketlerdin` o`z-ara urısı. Sotsiallıq gu`res.
5. Arqa ha`m Qubla Mesopotamiyanı birlestiriw. Akkad ha`m Shumer.

## *Tema:* A`yyemgi Vavilon

***Jobası*:**

1. Mesopotamiyada qalalardın` o`z-ara gu`resi ha`m Vavilonnın` ko`teriliwi.
2. Erte Vavilon patshalarının` bilimlendiriw sisteması.
3. Xammurapi nızamlarının` toplamı.
4. Kassitlerdin` basıp kiriwi.

## *Tema:* Shumer ha`m Vavilon ma`deniyatı

***Jobası*:**

1. Mesopotamiya ma`deniyatının` rawajlanıwı. Ko`rkem o`ner. Arxitektura.
2. Jazıwdın` ha`m dinnin` payda bolıwı. Qudaylarg`a sıyınıw.
3. A`debiyat, ilimiy bilimler toplamı ha`m iskusstvo.

## *Tema:* A`yyemgi Mısr. Derekler ha`m tariyxnaması

*Jobası:*

1. Mısr jazıwının` payda bolıwı.
2. Arxeologiyalıq esteliklerdin` payda bolıwı. Piramidalar. Xramlar.
3. Tariyxıy bilimlerdin` jetilisiwi. Antik avtorlar.

## *Tema:* Arxaik Mısr Orta patshalıq da`wirinde

*Jobası*:

1. Geografiyalıq ornalasıwı.
2. Ruwlıq du`ziminin` ıdırawı. Da`slepki ma`mleketler.
3. Birlesken ma`mleketlerdin` du`ziliwi. Piramidalar.
4. A`yyemgi patshalıqtın` qulawı.

## *Tema:* Mısr

*Jobası*:

1. O`tiw da`wiri. Jan`a Mısrtin` birlesiwi. Sawda, sanaat.
2. XII-dinastiya. Ka`mbag`allardın` ha`m qullardın` ko`terilisi.
3. Jiksonlardın` basıp kiriwi. Mısrdın` basıp alınıwı.

## *Tema:* Jan`a patshalıq

*Jobası*:

1. Jan`a patshalıq bilimlendiriw sisteması.
2. Sırtqı siyasat. Exnaton reforması.
3. XIX-XX dinastiyalar.
4. Efioplardın` basıp kiriwi.
5. Kislardın` ko`teriliwi.

## *Tema:* A`yyemgi Mısr ma`deniyatı

*Jobası*:

1. A`yyemgi Mısr jazıwı, mektepleri, a`debiyatı ha`m ko`rkem o`neri.
2. Mısrda ilimiy bilimler, ta`biyat bilimleri, tariyxıy geografiyalıq bilimler.
3. Din ha`m ta`biyatqa sıyınıw.

## *Tema:* Xett ma`mleketi

*Jobası*:

1. **Derekler ha`m tariyxnaması.**
2. **Kishi Aziya ta`biyatı. Xalqı.**
3. **Xett patshalıg`ının` bilimlendiriw sisteması.**
4. **A`yyemgi, orta ha`m jan`a patshalıq.**
5. **Xett ma`mleketlerinin` gu`llep rawajlanıwı ha`m ha`lsirewi.**

   **Xett ma`deniyatı.**

## *Tema:* Shıg`ıs Jer Orta ten`izi

***Jobası*:**

1. **Ta`biyiy sharayatı, xalqı ha`m qala ma`mleketi.**
2. **Finikiyanın` sawda-satlıq ha`m kolonizatsiyası.**
3. **Dini ha`m ma`deniyatı.**
4. **Palestina. Ruwlıq du`ziminin` qulawı. Da`slepki ma`mleketlerdin` payda bolıwı.**
5. **A`debiyat ha`m iskusstvo.**
6. **Hayallar patshalıg`ı.**

## *Tema:* Assiriya ha`m Urartu

***Jobası*:**

1. **Ta`biyiy sharayatı ha`m xalqı.**
2. **A`yyemgi, orta ha`m jan`a Assiriyalıq da`wir.**
3. **Urartu. Siriya, Midiya atlanısı.**
4. **Assiriya bizin` eramızg`a shekem VIII-VII a`sirler.**
5. **Assiriyanın` ma`deniyatı. Skul`ptura.**

## *Tema:* Jan`a Vavilon patshalıg`ı

***Jobası*:**

1. **Vavilon xaldeylerinin` ko`teriliwi. Ekonomikası.**
2. **Ma`mleketlik du`zimi, sırtqı siyasatı.**
3. **Vavilonnın` qulawı.**

## *Tema: A`yyemgi Iran ha`m Orta Aziya*

***Jobası*:**

1. **Ta`biyiy sharayatı, xalqı ha`m derekler.**
2. **Elam.**
3. **Midiya.**
4. **Axemeniyler dinastiyasının` bilimlendiriw sisteması.**
5. **Dora (522-486j) siyasatı ha`m onın` reformaları.**
6. **Axemeniyler dinastiyasının` ma`deniyatı.**

## *Tema:* A`yyemgi Hindstan

*Jobası:*

**1. Hindstannın` geografiyalıq jaylasıwı. Xalqı.**

**2. Derekleri ha`m tariyxnaması.**

**3. A`yyemgi Hindstan. Ekonomikası. Ma`deniyatı. Tariyxı.**

**4. Mani nızamları. Makedonskiydin` Hindstandı basıp alıwı.**

## HINDSTAN A`YYEMGI ZAMANDA.

*Jobası*:

**1. En` a`yyemgi hind tsivilizatsiyası.**

**2. «Vedi da`wiri» Arqa Hindstanda erte ma`mleketlerdin` qa`liplesiwi.**

**3. B.e.sh. I-mın` jıllıqtın` ekinshi yarımında ulıwma hind ma`mleketinin` payda bolıwı ha`m qulawı.**

**4. Hindstanda qatlamg`a bo`liniwdin` ku`shliligi.**

## A`YYEMGI HINDSTAN MA`DENIYaTI

*Jobası*:

**1. Xindstan ma`deniyatının` tariyxtag`ı ornı.**

**2. Xalıqtın` sotsial-ekonomikalıq jag`dayları.**

**3. Jazba derekler. A`debiyat. Iskusstvo. Arxitektura.**

**4. Diniy isenimler. Buddizm, induizm.**

## *Tema:* Bizin` eramızg`a shekemgi XV-VI a`sirlerdegi Hindstan

*Jobası:*

**1. Ariyler ha`m olardın` Hindstang`a kirip keliwi.**

**2. Hindstanda qatlamg`a bo`liwshiliktin` ku`sheyiwi.**

**3. Arqa Hindstandag`ı da`slepki ma`mleketler.**

## A`YYEMGI QITAY

*Jobası:*

**1. Ta`biyiy sharayatı ha`m xalqı.**

**2. Derekler ha`m istoriografiyası.**

**3. A`yyemgi Qıtay Shan (in) ma`mleketi.**

**4. Chjou patshalıg`ı. Chjou da`wiri.**

**5. A`yyemgi Qıtay ma`deniyatı.**

## XAN` IMPERIYaSI b.e.sh. III A`SIR
***B.e.sh. I A`SIRLERDE.***

*Jobası:*

1. Xan imperiyasının` du`ziliw tariyxı.
2. Ekonomikalıq o`siwi.
3. Sawda-satlıq ma`seleleri. Diplomatiyalıq baylanıslar.
4. A`yyemgi Qıtay ma`deniyatı. A`yyemgi jazıwlar.

## IV. A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninen test sorawları

***1. B.e.sh V-a`sirdin` 20-jıllarında basqarıw ha`m aqsha reformasın a`melge asırg`an Axemeniyler patshası?***

**A) Kir;**

**V) Kcerks;**

**S) Kambiz;**

**D) Dariy I;**

***2.Elam patshalıg`ında piktografiya jazıwı qashan payda bolg`an?***

**A) b.e.sh. 3000;**

**V) b.e.sh. 2500;**

**S) b.e.sh. 2000;**

**D) b.e.sh. 4000;**

***3. XVIII-a`sirde Siriyada amorey qa`wimleri ta`repinen du`zilgen ma`mleket?***

**A) Ugarit;**

**V) Bibl;**

**S) Yaxmad;**

**D) Tir;**

***4. B.e.sh 449 jılda Suzada, persiya ha`m grekler arasındag`ı du`zilgen sha`rtnama?***

**A) Kaliy;**

**V) Suppiluliumas;**

**S) Nabonit;**

**D) Amoran;**

***5. A`yyemgi Xett patshalıg`ına tiykar salg`an kim?***

**A) Xattusli;**

**V) Annita;**

**S) Pitxan;**

**D) Laborna;**

***6. Mısrda Says dinastiyasın ornatqan Faraon?***

**A) Pasametix;**

**V) Taxarka;**

**S) Xufu;**

**D) Petubastis;**

***7. 28 sentyabr` 480 jılı Salamin bug`azında grekler menen bolg`an sawashta qatnasqan persiyalılardın` korabllerinin` sanı?***

**A) 350;**

**V) 700;**

**S) 550;**

**D) 650;**

***8. O`zinin` «Zatlar du`n`yası haqqında» shıg`armasında adamzat tariyxın da`wirlerge bo`lgen a`yyemgi Rim filosofı-shayırı kim?***

**A) Fergyuson;**

**V) Morgan;**

**S) Nil`sen;**

**D) Lukretsiy Kar;**

***9. Jan`a Bobil patshalıg`ının` tiykarın salg`an kim?***

**A) Xammurapi;**

**V) Dariy;**

**S) Nobopalasar;**

**D) Sargon;**

***10. A`yyemgi Vavilon patshalıg`ı qashan quladı?***

**A) b.e.sh. 1595 j;**

**V) b.e.sh 1560 j;**

**S) b.e.sh. 1495 j;**

**D) b.e.sh. 1460 j;**

***11. Tariyxıy da`wirlerdin` arxeologiyalıq izbe-iz bo`liniw ta`rtibi?***

**A) Paleolit, neolit, mezolit, eneolit, kola, temir;**

**V) Paleolit, mezolit, neolit, eneolit, kola, temir;**

**S) Paleolit, kola, mezolit, neolit, temir;**

**D) Paleolit, eneolit, neolit, mezolit, kola, temir;**

*12. A`yyemgi Mısrda mın` sanın an`latıwshı gu`ldin` atı?*

**A) Lotos;**

**V) Nelufar;**

**S) Astra;**

**D) Xrizantema;**

*13. Qubla Turkiya aymag`ında jaylasqan en` a`yyemgi diyxanshılıq ma`kan jayı?*

**A) Djeytun;**

**V) Sapalı tepa;**

**S) Chatal Guyuk;**

**D) Annov;**

*14. Adamlardın` en` da`slepki payda bolg`an jeri?*

**A) Amerika;**

**V) Aziya;**

**S) Afrika;**

**D) Evropa;**

*15. A`yyemgi obshinalıq ja`miyette jansız zatlarg`a sıyıng`anlardın` diniy iseniminin` atı?*

**A) Zaroostrizm;**

**V) Buddizm;**

**S) Totemizm;**

**D) Feteshizm;**

*16. B.e.sh. 518 jılı Nilden Suetske shekem 84 km uzaqlıqtag`I kanal qaysı patsha buyrıg`ı menen qazılg`an?*

**A) Dariy-I;**

**V) Xammurapi;**

**S) Makedonskiy;**

**D) Nexo;**

*17. Sardur-I waqtında Urartudın paytaxtı bolg`an qaysı qala?*

**A) Tushpa;**

**V) Erebu;**

**S) Teyshebano;**

**D) Persepol`;**

***18. B.e.sh. 625 jılı skiflerge qattı soqqı bergen ha`m Midiyanı birlestirgen Midiya patshası kim bolg`an?***

**A) Kiaksar;**

**V) Giges;**

**S) Sargond Naram;**

**D) Zannatum;**

***19. Diniy reformalardı ju`rgizgen ha`m qatnas qag`azların urartu tilinde ju`rgiziwdi engizgen Urartu patshası kim?***

**A) Sarduri;**

**V) Sarduri-I;**

**S) Ishpuni;**

**D) Argishti;**

***20. Mısr xramları ha`m piramidalarındag`ı jazıwlardı birinshi ma`rtebe 1932-jılı oqıg`an alım kim?***

**A) Shanpolon;**

**V) Goxsim;**

**S) Berazteda;**

**D) Struve;**

***21. Kim Urartuda Menua kanalın qurdırdı?***

**A) Sarduri;**

**V) Ishpuni;**

**S) Rusa-II;**

**D) Argishti;**

***22. A`yyemgi Mısrda I-dinastiyasının` tiykarın salg`an faraon kim?***

**A) Menes;**

**V) Djosern`**

**S) Amenemxet;**

**D) Tutmos;**

***23. Shumer Akkadnı birlestirgen patsha kim?***

**A) Ardis;**

**V) Naram;**

**S) Sargon;**

**D) Maoxam;**

***24. Oraylasqan Urartu ma`mleketinin` birinshi patshası kim?***

**A) Ishpuni;**

**V) Sardur;**

**S) Aramu;**

**D) Argishti;**

***25. Xammurapi nızamları jazılg`an stellanı Suzag`a alıp kelgen Elam patshası kim?***

**A) Shutrun;**

**V) Ashshur;**

**S) Salmanasar-I;**

**D) Argishti;**

***26. O`zin Persiya patshası Kambizdin` inisi Bardiyaman dep atag`an jretstin` atı?***

**A) Amok;**

**V) Edoma;**

**S) Gautama;**

**D) Moalda;**

***27. Pu`tkil Elamdı b.e.sh. XXII -asirde birlestirgen Elam patshasının` atı kim?***

**A) Ashshurbanipal;**

**V) Kutin Ishshumnik;**

**S) Krez;**

**D) Argishti;**

***28. Makedonskiy menen so`ylesiwler alıp barg`an Xorezm ma`mleketinin` patshasının` atı?***

**A) Farasman;**

**V) Kadfiz;**

**S) Tekesh;**

**D) Atsız;**

***29. Mısrda birinshi qurılg`an piramida?***

**A) Xufu;**

**V) Djoser;**

**S) Xafra;**

**D) Xeops;**

## V. KURS JUMISLARININ` TEMATIKASI

**1. A`yyemgi Mesopotamiya.**

**2. Shumer ha`m Akkad ma`mleketleri.**

**3. Xammurapi nızamları boyınsha A`yyemgi Vavilon.**

**4. Shumer ha`m Vavilon ma`deniyatı.**

**5. A`yyemgi Mısr. Derekler ha`m tariyxnaması.**

**6. A`yyemgi Mısr patshalıqları (En` a`yyemgi, Orta, Jan`a)**

**7. A`yyemgi Mısr ma`deniyatı.**

**8. Xett ma`mleketi.**

**9. Shıg`ıs Jer Orta ten`izi ma`mleketleri.**

**10. A`yyemgi Assiriya ma`mleketi.**

**11 . A`yyemgi Urartu ma`mleketi.**

**12. Jan`a Vavilon patshalıg`ı.**

**13. A`yyemgi Iran ma`mleketi.**

**14. Orta Aziyada da`slepki qulshılıq ma`mleketlerinin` payda bolıwı.**

**15. A`yyemgi Hindstan tsivilizatsiyası.**

**16. Bizin` eramızg`a shekemgi XV-VI a`sirlerdegi Hindstan.**

**17. A`yyemgi Qıtay qulshılıq da`wiri.**

**18. Qıtayda «Qızıl qaslılar» ha`m «Sarı oramallılar» ko`terilisleri ha`m onın` a`hmiyeti.**

## VI. Tariyx qa`nigeligi 1-kursları ushın A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninen talabalardın` o`z betinshe tayarlanıwı ushın sorawlar toplamı

-

Alg`ashqı ja`miyetlik du`zimi tariyxı

**T.t. Alg`ashqı ja`miyet tariyxının` derektanıwı ha`m tariyxnaması. En` da`slepki adamlar toparı. Urıwlıq du`zim, matriarxat**

***- Qa`dimgi Mesopotamiya***

**T.t. Ta`biyiy sharayatı, qa`dimgi qa`wimlerdin` kelip shıg`ıwı. Shumer, Akkad qala ma`mleketleri. Dini. Ma`deniyatı**

***- Qa`dimgi Hindstan.***

**T.t. B.e.sh. III -II mın` jıllıqta Hindstan derekleri, sharayatı, xalqı, Maxenjo-Daro, Xarappa ma`deniyatı. Maur`ya, Ashoka ma`mleketi**

*- Alg`ashqı du`zimnin` rawajlanıwı*

**T.t. Insannın` kelip shıg`ıwı. Zinjantrop, Avstralipitek, pitekantrop adamları. Miynet quralları**

*- Qa`dimgi Mısr tariyxı*

**T.t. Mısrda ma`mleketshiliktin` payda bolıwı. Mısr ma`deniyatı, dini Jazıwdın` payda bolıwı.**

*- Qa`dimgi Qıtay ma`mleketi.*

**T.t. Ta`biyiy sharayatı, xalqı, derekler. Shan mamleketi, xan dinastiyası**

*- Antropogenez protsesinin juwmaqlanıwı*

**T.t. Zamanago`y adamnın` payda bolıwı, rasalar, ottan paydalanıw, tildin` payda bolıwı. Kramon`on adamı.**

*- Qa`dimgi Vavilon ma`mleketi*

**T.t. Vavilon ma`mleketinin` payda bolıwı. Xammurapi basqarg`an da`wir. Vavilon madeniyatı, dini, jazıwları. Kalendardın` payda bolıwı**

*- Qa`dimgi Assiriya ma`mleketi*

**T.t. Qa`dimgi Assiriya ma`mleketinin payda bolıwı ha`m onın` ku`sheygen da`wiri. B.e.sh. VIII-VII a`sirler. Qon`sı ma`mleketler menen baylanıslar.**

*- Alg`ashqı du`zimnin ıdıraw da`wiri*

**T.t. Islep shıg`arıw ku`shlerinin` rawajlanıw da`wiri. Metalldan paydalanıw, diyxanshılıq ha`m sharwashılıqtın` payda bolıwı**

*- Qa`dimgi Xett ma`mleketi*

**T.t. Qa`dimgi Xett ma`mleketinin` payda bolıwı ha`m onın` rawajlanıwı. B.e.sh. XIV-XIII a`sirler. B.e.sh. II mın` jıllıqta qala ma`deniyatı. Mısr menen baylanısları. Ma`deniyatı.**

*- Alg`ashqı ja`ma`a`t ha`m tsivilizatsiya*

**T.t. Klasslıq ja`miyettin` ju`zege kele baslawı. Etnikalıq ha`m xojalıq baylanıslar. Alg`ashqı mu`na`sibet ha`m su`wretlew.**

*- Qa`dimgi Urartu ma`mleketi*

**T.t. b.e.sh. XI-X a`sirlerde Van ko`li boyında Urartu ma`mleketinin` du`ziliwi. Urartu ma`mleketinin` rawajlang`an da`wiri, sharayatı, xalqı, ma`mleketinin` ma`deniyatı, dini.**

*- Qa`dimgi Elam ma`mleketi*

**T.t. b.e.sh. IV-III mın` jıllıkta Persiya qoltıg`ında ma`mleketshilik belgilerinin` payda bolıwı. Elam ma`mleketi sharayatı, xalqı.**

*- Qa`dimgi Siriya, Finikiya ma`mleketleri*

**T.t. Shıg`ıs Jer Orta ten`iz aymag`ı. Finikiya ham Siriyanın` rawajlanıw da`wiri, xalqı, jasaw sha`rayatı. Ma`deniyatı.**

*- Qa`dimgi  Izrail` ma`mleketi*

**T.t. Dawıt, Sulayman basqarg`an da`wirleri. B.e.sh. X-IX a`sirler ma`deniyatı.**

*- Qa`dimgi da`wirde Kishi Aziya*

**T.t. B.e.sh. II mın` jıllıqlarda qala, ma`mleketleri. Troya, Lidiya, Frigiya ma`mleketleri. Urartudın` rawajlanıwı ha`m qulawı.**

*- Ashel` da`wirinin` ja`ha`n tariyxında tutqan ornı*

**T.t. Antropogenez protsesinin` dawam etiwi. Pitekantrop, sinantrop, neandertal`, miynet kurallarının` jetilisiwi.**

*- Da`slepki patshalıq da`wirde Mısr*

**T.t. B.e.sh. III mın` jıllıqta birlesken Mısr ma`mleketinin` payda bolıwı. Mina basqarg`an da`wiri. Xalqı, xojalıg`ı.**

*- Qa`dimgi Iran ha`m Midiya ma`mleketleri*

**T.t. Elam ma`mleketinin` du`ziliwi. Axemeniyler ma`mleketi. B.e.sh. X-IX a`sirler.**

*- Parfiya ma`mleketi*

**T.t. Parfiya ma`mleketinin` du`ziliwi. Arshakiyler Nisa Mitridat I da`wiri**

*- Shumer-Akkad ma`mleketi*

**T.t. Eki da`r`ya aralıg`ında da`slepki qala, mamleketleri. B.e.sh IV-III mın` jıllıqlar. Qala ma`deniyatının` rawajlanıwı. Shumer ma`deniyatı. Jazıwdın` payda bolıwı, diniy da`stu`rler.**

*- Salavkiyler ma`mleketi*

**T.t. Salavkiyler ma`mleketinin` du`ziliwi. Salavk (Selevk) I nixator da`wiri. Parfiyanın` g`a`rezsizlikke shıg`ıwı. Ma`mlekette o`z-ara urıslar. Grek-Baktriya**

*- Alg`ashqı du`zim da`wirinde din*

**T.t. Ruwx ha`m ta`biyat ko`rinisine isenim payda bolıwı. Anamizm, fetishizm, totemizm, magiya, Shamanizm.**

*- Qa`wimlik-urıwlıq du`zim da`wiri*

**T.t. Urıwshılıq du`zimnin` payda bolıwı. Matriarxat. Patriarxat urıw bolıp an` awlaw. Jıynap qurastırıwshılıq.**

*- Orta patshalıq da`wirinde Mısr*

**T.t. Mısrda orta patshalıq du`zimnin` ornawı. Ma`mlekettin` rawajlanıwı. Awıl xojalıg`ı. Ma`deniyatı.**

*- Kushan imperiyası*

**T.t. Kushan ma`mleketinin` du`ziliwi. Kannika basqarg`an da`wir.**

**Ma`mlekettin` imperiyag`a aylanıwı. Ma`deniyatı. Dini. Xalıqtın` jasaw turmısı**

*- Adamzattın` antropologiyalıq basqıshları*

**T.t. A`yyemgi adamlardın` jasaw turmısı. Arxantrop, paleantrop, neoantroplar da`wiri.**

***- Axemeniyler ma`mleketi***

**T.t. Axemeniyler ma`mleketinin` payda bolıwı. Kir II basqarg`an da`wir.**

***- Mısr Midiyanın` basıp alınıwı***

**T.t. Dara I Persiya grek urısları**

***- Qa`dimgi Palestina ma`mleketi***

**T.t. Palestina ma`mleketinin` du`ziliwi. Mısr ha`m xettler ortasında gu`res.**

***- Adamzat tariyxında ma`deniyattın` payda bolıwı***

**T.t. Ruwxıy ha`m materiallıq ma`deniyat. Dinlerdin` payda bolıwı. Jazıwdın` qa`liplesiwi ieroglif ha`m piktografiya.**

***- Qa`dimgi Mitaniy ma`mleketi***

**T.t. Mitaniy ma`mleketinin` du`ziliwi, sharayatı, xalqı. Awıl xojalıg`ı, ta`biyiy geografiyalıq jaylasıw ornı. Ma`deniyatı**

***- A`yyemgi Midiya ma`mleketi***

**T.t. Midiya ma`mleketinin` qa`liplesiwi. Klaksar I basqarg`an da`wir. Midiya ma`mleketinin` rawajlanıwı. Zardushtiylik dini. Astiag basqarg`an da`wir**

***- Ullı jipek jolı***

**T.t. Ullı jipek jolının` payda bolıwı ha`m onın` du`n`ya tariyxında tutqan ornı. Ullı jipek jolı xalıq aralıq sotsial-ekonomikalıq, siyasiy, ma`deniy qatnasıqlar jolı**

***- Sasaniyler ma`mleketi***

**T.t. Parfiya ma`mleketinin` qulawı. Shapur I patshalıq da`wiri ma`mleket aymag`ının` o`siwi sasaniyler pul reforması. Basqarıw du`zimi.**

***- Du`n`yalıq dinlerdin` payda bolıwı***

**T.t. Budda ha`m xristian dinlerinin` ju`zege keliwi. Olardın` du`n`ya juzine taralıwı. Budda ibadatxanalar ha`m xristian shirkewlerinin` qurılıwı**

***- Paleolit da`wirinde alg`ashqı du`zim***

**T.t. Alg`ashqı obshinalıq du`zimnin` payda bolıwı. Isbilermen adamnın` ju`zege keliwi. «Sanalı adam»nın` qa`liplesiwi**

***- Eneolit da`wiri adamları***

**T.t. Metalldan paydalanıwg`a o`tiw diyxanshılıqtın` rawajlanıwı, o`nermentshilik ka`sibinin` payda bolıwı. Ekinshi miynettin` bo`listiriliwi**

***- Adamzattın` bronza da`wiri tariyxı***

**T.t. Eki da`r`ya aralıg`ında Mısrda diyxanshılıqtın` rawajlanıw da`slepki ma`mleketlerdin` payda bolıwı. Diyxanshılıq ha`m o`nermentshiliktin` ken` ku`shli jayıp barıwı**

***- Qa`dimgi Iran ma`deniyatı***

**T.t. Persiya qoltıg`ında qa`dimgi qala ma`deniyatının` rawajlanıwı**

***- Qa`dimgi Elam jazıwı. Bexustun jazıwları. Persopol shax sarayı***

**T.t. Antik da`wir ma`mleketleri. Parfiya, kushan, sasaniyler ma`mleketi.**

***- Qa`dimgi du`n`ya tariyxın u`yreniw ma`seleleri***

**T.t. Qa`dimgi du`n`ya tariyxın u`yreniw usılları ha`m mashqalaları.**

**Derekler, jazba ha`m materiallıq derekler**

***- Must`e da`wiri adamzat tariyxı***

**T.t. Must`e da`wiri adamları. Neandertal`, topar bolıp jasaw, birlesip an` awlaw.**

***- Adamzat tariyxının` Olduvey da`wiri***

**T.t. Shıg`ıs Afrikada zinjantrop adamının` tabılıwı. Antropogenez protsesi. Arxantroplar.**

***- Mezolit da`wiri***

**T.t. Oqjaydın` payda bolıwı. B.e.sh 12-7 mın` jıllıq haywanlardın` qolg`a u`yretiliwi. Muzlıqlardın` sheginiwi**

***- Neolit da`wiri***

**T.t. Gulalshılıqtın` payda bolıwı. Qayıqshılıq, neolit termininin` ilimge kirgiziw.**

***- Qa`dimgi da`wirde Aldın`g`ı Aziya***

**T.t. B.e.sh. II mın` jıllıqlarda qala ma`mleketleri. Temirden paydalanıwı. Aldın`g`ı Aziya ma`mleketshiligi.**



*«Sakkara» piramidası*

## *A` D E B I Ya T L A R:*


1. Karimov I.A. Asarlar t o`plami. T., 2002.
2. Karimov I.A. O`zbekiston milliy istiqlol, mafkura, nutqlar va suhbatlar. T., 1997.
3. Karimov I.A. O`zbekstan buyuk kelajak sari. T., 1998.
4. Karimov I.A. Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir. T., 1997.
5. Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo`q. T., 1998.
6. Karimov I.A. Istiqlol va ma`naviyat. T., 1997.
7. Avdiev V.I. Istoriya drevnego mira. 1980.
8. Abdiev V.I. Qadimgi sharq tarixi. T., 1864.
9. Bartol`d V.V. Istoriya izucheniya vostoka. M., 1977.
10. Belyavskiy V.A. Vavilon legendarnıy i Vavilon istoricheskiy. M., 1971.
11. Bikerman E. Xronologiya drevnego mira. M., 1975.
12. Bikerman E., Trofimova M.K. Rabovladel`cheskie otnosheniya ranney Rimskoy imperii. M., 1971.
13. Osobennosti rabstva v Drevney Indii. Jurnal «Vestnik drevney istorii». M., 1951.
14. Dandamaev M. Iran pri pervıx Axemenidax. M., 1963.
15. Duman L.I. Reformı Van Mina. – «Vestnik drevney istorii». M., 1955.
16. D`yakonov I.M. Istoriya Midii. M.-L., 1956.
17. D`yakonov I.M. Ocherki istorii Drevnego Irana. M., 1961.
18. Zabolotskaya Yu. Istoriya Blijnego Vostoka i drevnosti. M., 1989.
19. Kabirov A., Korovkin F. Du`n`ya tariyxı. N., «Bilim». 1996.
20. Kobalev S.I. Aleksandr Makedonskiy. M., 1936.
21. Kolobova K.M., Ozeretskaya I. Olimpiyskie igrı. M., 1958.
22. Korovkin.F. Qadimgi dunyo tarixi. II tom, 1975.
23. Kramer S.N. Istoriya nachinaetsya v Shumere. M., 1991.
24. Bonchard S., Levin G.M. Levin V.M. Indiya epoxi Maur`ev. M., 1973.
25. Melard D.J. Drevneyshaya tsivilizatsiya Drevnego Vostoka. M., 1980.
26. Nen K. Mifı Drevnego Kitaya. M., 1865.
27. Osipov A.M. Kratkaya istoriya Indii do X-veka. M., 1948.
28. Pershin R. Istoriya pervobıtnogo obshestva. M., 1990.
29. Pozdneva D. Ateistı, materialistı i dialektiki Drevnego Kitaya». M-1967.
30. Reder D., Cherkasova E.A. Qadimgi dunyo tarixi. T., 1975.
31. Struve B.B. Istoriya Drevnego Vostoka. M., 1941.
32. Tari. Ellinnisticheskaya tsivilizatsiya. M., 1949.
33. Tolstov S.P. Po sledam drevnexorezmskoy tsivilizatsii. M-L., 1948.
34. Turaev B.A. Istoriya Drevnego Vostoka. L., 1936.

# M A Z M U N I


| | | |
|---|---|---|
| 1 | KIRISIW ………………………………..……………………………...……….. | 3 |
| 2 | I. A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninin` maqseti, wazıypaları, talabalarg`a qoyılatug`ın talaplar ………………………………………..………………………..…… | |
| 3 | II. Lektsiya sabaqları:<br>A`yyemgi shıg`ıs elleri tariyxı ……………………….…….……………… | |
| 4 | A`yyemgi shıg`ıs elleri. A`yyemgi mısr (ta`biyg`ıy sharayatları, xalqı, dereklik ha`m istoriografiyası ……………………..…………..………………..… | |
| 5 | Mısrda ja`miyet ha`m ma`mlekettin` qa`liplesiwi. A`yyemgi mısr …………………….. | |
| 6 | Mısrdın` birigiwi ha`m ulıwma mısr ma`mleketinin` du`ziliwi. Ullı piramidalar qurılısı da`wirinde mısrdın` gu`lleniwi. Erte patshalıq. (b.e.sh. shama menen 3100j. shama menen 2800j.) A`yyemgi Mısr ……………………………………..…..……… | |
| 7 | Mısr orta patshalıq da`wirinde (b.e.sh. shama menen 2050 j. 1750j.) ………………… | |
| 8 | Ullı mısr ma`mleketi jan`a patshalıq da`wirinde A`yyemgi mısr tsivilizatsiyasının` gu`lleniwi (b.e.sh. shama menen 1580-1085j) ……………………………………… | |
| 9 | B.e.sh. V a`sirde mısr sırt ellikler ha`kimiyatı astında.<br>Says oyanıw da`wiri ………………………………………………….……………. | |
| 10 | A`yyemgi mısr ma`deniyatı ……………………………..…………………… | |
| 11 | A`yyemgi Mesopotamiya (geografiyalıq ortalıq derekler ha`m istoriografiya) ………………………………………………………………………………...…… | |
| 12 | Mesopotamiyanın` a`yyemgi tariyxı boyınsha derekler ………………………………… | |
| 13 | A`yyemgi mesopotamiya istoriografiyası ……………………..………….……. | |
| 14 | En` A`yyemgi Mesopotamiya. Klasslıq ja`miyettin` qa`liplesiwi. A`yyemgi shumerdin` qala-ma`mleketleri ………………………………………………………. | |
| 15 | Mesopotamiyada oraylıq ma`mlekettin` du`ziliwi Akkad ma`mleketi ha`m Urdın` III dinastiyası ………………………………………………………………….………. | |
| 16 | Mesopotamiya b.e.sh. II mın` jıllıqta. Vavilon u`stemligi ………………………………. | |
| 17 | Ullı assiriya a`skeriy ma`mleketi b.e.sh. V a`sirde ……...…………………….……..… | |
| 18 | A`yyemgi mesopotamiya xalıqlarının` ma`deniyatı ……...…………………………... | |
| 19 | Kishi Aziya A`yyemgi zamanda. Kishi Aziya eli ha`m xalqı. Derekler ha`m istoriografiya. Tariyxının` en` a`yyemgi da`wiri ……...………………………………… | |
| 20 | Lidiya ma`mleketi ……………………………..……………………………… | |
| 21 | Shıg`ıs jer orta ten`iz boyı elleri Arabstan, Siriya, Finikiya ha`m Palestina A`yyemgi zamanda ………………………………………………………………………………. | |
| 22 | III. Seminar sabaqlar ……………………………………………..………..…..…… | |
| 23 | IV. A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninen test sorawları …………………..…………... | |
| 24 | V. Kurs jumıslarının` tematikası ………………….………………………………. | |
| 25 | VI. Tariyx qa`nigeligi 1-kursları ushın A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninen talabalardın` o`z betinshe tayarlanıwı ushın sorawlar toplamı ……………………………………………………………………………………….. | |
| 26 | A` d e b i ya t l a r ……………………………………………………………….. | |

*Du`ziwshiler: A.Sarıbaev, G.Seydametova*

*A`yyemgi du`n`ya tariyxı pa`ninen*

*(514600 tariyx qa`nigeligi 1- kurs talabaları ushın)*

*o q ı w   q o l l a n b a*

*I - bo`lim*

**Oqıw qollanba A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı ilimiy-metodikalıq ken`esinin` 19 iyun` 2007 jılg`ı №6 protokolı menen baspadan shıg`arıwg`a usınıs etilgen.**

**Tex. redaktor U.B.Balımova**

**Operator N.Nısanbaev**

**A`jiniyaz atındag`ı NMPI redaktsiya-baspa bo`limi**

A`jiniyaz atındag`ı NMPI kishi baspaxanasında basılg`an**.** 2008j.

Buyırtpa №1 Nusqası **–** 500 dana. Formatı 60x84.

742005, No`kis qalası**,** A. Dosnazarov ko`shesi-104.